

1

Doh is E flat 8.8.8.8 Troyle (2)
 {lm :m .mlm :- . mlm : f ls :- l}

1. Pururudzai vanhu mose,
 Imbai kuna Jehovha;
 Kurumbidzai mumuvonge,
 Uyai norufaro kwa'ri.
2. Toziva kuti Jehovha,
 Ndiye Mwari wechokwadi;
 Tiri boka rehwei dzake,
 Anotipa kudya kwedu.
3. Pindai pamasuo ake,
 Musedere kuna Mambo;
 Rumbidzai zita rake,
 Makafanera kudaro.
4. Ndiye Mwari wakanaka,
 Tsitsi dzake dzakakomba;
 Chokwadi chake chiripo,
 Hachichazopere icho.

2

Doh is A 10.10.11.11 Hanover
 { :s, Id :d :r Im :- :s Id :r :t, Id :- ll }

1. Kudzai Mambo, ano utsvene,
 Ari kudenga, ana masimba;
 Ndiye nhowo yedu nekarekare
 Anorumbidzwa pachigaro chake.
2. Imbai masimba, nengoni dzake,
 Wakafukidzwa nezvinopenya;
 Hasha dzake dzose dzinotinhira,
 Anofamba-famba pachamupupuri
3. Ana masimba, wakaisika
 Nyika nezvose zviru mairi;
 Wakaitsigira nomurairo,
 Wakaikombera negungwa yose.
4. Kufudza kwenyu kusingarehwe,
 Kuri pamhepo napakupenya,
 Kuri pamakomo nepamakan'a,
 Kuri pane mvura napane dova.
5. Isu venyika hatine simba.
 Tinotarira chete kwamuri;
 Tsitsi dzenyu dzose dzisingapere,
 Musiki nehama nomununuri.
6. Muna masimba norudo rwose,
 Ngirozi dzinokutunhidzai;
 Nesu venyika tokutunhidzai,
 Tokurumbidzai kusingapere.

3 (Nd. 18)

Doh is G 8.8.8.8 Mwari wedu
 {s, :i, :s, ld :- :m lm :r :d lr :- :- l}

1. Mwari muri zuva redu,
Munopenya pazuru;
Munovhenekera mweya,
Munotiratidza nzira.
2. Mwari muri nhowo yedu,
Hatidzitye mhandu dzedu;
Dzose dzinokundwa nemi,
Tigofamba nokufara.
3. Munotipa ngoni dzenyu,
Munotipawo utsvene;
Munopa vanonamata
Izvo zvinokomborera.
4. Rukomborero rukuru!
Rukomborero rwedenga!
Kunavanovimba nemi,
Vanoziva rudo rwenyu.

4

Doh is E flat 11.10.11.10 O Perfect Love
 {ld :-lm :s ls :- ls :s ld' :t lt :- ll :-ll}

1. Kudza Jehovha, Mwari ane simba,
 Anofarisa mwoyo yavanhu;
 Anosimbisa vakati rukutu,
 Anovaponisa vakatadza.
2. Kudza Jehovha, Ishe ane ngoni,
 Wakatiitira tsitsi dzake,
 Wakaregerera kuipa kwedu,
 Wakatitumidza vana vake.
3. Kudza Jehovha wakatifadzisa,
 Zvose zvipo zvake zvakanaka;
 Tinozorora pamaoko ake,
 Tino rufaro norunyararo.
4. Kudza Jehovha, Mwari Ishe wedu
 Wakatipa Kristu mwana wake
 Kudza Jesu, wakatifira isu,
 NaMweya Mutsvene, ngaakudzwe.

7

(Nd. 15)

Doh is F

8.8.8.8

Rimington

{Im :- lr :d ls :m lr :- lr :- ld :-!}

1. Jehovha ana masimba,
Zvose zvakasikwa naye;
Ndiye Ishe wavo vose
Ivo variko kudenga.
2. Jehovha ano ruzivo,
Anoziva zvose zvinhu;
Isu vanhu hatizive,
Hapana chatinogona.
3. Jehovha wakarurama,
Naiyo mirau yake;
Nyamba isu takatadza,
Tine mhosva mberi kwake.
4. Jehovha ari mutsvene,
Takaipa mberi kwake;
Ngatikumbire kwaari
Rwose ruregero rwake.
5. Jehovha anadzo ngoni,
Wotibata nadzo tose:
Wakauya Mwana wake
Kuponisa vanhu vose.

Doh is F **8** (Nd. 16)
8.6.8.6 Arlington
{d lm .,m:m :r ld .,ld :d ll}

1. Makasika zvose zvinhu,
Imi Mwari moga;
Pasina wakuyamurai
Kuzviita kwenyu.
2. Aya makomo amire
Akasikwa nemi;
Akamira akasimba
Nokutsigwa nemi.
3. Nayo mvura yatinonwa
Takapiwa nemi;
Nako kudy a kwatinodya
Takapiwa nemi.
4. Makasika vanhu imi
Nokufana nemi:
Mukavapa zvinhu zvose
Zvikavakodzera.
5. Nhasi vose vanotenda
Nezvi zvipo zvenyu;
Tipei mwoyo inokudai
Sokutida kwenyu.

Doh is F **9** (Nd. 14)
 8.8.8.8. Ukunxusa
 {Im .m :r .mlf :m Im :r ld :- l}

1. Mwari hamuna mavambo,
 Mwari hamuna mugumo;
 Muri pane nzvimbo dzose,
 Muripo nenguva dzose.
2. Nokudzi nyenyedzi kose
 Muriko napauzuru;
 Maingovako nakare,
 Dzisati dzavako idzo.
3. Nyange zvikapera zvose,
 Zvikaparadzika zvose;
 Asi imi hamupere
 Mugere kusingapere.

10 (Nd. 241)

Doh is B flat 8.6.8.6 Lucius

{:s, ls, .m, :d :t, lt, .l, :l, l}

1. Mufudzi ndiye Jehovha,
Anondichengeta,
Hapana chandinoshaya
Ndichivimba naye.
2. Pana mafuro manyoro
Ndinoguta kwazvo,
Ndinorara norugare
Ndisingavhundutswe.
3. Anomutsa mweya wangu
Anondiponisa,
Panzira dzokururama
Anondifambisa.
4. Nyangwe ndifambe murima
Handingatye chinhu
Nokuti imi muneni
Munondinyaradza
5. Mandigadzirira kudya
Mberi kwavavengi,
Mandizodza namafuta
Handishaye chinhu
6. Nduramo netsitsi dzenyu
Zvinozova neni,
Ndichagara naJehovha
Nokusingapere.

11

Doh is C 8.7.8.7 Unser Herrscher
 {ld :r lm :d lm :f ls :s ll}

1. Tunhai Ishe, matenga,
 Nengirozi dzedenga;
 Zuva mwedzi pemberai,
 Mutunhei nyenyedzi.
2. Tunhai zvaataura
 Pasi panzwe 'zwi rake:
 Mirau isazotyorwa
 Yokuvatungamira
3. Tunhai Ishe nokuti
 Wakavimbisa kare,
 Akagotipa kukunda
 Rufu nezvivi zvose.
4. NdiMwari woruponiso;
 Matenga paridzai;
 Denga nenyika nazvose
 Kuwai zita rake.

12

Doh is E flat 7.7.7.7.7.7 Charterhouse
 {Im :l ls :m lr :m .f lm :- ll}

1. Ndinoshamiswa kwazvo
 Namabasa makuru
 Akaitiwa nemi,
 Ose anorumbidza;
 Ukuru hwenyu Mwari
 Hunoshamisa kwazvo.

2. Kana ndarangerira
 Mabasa okudenga,
 Kana ndarangerira
 Mabasa apanyika,
 Inobuda misodzi
 Kana ndafunga imi.

3. Mwari vatatumumwe,
 Itai tikudei;
 Nokuti makatida,
 Makazotipa Jesu;
 Matipa Mweya wenyu
 Wokutisimbaradza.

4. Rumbidza iwe denga!
 Rumbidza iwe nyika!
 Rumbidza iwe gungwa!
 Nesu ngatirumbidze!
 Uyu musiki wedu,
 Ano rudo rukuru.

13

Doh is A 8.6.8.6 Richmond
 {Is, :d :m ls :- :f lm :f :r ld :- ll}

1. Mununuri ngaakudzwe
 Nedzi ndimi zhinji,
 Mbiri yaMwari wedenga
 Nemabasa ake.
2. Ishe Mwari mune nyasha,
 Chindibatsirai
 Kuparidza pasi pose
 Zita renyu guru.
3. Jesu! Zita rine simba
 Rinotanda kutya,
 Rinonyaradza vatadzi
 Rinopa upenyu.
4. Nokunzwa kudana kwake
 Vakafa vomutswa,
 Vanochema vanofadzwa,
 Varombo votenda.
5. Anoparadza kuipa,
 Anosunungura;
 Ropa rake rine simba,
 Rakandishambidza.
6. Onai zvitadzo zvenyu
 Zviri pana Jesu;
 Ndiye wava diramhamba
 Rakapirwa vanhu.

14

(Nd. 45)

Doh is F 7.6.7.6.7.6.7.6
 { :m .rld :d lr :r lm:- ld :- ll}

Bologna

1. Hozana wokudenga
 Ndo'imba nezwi rangu,
 Kumwana waDhavhidhi
 Wouya kwandiri;
 Hozana, ndiyamure
 Pakurema kwangu
 Wouya asadanwa
 Muponisi wangu.

2. Ndasunungurwa nemi
 Mutorongo rangu;
 Rakadimurwa nemi
 Iro joti rangu;
 Rakandirasikisa
 Ndasiya upenyu,
 Makandifarisazve
 Pakuchema kwangu.

3. Ndoshonga dzakadini
 Zvomondishanyira?
 Ndigadzirirei imi
 Mwoyo wangu wose;
 Ndoupira kwamuri
 Mununuri wangu
 Ndopfugama kwamuri
 Chokwadi She wangu.

15

(Nd. 53)

Doh is A

6.6.6.6 neKorasi

Millenium

{:s, ld :d ld :t,.l,ls, :- l- ll}

1. Mununuri wedu
Wasvika kwatiri;
Mwoyo yedu yose
Ngaifare nazvo:

Mununuri wazosvika!
Mununuri tinomunzwa!

2. Tose ngatifare
Pane uso hwake;
Tidzokere kwa'ri
Nokudana kwake:
3. Tinodiwa naye
Mununuri wedu:
Naye ngatifare
Nayo mwoyo yedu;
4. Anotizivisa
Nedzo tsitsi dzake
Anokoka tose
Kune denga rake:

16

Doh is G 8.6.8.6 Lyngham
 {ld :-lm :-fls.l:s:flm :f lm :d l r :t,ld:- :-ll}

1. Ngatiimbe nengirozi
 Dziri mberi kwaShe;
 Ndimi dzadzo dziri zhinji
 'Faro rumwe chete.
2. Rakafanera Gwayana
 Dzinodaro idzo,
 Nesu tinokurumbidza
 Watakabayirwa.
3. Makafanera Jesu She
 Kupiwa rukudzo;
 Rudo nokuropafadzwa
 Toisa kwamuri.
4. Zvinhu zvose zvakasikwa
 Ngazvimurumbidze;
 Iye wagadzwa umambo
 Nokumutunhidza.

17

Doh is E flat 8.6.8.6 St. Peter
 {l :s ld' :t ll :s ls :f lm ll}

1. Chokwadi zita raJesu
 Rakanaka kwazvo;
 Rinonyaradza mutendi,
 Rinofusa kutya.
2. Rinorapa mweya wake,
 Rinomunyaradza;
 Rinomupa kuzorora
 Nokudya komweya.
3. Dombo randinovakira,
 Nzvimbo yokuvanda;
 Dura risingacheredze
 Rizere nengoni.
4. Jesu, Mambo noMuprista.
 Sahwira, mufudzi,
 Nzira yangu, noUpenyu,
 Ndokurumbidzai.
5. Panenge mwoyo waneta,
 Usisadziyirwe,
 Asi kana ndaone'mi
 Ndotunhidza kwazvo.
6. Ndinogoparidza rudo
 Nguva dzangu dzose,
 Zita renyu rindifadze
 Panguva yorufu.

18

Doh is A Flat 8.8.8.8 neKorasi Precious Name
 {ls, :d lm -.r:d -.rld :- ls, :- l}

1. Tora zita rake Jesu
 Nourombo hwako hwose,
 Rinokupa simba rake
 Rokukunda zvirunziro.

Zita rake rakanaka,
 Mwenje wedu pasi pano,
 Zita rake rakanaka,
 Mwenje wedu pasi pano.

2. Jesu ndimurwiri wedu,
 Ndiye simba redu rose,
 Tinokunda zvakaipa
 Nero zita rake Jesu.
3. Kunzwa zita rake Jesu
 Tinonyararidzwa kwazvo,
 Tinopfugamira pasi
 Mwoyo inomuombera.
4. Mwoyo yadziyirwa kwazvo
 Kunzwa zita rake Jesu,
 Uyo wakatitambira
 Wakatipa mwoyo mitsva.
5. Iro zita rake Jesu,
 Rinotipa runyararo
 Saka ngatiriyeuke
 Nzvimbo dzose tinoenda.

19

(Nd. 42)

Doh is D 7.7.7.7.7.7 Rock of Ages
 {l :s, -l,ls :m, :d -l ls, :- ll}

1. Iro zita raJesu,
 Iguru rine mbiri;
 Rinodiwa kudenga,
 Rinotyiswa panyika;
 Iguru kuvatendi,
 Rokudzwa nokuimba.
2. Iro zita raJesu
 Ragam'chirwa nom'tadzi
 Rodambura makashu
 ASatan okuipa;
 Anotenda kwariri
 Anomutswa parufu.
3. Iro zita raJesu
 Ndokudza iro roga;
 Nomusi wondoenda,
 Richarehwa pakufa;
 Nero zita raJesu
 Ndigoenda kudenga.

20

Doh is B flat 8.8.8.8 Wareham
 {l :d ld :t, :l ls, :- :d lr :d :t, ld :- ll}

1. Jesu rufaro rwomwoyo.
 Chisipiti choupenyu,
 Zvenyika hazvitigitse,
 Tinodzokera kwamuri.
2. Idi renyu haripere,
 Vakumbiri voponiswa,
 Vatsvaki vokuwanai,
 Imi muri pfuma yavo.
3. Toravira imi chingwa,
 Toda kudya imi chete,
 Tonwa imi chisipiti,
 Togutsa nyota yomweya.
4. Isu tisina zororo
 Tichazorora kwamuri;
 Kukuonai rufaro,
 Kukuzivai upenyu.
5. Garai nesu She Jesu,
 Norufaro norugare,
 Tandai rima rezvivi,
 Mupenyere pasi pose.

21

Doh is G 8.8.8.8 neKorasi Bring Them In
 {Is, :s, l, Is, :mlm :r lr :- l : l : l : l : }

1. Isu vanhu vapanyika
 Ngatigare tichikudza;
 Mwari wakatuma Jesu
 Kuratidza rudo rwake.

Rumbidzai vanhu mose,
 Rumbidzai imi mose.

2. Wakaona tichitadza,
 Wakationa murufu,
 Wakatipa Muponisi,
 Hezvi nhasi hohwu'penyu!

3. Takanga takarasika
 Tigere muzvakaipa,
 Tisingazive M'ponisi,
 Asi nhasi tamuwana.

4. Izwi rake rakasvika
 Kunesu takamanikwa;
 Takabiswa pane rima,
 Tikaiswa pachiedza.

5. Rumbidzai vanhu mose!
 Taponiswa nhasi naye;
 Uyai marudzi ose
 Muzowana ruponiso.

22

(Nd. 85)

Doh is C

8.8.8.8

Warrington

{ls :s :f lm :s :d' ld' :r' :t ld' :- : }

1. Tarirai mudziona
Tsitsi dzake dzakanyanya
Dzakarehwa noM'ponisi
Wakafira isu vanhu.
2. Takanga tiri murima
Tisina chatiedzera;
Taifamba tichitadza
Tisingazive nduramo.
3. Imi Mwari matitusa
Tsitsi dzenyu dzakakomba
Makatipa Mwana wenyu
Wakazotivhenekera.
4. Tokuvongai She Jesu
Isu vanhu vakaipa,
Makatora kuipa kwedu,
Makakutakura moga.
5. Imi Mweya woutsvene
Uyai muve nesu tose,
Tiyamurei tidziona
Idzo tsitsi dzakakomba.

23

Doh is E flat Rusina Mwero Margaret
 {l ;d .rlm :m, .mlf :m .rld ;r.rlm ll}

1. Makasiya ngundu
 Noumambo hwenyu
 Zvamauya pano pasi;
 Asi muBetrethem
 Makashaya imba
 Yokuti muzvarirwe;
 Pindai mandiri Jesu,
 Mugare mumwoyo wangu.
2. Vari kudenga
 Vakakukudzai
 Pakuzvarwa kwenyu Ishe,
 Asi makauya
 Zvakapfaviswa
 Makazvarwa somurombo;
 Pindai mandiri Jesu,
 Mugare mumwoyo wangu.
3. Makauya Jesu
 Neizwi benyu
 Rokutisunungura,
 Asi makazvidzwa
 Nokuroverwa
 Pamuchinjikwa, Ishe;
 Pindai mandiri Jesu,
 Mugare mumwoyo wangu
4. Vari kudenga
 Vachakukudzai
 Pakukunda kwenyu Ishe;
 Zvino ndichakunzwai
 Muchindidaidza
 Kuti nzvimbo iri pano;
 Ndichafara kwazvo mumwoyo
 Kana mondidaidza.

24

Doh is F 8.6.8.6 Grafenberg
 {ld :l,s,ld :r lm.m:r l .m :s.flm :r ld :-ll}

1. Ndiye Mwari Muponisi,
Wakaita zvose
Ndiye Mwari Muponisi,
Wakakurumbira.
2. Wakava munhu M'ponisi,
Nokuipa kwedu;
Wakava munhu M'ponisi,
Wakafira isu.
3. Ane tsitsi Muponisi,
Navari pamhosva;
Ane tsitsi Muponisi,
Navari pakufa.
4. Ari kuda Muponisi,
Kuzotipindura;
Ari kuda Muponisi,
Kutisunungura.
5. Ane simba Muponisi,
Rokutiponisa;
Ane simba Muponisi,
Rokutifadzisa.
6. Ano rudo Muponisi,
Ane tsitsi nesu;
Ano rudo Muponisi,
Ngatimude iye.

25

(Nd. 230)

Doh is A flat 8.8.8.8 Mununuri

{l : :s, dlm :-r :d.s,lt, .l,: - : l : : }

1. Mununuri ndinomuda
Kuti anondiponisa,
Ndinobiswa pano rufu
Ndinopinzwa paupenyu.
2. Mununuri ndinomuda
Kuti wandiregerera;
Wandiparadzira ropa
Wakaripa mhosva yangu.
3. Mununuri ndinomuda,
Kuti wakandishambidza;
Wandibisa zvakaipa,
Nezvitadzo zvangu zvose.
4. Mununuri ndinomuda,
Kuti wandivhenekera;
Wabisa upofu hwangu
Wandiburitsira mwenje.
5. Mununuri ndinomuda
Ndimuperekedzi wangu;
Shoko rake ndiwo mwenje
Wokuchenga tsoka dzangu.
6. Mununuri ndinomuda
Ndiye muyamuri wangu
Kana ndiri pakurwara,
Ndinosisimbiswa naiye.
7. Mununuri ndinomuda
Kuti ndiye simba rangu,
Anokunda dzose hondo,
Dzinonetsa mwoyo wangu.
8. Mununuri ndiye Jesu,
Rakakomba zita rake;
Ngandikwanisiswe ini.
Pano rununuro rwake.

26

Doh is F

6.6.8.6.6.8

Ascalon

{l :d ld .d :r .t, ld ll}

1. Ndinokurumbidza
Kristu wamasimba
Ngatimurumbidze tose;
Iye Ishe woga,
Wakasika zvose
Nokushovedzera kwake.
2. Wakava muranda
Kutitakurira
Dambudziko redu rose;
Wakaparadzira
Ropa rake dzvene,
Kusunungura vasungwa.
3. Zvino wakamuka
Mukundi wehondo
Wakasunga zvakaipa;
Wakavaparadza
Vavengi vabvuma
Kuti ndiye Ishe woga.
4. Ari kutitonga
Netsitsi norudo,
Nenjere nokururama;
Vatizira kwa'ri
Vanozoponiswa
Vanozowana upenyu.
5. Tinokuomberai
Ishe worufaro,
Umambo hwenyu hukuru;
Kunaka nengoni
Zvichawanda kwazvo
Nyika yose ive tsvene.

27

Doh is D

8.8.8.8

Festus

{:s Id' :t.!!s :l Ir :f Im ll}

1. Imi makonhi emwoyo,
Zarukai, mukwidzike!
Uyu Mambo woutsvene
Anoda kuti apinde.
2. Uyu Mambo woutsvene!
Reva, ndianiko iye?
Uyu Mambo woutsvene
Ndiye Jesu uyu Mambo!
3. Ane nyasha dzakanyanya
Ane simba rose guru
Nokubvuma kwake kose,
Angakuitire iye.

Tarisazve nziyo idzi: 48, 192.

JESU KRISTU: KUZVARWA KWAKE

28

Doh is A Rusina Mwero Adeste Fideles
 {l :d ld :- ls, :d lr :- ls, :- ll}

1. Uyai maKristu
 No'faro norukundo;
 Uyai, uyai kuBetrehem;
 Onai wazvarwa
 Ishe wokudenga;
 Uyai, timurumbidze, Kristu Ishe.

2. Mwari waMwari,
 Kupenya kokupenya;
 Haashore mimba yemhandara;
 Mwanakomana
 WaMwari chokwadi;
 Uyai, timurumbidze, Kristu Ishe.

3. Ombai ngirozi,
 Ombai nokufara,
 Ombai imi mose wokudenga;
 Ngaarumbidzwe
 Wokumsorosoro;
 Uyai, timurumbidze, Kristu Ishe.

4. Tokukwazisai
 Mazvarwa iri zuva,
 Tinokurumbidzai, Kristu Ishe;
 Izwi raBaba,
 Zvino muri pano;
 Uyai, timurumbidze, Kristu Ishe.

29

Doh is G 8.7.8.7.8.8.7.7 neKorasi Berlin
 {ls, :d ld :- .t,ld :m lm :r ll}

1. Ingirozi dzinoimba
 Mbiri kuMambo mutsva;
 Rugare rwasvika pano
 Mwari wakava munhu.
 Farai marudzi ose,
 Imbai nedzokudenga,
 Paridzai mashoko
 Kristu wazvarwa pano.

 Ngirozi dzinoimba
 Mbiri kuMambo mutsva.
2. Kristu wokudzwa kudenga,
 Kristu Mambo mukuru,
 Zvino wakasvika kuno,
 Wakazvarwa somunhu.
 Honai Mwari munyama
 Muomberere somunhu,
 Anotifarirawo
 Mwari wedu anesu.
3. Haatsvake kurumbidzwa
 Wakazvarirwa isu,
 Tirege kupera kufa
 Asi tizvarwe patsva.
 Changamire She wedenga,
 Changamire She wengoni,
 Zuva redu rabuda
 Rintotipa upenyu.

30

(Nd. 48)

Doh is G 7.7.7.7 neKorasi Oxford
 {ld :-r ld :t, ll, :-s,ls, :- l}

1. Inzwai heri izwi
 Rinobva kumakore;
 Kwakasvika ngirozi
 Dzichibvako kudenga.

Inzwai dzinoimba
 Dzinoimba naMambo,
 Dzokudza norufaro
 Dzosuma nhau dzake.

2. NdiJesu uyo Mambo,
 Dzinoparidza naye,
 Iye achangozvarwa
 Ikoko Betrehema.
3. Faraizve vatadzi
 Muvonge kuna Jesu,
 Namatai kwaari
 Nokuti anotida.

31

(Nd. 46)

Doh is E flat

8.8.8.8

Samson

{l :d lm :- .fls :m ll :t ld' ll}

1. Rumbidzai vanhu mose!
Zvirumbidze, zvinhu zvose!
Nhasi musu wokukudza.
Nhasi musu worufaro.
2. Mununuri watozvarwa,
Ngoni dzake dzaratidzwa,
Nhasi nguva yakodzera
Izuva roruponiso.
3. Haana ku'ya nehasha
Wakativinga netsitsi,
Wakauya kutifira,
Fambisai idzi nhau.
4. Jesu anoti kwatiri:
Dzidzisa ndudzi dzose,
Dziuye dzose kwandiri,
Ndinemi mazuva ose.

32

Doh is D 10.10.10.10.10 Yorkshire
 {ld :-ld :r lm :- l-f ls :m lf :s ll :- l- :- ll}

1. Mukai, maKristu, mufare nhasi,
 Muponisi wavanhu wazvarwa;
 Kudzai rudo rwake rwakakomba
 Rwakaimbwa nengirozi zhinji;
 Ndidzo dzakaparidza mashoko
 Kuti Mwari wakazova nyama.

2. Vafudzi vakatanga kuudzwa
 Vakainzwa ngirozi ichiti:
 Ndauya neshoko rakakomba
 Kwamuri navose vapanyika;
 Shoko raMwari razadzisika
 Nhasi wazvarwa Kristu M'ponisi.

3. Ngirozi yapedza; pakarepo
 Dzimwe dzakaimba rwiyo rutsva
 Dzakarumbidza rudo rwaMwari.
 Denga rakatinhira nenziyo,
 Dzichimutenda netsitsi dzake
 Norugare kuvanhu venyika.

4. Vafudzi vakagomhanya kwazvo
 Kundoona zvakaitirwa;
 Vakadzokera kuhwai dzavo
 Vachikurumbidza Mwari wavo;
 Vakaparidza zvavakaona,
 Vanyai vokutanga vaKristu.

5. Ngatirangarire tichifunga
 Urwu rudo rukuru rwaMwari;
 Titarise kuMwana Mutsvene,
 Zvaakananga kumuchinjikwa;
 Nengoni dzake timutevere
 Tidakare tisvike kudenga.

6. Kana tasangana nengirozi
 Taponiswa tichafara kwazvo,
 Iye wazvarwa nomusi uno
 Timuone nokubwinya kwake;
 Takaponiswa norudo rwake
 Tichamukudza Mambo wedenga.

33

(Nd. 50)

Doh is G

8.7.8.7.7.7

lrby

{ls, :t, ld :- .d ld .t. :d .lr :d ll}

1. Mumusha waShe Dhavhidhi
Muimba yezvipfuwo;
Makaradzikwa mucheche
Muchidiro chemombe;
Maria ndiye mai,
Jesu ndiye mucheche.
2. Wakaburuka panyika
Iye Ishe mukuru,
Imba yake ndeyemombe,
Wakaiswa muzamba;
Wakafambidzanawo
Navarombo venyika.
3. Pauduku hwake hwose
Wakadzidza pana mai;
Waikudza nokuvada,
Achinzwa mazwi avo;
Vana vari maKristu
Ngavapfave saiye.
4. Wakapa muenzaniso
Worugare kunesu;
Waichema, waiseka,
Achiita sesuwo;
Anowadzana nesu
Munhamo norufaro.
5. Meso edu achaona
Jesu norufarowo,
Mwana uyu ndiShe wedu
Anogara kudenga;
Anotitungamira
Tigosvitswa ikoko.

34

Doh is C Rusina Mwero Stille Nacht
 {Is- :-l :s Im :- :- Is :-l :s Im :- :- l}

1. Pausiku hwoutsvene
 Kune nyika iri kure,
 Yakapenya nyenyedzi yaTenzi,
 Chioneso chaMwari wediko,
 Iye Tenzi wazvarwa,
 Iye wazvarwa Mesiya.

2. Baba wakashama
 Mai vake vakafara,
 Mwana wavo M'ponisi wavanhu,
 Wakakudzwa zvikuru naMwari,
 Pasi pose chifarai!
 Mwari wazotishanyira.

3. Mune danga radzo mombe,
 Wazozvarwa mwana mutsva,
 Ndiye mwana waMwari mupenyu
 Ndiye rudo rwaBaba kunesu,
 Ndiye mudi wavanhu,
 Nomudikanwa wavose.

35

Doh is C Rusina Mwero Ndlovu
 {ld .r :m .f ls :m ll :- l- :- l}

1. Vafudzi veBetrehem
 Vaigara musango,
 Vakaona ngirozi
 Yakauya ichiti:
 Musatye! Ndauya norufaro
 Rwavanhu vose!
 Mazvarirwa Muponisi,
 Zita rake ndiye Jesu;
 Endai mumuone
 Muimba yezvipfuwo.

2. Kwakauya vazhinji
 Veboka rokudenga,
 Namazwi erumbidzo
 Voimba pamwe chete;
 Tererai mazwi avatumwa
 Vanorumbidza:
 Ngaarumbidzwe kumsoro,
 Mwari mambo wokudenga,
 Rugare panyika
 Pane vaanofarira.

3. Nhasi tinonyeverwa
 Ayo mazwi ekare;
 Ngirozi hatione
 Asi tine chokwadi
 Wazvarwa mumwoyo yedu,
 Mwana waMwari,
 Tinorumbidza norudo
 Kristu Ishe Muponisi,
 Rugare panyika
 Nokusingapere.

36

Doh is E flat 6.6.8.6 Huddersfield
 {:s Im .I :s :t Id' :- ll}

1. Kristu, 'Manueri!
 NdiMwari anesu!
 Tinovonga uyu musi
 Wokuzvarwa kwenyu.
2. Tinofunga nhasi
 Nokupfava kwenyu;
 Mune mbiri seyaMwari
 Mukava muranda.
3. Izvo zvamaita
 Maitira isu;
 Tigoti nebasa renyu
 Tiwanewo nzira.
4. Takarasikiswa
 Nokuipa kwedu,
 Makazotidzora isu
 Mune chakaipa.
5. Jesu muri nzira
 Iyo yechokwadi,
 Vose vanofamba nayo
 Vanowana ngoni.
6. Zvino toti Jesu
 Tokurumbidzai,
 Tinoimba tichifara
 Nokuuya kwenyu.

37

Doh is F 8.6.8.6 Winchester Old
 {:d lm :- .m lr d lf :f lm ll}

1. Vafudzi zvavakarinda
 Usiku musango,
 Vakatumirwa ngirozi
 Ichipenya kwazvo.
2. Ikati: Regai kutya,
 Ndokupai mose
 Mashoko anofadzisa
 Kwamuri navose.
3. Ikoko kuBetrehema
 Nhasi mazvarirwa
 Kristu Ishe noM'ponisi
 Wavanhu venyika.
4. Mucheche wabva kudenga
 Muchanomuona
 Wafukidzwa nemicheka
 Arere muzamba
5. Ngirozi zvayakapedza
 Dzimwe dzakauya;
 Dzikaimba kuna Mwari
 Dzikamurumbidza.
6. Ngaarumbidzwe kum'soro,
 Mwari wedu nhasi,
 Norunyararo ruvepo
 Kuvanhu venyika.

38

Doh is G 8.7.8.7.8.8.7 Infant Lowly
 {l,s, .s, :d :d lt,.d :r :r lm.f:s :f lm.r:d :- l}

1. Mwana M'tsvene, wakapfava
 Anorara muzamba;
 Mombe idzo hadzizive
 Kuti Mwana ndiMambo;
 Ingirozi dzinokudza
 Nokufara, dzichiimba
 Kuti Mwana ndiMambo.

2. Zvakanzwiwa navafudzi
 Nyaya dzakanakisa;
 Ingirozi dzichiimba
 Kuti Kristu wazvarwa;
 Naizvozvo ngatifare,
 Tichiimba nziyo dzedu
 Kuti Kristu wazvarwa.

39

Doh is G 8.6.8.6.7.6.8.6 Forest Green
 {:s, ld :d ld :r Im.r :m.flis :m lf :m.dlr :rld :-l - ll}

1. Tarirai kuBetrehem,
 Musha waDhavhidhi
 Pam'soro perima rawo
 Nyenyedzi dzopenya;
 Pa'ri urimo Mwenje
 Unopenya kwazvo
 Vanhu vose vamakore
 Vanofadzwa nawo.
2. Imi nyenyedzi dzose.
 Paridzai shoko,
 Rumbidzai kuna Mwari,
 Fadzisai vanhu;
 Nokuti wakazvarwa
 Mwana waMaria,
 Imbai imi ngirozi
 Norudo rukuru.
3. Wauya chinyararire
 Chipa chakakomba
 Zvinouya nokudaro
 Zvipo zvokudenga;
 Hapana anomunzwa.
 Asi vanomuda
 Nemwoyo yakapfaviswa
 Vachamugam'chira.
4. Mwana M'tsvene weBetrehem
 Burukirai isu,
 Tandanisai kuipa,
 Muzvarwe matiri;
 Ngirozi dzinoimba
 Nyaya dzakanaka;
 Pindai zvino, garai nesu,
 Ishe Manuери.

41

Doh is G 8.6.6.8.6.6 Bonn
 {ld :r lm :-r lm .s :l ls :- l}

1. Mwoyo wangu unofara
 Nokunzwa kuimba
 Kwengirozi dzose:
 Mazvarirwa Kristu Ishe!
 Mashoko om'faro
 Anonzwiwa kose.

2. Izwi riri kutaura:
 Tizai panhamu,
 Mubve pane ngozi;
 Uyai, vazvarwa vangu
 Ndokupai pachena
 Zvorusununguko.

3. Uyai, tiende uko,
 Tipfugame tose
 Nokushamisika;
 Timude nomwoyo wose
 Tarisai kwaari
 Ano rudo rwose.

4. Paupenyu hwangu hwose,
 Ndinoda kufadza
 Imi moga Ishe;
 Shure kokufa ndigare
 Kudenga, ndichinzwa
 Rufaro rukuru.

42

Doh is F 10.8.8.7 neKorasi Message
 { :d .,rl m :m .,mlf :m.,relm :- ld }

1. Takazvarirwa Mwanakomana,
 Takapiwa Muponisi
 Anonzi, Emanueri,
 Mwari ega anesu.

Vanhu vaifamba murima
 Vakachiona chiedza
 Jesu Kristu takazvarirwa
 Tigashire chiedza.

2. Achanzi, Gota rinoshamisa,
 Mwari ane simba rose,
 Baba wokusingapere,
 Muchinda worugare.
3. Ushe huchava pafudzi rake,
 Iye achahusimbisa,
 Ushe hwake huchakura,
 Nokuzvipira kwake.

43

Doh is G 8.8.14 neKorasi Kings of Orient
 {Im :- :r Id :- :l, It, :d :t, Il, :- :l}

1. Tinouya madzimambo,
 Touya nezvipo zvedu;
 Tabva kumasowi, tichitevera nyenyedzi.

O! Nyenyedzi yousiku
 Inopenyera Mambo;
 Titungamire tione mwenje wakanakisa.

2. Wakazvarwa Mambo wedu,
 Ndinomupa ngundu yake;
 Mambo wedu nguva dzose anozotitonga.
3. Ndinopa zvinonhuhwira
 Chiratidzo choumambo
 Vanhu vose murumbidze Ishe wokudenga.
4. Mura yangu inoreva
 Noupenyu hwokusuwa;
 Kurwadza, nyatwa, kufa nokuvigwa muguva.
5. Honaika, wakamuka,
 Mambo, Mwari, Muponisi,
 Rumbidzai vanhu vose, pamwe nengirozi.

Tarisazve nziyo idzi: 15, 267, 268

44

Doh is A 7.7 neKorasi Who is He?
 { :s, .s, ls, :- .s, :s, .s, ll, :- }

1. Ndiani pane zamba
 Vafudzi vopfugama?

 Ndiye Jesu! Zvoshamisa!
 Ndiye Mambo wokubwinya!
 Topfugama kwaari,
 Mutunhidze ndiMwari.

2. Ndiani ane nzara
 Pasango ari oga?
3. Ndiani wodzidzisa
 Dama rakanakisa?
4. Ndiani anorapa
 Vose vanorwadziwa?
5. Ndiani anochema
 Paguva raRazaro?
6. Ndiani wokwaziswa
 Nedzimbo nokufara?
7. Ndiani woteura
 Pausiku mumuda?
8. Ndiani pam'chinjikwa
 Woregerera mhandu?
9. Ndiani anomuka
 Kutinunura isu?
10. Ndiani anotonga
 Nengoni nokubwinya?

45

(Nd. 83)

Doh is F

8.8.8.8

Ukunxusa

{Im .m :r .m lf :m Im :r Id :- l}

1. Jesu, imi muri nzira,
Toenda nemi kudenga;
Munotitungamirira,
Tiponiswe pakaipa.
2. Jesu, muri zvirokwazvo,
Nawo ose mazwi enyu;
Namakuhwa akaipa
Mberi kwamaziso enyu.
3. Jesu muri upenyuzve,
Tinopona nemi tose;
Kunozodaro tapinda
Pakudenga, tive nemi.
4. Imi, Jesu, muri nzira,
Zvirokwazvo, noupenyu;
Nayo yose mwoyo yedu
Tinovonga nokuvonga.

46

Doh is G Rusina Mwero Rukomborero

{s,s,s,:f,f,f:m,f,m:r:d}

1. Vakafara vano urombo
Vachawana ushe hwedenga,
Kunzi ndohwavo.
2. Vakafara vanozvichema,
Vachawana chivaraidze,
Mweya wedenga.
3. Vakafara vanyoronyoro,
Vachawana zvikurukuru,
Nhaka yedenga.
4. Vochemera zvokururama,
Vachagutswa zvikurukuru
Nokururama.
5. Vakafara vazere nyasha.
Vachapiwa nyasha dzedenga,
Dzavanotsvaka.
6. Vano mwoyo wakacheneka,
Vachafara kuona Mwari,
Wavanotsvaka.
7. Vanoshinga kutsvaka Mwari,
Vachapiwa Mweya wokuva,
Vana vedenga.
8. Ivavo vokuyanana,
Vachazonzi vana vaMwari,
Vana vedenga.
9. Vakafara vatambudziki,
Pam'sana pokururama,
Ushe ndohwavo.
10. Faraika vari munyatwa,
Muchatuswa zvikurukuru,
Tuso ndiJesu.

47

Doh is G 8.4.8.4.5.4.5.4 Stories of Jesus
 {ls :m :f ls :t :l ls :- :- lm :- :- l}

1. Ndiudze nhau dzaJesu,
 Ndinodzida,
 Zvinhu zvandingamubvunze
 Dai aripo;
 Mifananidzo,
 Zvishamiso,
 Nhau dzaJesu
 Ndinodzida.
2. Chindiudza nezvavana
 Vakamunzwa,
 Nemi ndichakomborerwa
 Pamwe navo;
 Mazwi etsitsi
 Namabasa,
 Akaitiwa,
 NaJesu She.
3. Tsanangura nezveshiri
 Namaruva
 Kuti zvinotaura sei
 Kuna vanhu;
 Ndoda kudzidza
 Kuna Jesu
 Rudo rwaBaba
 Kuna vana.
4. Ndiudze nechishamiso
 Chakaitwa
 Muchampupuri chikuru
 PaGariri;
 Dutu remhepo
 Rakamuka
 Rikanyaradzwa
 Nezwi raShe.
5. Nganditevere navana
 Muguta' ro,
 Ndichipembera zvikuru
 Kuna Jesu,
 Ndishowerere,
 Nokuimba
 Ndichimukudza
 Jesu Ishe.
6. Ndiudze zvakaitika
 Mumunda'mo,
 Zvokurwadziwa nokufa
 KwaShe wangu.
 Ndiudze zvose,
 Ndoda kunzwa
 Nhau dzaJesu
 Ndinodzida.

48

Doh is F 9.6.9.6 ne Korasi The Sweetest Name
 { :s, l d .d :m :d ll, .l, :d :l, }

1. Hakuna zita sera Jesu
 Kana nekudenga,
 Hakuna rimwe rakadaro,
 Zita roM'ponisi.

 Tinoda kuimbira Jesu
 Tichimupa mbiri;
 Nokuti hatizive zita
 Rinokunda iri.
2. Ndi Jesu wakafira vose,
 Wakatida kwazvo;
 Zvatanga takaraswa tose
 Nezvitadzo zvedu.
3. Ndi Jesu wakaita nyasha
 Takamukanganwa;
 Wakati: "Enda zvako mwana",
 Usazotadzazve.
4. Ndi Jesu wakatiudzira
 Kutunhidza Mwari,
 Nokusarura vashamwari
 Vakanaka chete.
5. Ndi Jesu wakarapa vanhu
 Akavasimbisa;
 Jesu wakadzose vafi
 Kune hama dzavo.
6. Ndi Jesu anoenda nesu
 Kwose tinoenda;
 Ndi Jesu anotibatsira
 Muupenyu hwedu.

49

Doh is C 7.6.7.6.7.6.7.6 neKorasi Tell me the Old, Old Story
 {Im :m.,fls :s ll :- ls :s ld' :d'ld' :m.,fels :- :-ll}

1. Ndiudzewo rungano
 Rwakabvirwa kare
 RwaJesu wokubwinya
 Nezvo rudo rwake.
 Nyatso kundidudzira
 Sokumudukwana;
 Nokuti ndakaneta
 Ndakarukutika.

Ndiudzezve rungano,
 RwaJesu worudo.

2. Taura zvishomanana,
 Ndigorunzwisisa
 Ruponiso rwapiwa
 Kuvatadzi seni.
 Pamhidza undiudze,
 Ndisakanganwezve
 Sedova rinopera
 Nokukurumidza.
3. Taura zvinyoronyoro
 Nokugwinyisisa;
 Yeuka, ndiri m'tadzi
 Ndavingwa naJesu.
 Ndiudze nguva dzose
 Kana uchizove
 Munyaradzi panguva
 Dzamadzudzo angu.
4. Taura rwakarerwo zve
 Kana uri kutya
 Kuti zvenyika ino,
 Zvondirasikisa.
 Kana zvedenga iro
 Zvondivhenekera,
 Ndiudzezve rungano
 RwaJesu M' ponisi.

KUTAM-

BUDZIKA KWAKE NOKUFA KWAKE

50

(Nd. 57)

Doh is C

8.6.8.6

Chikomo

{ s l s :- :m ll :- :m l s :- :f l f :- ll }

1. Chiriko chikomo kure
Kunze kwoyo musha,
Paakaroverwa Ishe,
Paakatifira.
2. Hatizive isu vanhu
Kurwadza kwakadii;
Wakarembedzwa pamuti
Nokutadza kwedu.
3. Zvino takaregererwa
Nako kufa kwake,
Kuti tiende kudenga,
Taponiswa naye.
4. Pakanga pasina mumwe
Wokutinunura;
Ndiye wakava nesimba
Kutipinza denga.
5. Jesu wakatida isu,
Ngatimudisewo,
Tivimbe neropa rake,
Tichimushandira.

52

Doh is C 7.7.7.8 Gethsemane
 {Is :s Is :m Id' :d' It :- ll}

1. Wokusuwa! Wakanzi,
 Iye Mwana waMwari;
 Wakavada vatadzi;
 Hareruya! Muponisi!
2. Vanhu vakamuseka,
 Wakatongerwa kufa
 Panzvimbo yangu ini;
 Hareruya! Muponisi!
3. Isu tiri vatadzi,
 Asi iye Mutsvene;
 Angatiyananise;
 Hareruya! Muponisi!
4. Wasimutsirwa kufa;
 Wakakuwa: "Zvapera!"
 Wakagadzwa kudenga;
 Hareruya! Muponisi!
5. Kana Ishe ouya,
 Kuti azotitora,
 Tichaimba zvakare,
 Hareruya! Muponisi!

53

Doh is F 8.8.8.8 St. Cross
 {d :-ld :r lm :-l:-l ls :-lf :- lm :- l:-ll}

1. Uyai mose ticheme,
Tisedere kuM'chinjikwa;
Ngatisangane ticheme:
Jesu, Ishe, waroverwa.
2. Hatimuchemere here
Vanhu vachimutsvinyira?
Tarisai, waturikwa:
Jesu, Ishe, waroverwa.
3. Zvanza netsoka zvasungwa,
Miromo yake yaoma;
Wakaona rudzerere:
Jesu, Ishe, waroverwa.
4. Wakataura kanomwe
Mazwi orudo netsitsi
Kuti tigoregererwa:
Jesu, Ishe, waroverwa.
5. Tsime rorutivi rwake
Rinoshambidza zvitadzo:
Ngatimire noM'chinjikwa:
Jesu, Ishe, waroverwa.
6. Vanokumbira vopiwa
Mwoyo wakapfava chose;
Mwoyo ungakure rudo:
Jesu, Ishe waroverwa.
7. Kuipa, norudo rwaShe
Zvino zviru kurwisana;
Asi rudo runokunda:
Nokuti She, waroverwa.

54

(Nd. 64)

Doh is B flat

9.9.9.5

John Brown

{ .,s,ls, :- .f, lm,., s, :d.,rlm :- :d : }

1. Tsitsi hedzi dzamira dzoga,
Zvirwadzo zvakamira zvoga,
Kusuwa kwakamira koga,
Pamuchinjikwa.
2. Ishe waburuka kudenga,
Akazova munhu kuvanhu,
Nediramhamba kuvatadzi,
Pamuchinjikwa.
3. Rutendo rvedu rwomirepi?
Ruvimbo rvedu rwomirepi?
Norudo rvedu rwomirepi?
Pamuchinjikwa.
4. Nengozi dzingapere dzose,
Nemhaka dzingaripwe dzose,
Zvoregererwa zvivi zvole,
Pamuchinjikwa.
5. Ngirozi dzakaona pasi,
Dzakati gwanan'wana pasi,
Dzichiona mashura ayo!
Pamuchinjikwa.

55

Doh is C 6.4.6.4.6.7.6.4 Clarion
 {ld :- lm :s ld' :-d'ld' :- l}

1. Ngatitende Mwari,
 Baba wedu,
 Iye wakasika
 Isu tose
 Kuti timuzive
 Nemwoyo yedu yose
 Nokusingapere.
 Hareruya!
2. Ngatitende Mwari,
 Baba wedu,
 Wakatipa Jesu,
 Mwana wake,
 Wakatifirapo
 Pano iwoyo muti
 Kuti tiponiswe
 Isu tose.
3. Zvakaipa zvedu
 Zvakashambwa
 Nero ropa rake
 Pam'chinjikwa;
 Ngatifare tose
 Takanatsiwa naye;
 Rumbidzai mose!
 Hareruya!
4. Garai vatendi
 Muna Jesu,
 Ndiye dangwe redu
 Pakumuka,
 Nesu tichamuka
 Kana tomutevera,
 Achatipinzako
 Kuna Baba.
5. Ridzai hwamanda
 Dzokukudza!
 Ridzaiwo nyere
 Namarimba!
 Rumbidzai Baba!
 Mupemberere Ishe!
 Rumbidzai mose!
 Hereruya!

56

Doh is D 8.8.8.8.8.8 Mapudzi
 {ls :s .lls :- .dlf :m lr :- l}

1. Mutadzi anofirirei?
 Jesu waturikirwei?
 Kukuwa kwake ndokwei?
 Anoteurira isu:
 Baba, varegererei,
 Nokuti havandizive.
2. Gwayana rorununuro!
 Nokutambudzika kwenyu,
 Ropa, nokunyadzwa kwenyu,
 Muchinjikwa norusuwo,
 Nokufa, noupenyuwo,
 Bisai, mudzime zvivi.
3. Ndisvipure tsoka dzenyu,
 Dzishambidzwe nemisodzi;
 Ngandiudze rudo rwenyu
 Munzeve dzavo vatadzi;
 Kuti vose vaponiswe,
 Nokuti ndanzwirwa ngoni.
4. Rudo rwenyu rundimutse,
 Rudo rwenyu rwepachena;
 Kuti vakatadza vose
 Vanzwe tsitsi dzandiwana,
 Kuti vose vazivise
 Rudo rwenyu rusingafe.

57

Doh is E flat 7.6.8.6.8.6.8.6 Beneath the Cross
 { :s Is :- .s lfe :s ld' :- Is : l}

1. Pasi poMuchinjikwa
 Ndinoda kugara,
 Ndichawana mumvuripo
 Pakuneta kwangu;
 Unozondipa zororo
 Pane nzira yangu,
 Wondidzivirira zuva
 Ndisapiswe naro.
2. Apo paMuchinjikwa
 Ndinoona Jesu
 Wakandirovererwa'po
 Wakafira ini.
 Ndinoona zvishamiso
 Zvikuru zviviri;
 Rudo rwake rwakakomba
 Nokuiipa kwangu.
3. Pedyo noMuchinjikwa
 Ndozogara apo,
 Pauso hwake Jesu
 Ndichafara kwazvo;
 Handine hanya nepfuma
 Kana nokushaya,
 Ndanyadzwa nezvivi zvangu
 Ndodada noM'chinjikwa.

58

Doh is F 7.6.7.6 neKorasi Near the Cross
 {Im ;- :f Im :- :r Id :- :l, ll, :- :- }

1. Jesu ndisededzei
 Pedyo nom'chinjikwa
 Patsime rinokosha
 Rinorapa vose.

Ipo pam'chinjikwa
 Ndichakudza Jesu
 Dakara mweya wangu
 Wawana zororo.

2. Pedyo nomuchinjikwa
 Rudo rwandiwana;
 Nyamatsatsi yedenga
 Yandivhenekera.
3. Pedyo nomuchinjikwa,
 Gwayana raMwari.
 Yamurai ndifambe
 Ndichiutondera.
4. Pedyo nomuchinjikwa
 Ndinozorindira:
 Ndichivimba dakara;
 Ndiwane zororo.

59

(Nd. 65)

Doh is F

8.6.8.6

Arlington

{ :d Im .,m :m :r Id .,d :d II}

1. Makatakura kuipa
Kusi kwenyu Jesu,
Makaripa mhosva Jesu,
Isi mhosva yenyu.
2. Mairwadzwa nokuipa
Musiri mutadzi
Raparara ropa renyu
Muri m'tsvene imi.
3. Kudarika kwedu kose
Kwamakapomerwa,
Nezvirandu zvedu zvose
Zvamakapomerwa.
4. Taregererwa, tapona
Nezvirwadzo zvenyu;
Tashambidzwa pakuipa
Nero ropa renyu.

60

Doh is E flat 8.8.8.8 Rockingham
 { :d lm :f :r ld :- :m ls :- :l ls :- ll }

1. Ndakayeva Muchinjikwa,
Paakaroverwa Ishe,
Ndinobva ndamhura zvose,
Nako kuzvikudza kwangu.
2. Ramba Mwari, ndisadade,
Asi nako kufa kwake,
Zvose zvinhu zvave nhando,
Ndazvipa kuropa rake.
3. Honai maoko, tsoka,
Mobva rudo nokurwadza,
Zvisati zvakamboona,
Kunyange ngundu yeminzwa.
4. Dai zvose zviru zvangu,
Hazvikwane diramhamba,
Kufana norudo rwake,
Rwoda zvouzima hwangu.

Tarisazve nziyo idzi: 108, 240

61

Doh is D 8.4.8.4.7.4.8.4 Easter Morn
 {Id :m ls :d lf :l ll :s ll}

1. Kristu Tenzi wakamuka,
 Hareruya,
 Ingirozi dzinoimba,
 Hareruya
 Vanhu vapindurawo,
 Hareruya,
 Imbai denga, nenyika,
 Hareruya.
2. Wakapedza basa rake,
 Warwa hondo, akakunda,
 Watikundira rufu,
 Wabuda muguva rake.
3. Mambo wedu mupenyuzve,
 Kufa hakuchine simba,
 Wafa kutiponisa,
 Guva harichakurira.
4. Tinotapatira naye
 Kutevera Mambo wedu,
 Izvi zvose ndezvedu,
 Muchinjikwa, guva, denga.
5. Mambo wokubwinya kose!
 Upenyu husingapere
 Kukuzivai imi
 Namasimba orumuko.

63

Doh is B flat 6.5.6.4 neKorasi Christ Arose
 {Is, :- Is, :I, II, :s, Is, :- I}

1. Mukati meguva,
 Jesu M'ponisi,
 Wagarira musi,
 Jesu Ishe.

Wamuka Jesu Ishe,
 Navavengi vakakundiwa.
 Wamuka mukundi kuvashakabvu,
 Achagara nesu kusingapere;
 Wamuka! Wamuka!
 Hareruya! Wamuka!

2. Vakarinda nhando,
 Jesu M'ponisi,
 Ibwe rave nhando,
 Jesu Ishe.
3. Haanakuora,
 Jesu M'ponisi,
 Kufa kwakakundwa,
 Jesu Ishe.

64

Doh is F 12.12.8.8.12.14 Hareruya
 {ls, :-.,ls, :dlm :-r ld :-ls :-l s :f lm :-l:- l}

1. Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Ngavafare vanhu vose.
 Ngavaimbe pamwe chete,
 Farai wamuka! Farai wamuka!
 Hareruya! Hareruya! Hareruya! Amen.
2. Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Basa guru rakapera,
 Mharadzi yakaparadzwa,
 Rufu rwazokundwa, rufu rwazokundwa.
 Hareruya! Hareruya! Hareruya! Amen.
3. Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Watakura kuipa kwedu,
 Tose tinowana tsitsi.
 Hozana kwaari! Hozana kwaari!
 Hareruya! Hareruya! Hareruya! Amen.
4. Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Kristu wamuka nhasi! Wamuka kwazvo!
 Ngavaimbe vanhu vose,
 Ngavaimbe norufaro,
 Nziyo dzakanaka, nziyo dzakanaka,
 Hareruya! Hareruya! Hareruya! Amen.

65

Doh is E flat 6.6.8.6 Huddersfield
 {l :s Im .l :s :t ld' :- l}

1. Tinofara nhasi,
 Isu tinotenda,
 Tirumbidze Ishe wedu
 Nokumuka kwake.
2. Achiri mupenyu
 Nyamba wakambofa;
 Guva, kukunda kuripi?
 No'turu hwokufa?
3. Rose basa rake,
 Rose wakapedza,
 Ruponiso rwawanikwa,
 Toponiswa tose.
4. Farai vaKristu
 Hoyo, Mambo wedu;
 Ngaaberekwe mapudzi
 Orutendo rwedu.
5. Ikoko kudenga
 Ari kutishuva;
 Nokumuka kwaShe wedu
 Nesu tichamuka.

66

Doh is G 6.6.8.6 Ushewokunze
 {Im :- :r ld :- :s, ll, :- :- ls, :- :- l}

1. Nomusi weSvondo
 Ishe wakamuka
 Jesu wabuda muguva
 Ishe wokudenga.
2. Kwakakundwa kufa,
 Ratorerwa guva,
 Wakamuka Muponisi;
 Shumai mashoko.
3. Farai vatendi
 Imbai ngirozi
 Wakakoniswa Satani,
 NaShe asingafe.
4. Onai vatsvene!
 Iro guva raShe
 Rasara rega, wamuka
 Wakaenda Ishe.

67

(Nd. 70)

Doh is C 8.8.8.8 Winchester New
 {:s l:d' :s ll :l ls :f lm ll}

1. Makamuka Ishe Jesu,
 Makabuda pane guva,
 Makamuka noumambo,
 Imi maiva murufu.
2. Jesu woupenyu hwose
 Hamuna kuora imi;
 Munomira namasimba
 Nokukunda kwamawana.
3. Jesu tinokurumbidzai
 Nawo muchinjikwa wenyu;
 Dzose mhandu dzakakundwa
 Nokumuka kwenyu, Jesu.
4. Jesu, zvirokwazvo zwenyu
 Zvinowonekwa zvokwadi;
 Maita umambo hwenyu
 Huve chinhu chakakura.
5. Nomusi wenyu mukuru
 Wamuchamutsa vatendi;
 Ivo vari pachokwadi
 Vachagoverwa rufaro.

68

Doh is G 12.10.12.10 Woodhouse Grove
 {lm :- lm :m lm :- lr :r lf :-lm :r lr :-dld :-ll}

1. Ndinobva kwamuri, ndoenda kudenga,
 Ndoenda kuimba yaBaba;
 Mumba yavo tsvene, imba yorufaro,
 Ndinokugadzirirai nzvimbo.

2. Kana ndichienda, ndinozouyazve,
 Handikusiye muri moga;
 Asi ndinozokugamchirai ini,
 Kuti mugovapowo pandiri.

3. Iri'zwi raMambo, izwi rorufaro,
 Farai,vaKristu farai!
 Ishe wakaenda, asi achadzoka,
 Apinze kudenga imi mose.

4. Ipapo tinozogara pautsvene,
 Navazhinjizhinji chokwadi;
 Tinozoimbawo, tiri pamwe chete,
 Tichikudza Ishe wokudenga.

69

Doh is C 6.6.6.6 neKorasi Mansfield
 { :s ld' :t l r' d' lm' ll r' ld' :l ls :- ls :- ls :-l - ll }

1. Namangwanangwana
 Yaburuka pasi
 Ngirozi yalshe
 Yasaira ibwe.

Simudzai mazwi

mose,

Murumbidzei, wamuka She.

2. Vachengeti vanzwa
 Nokutya kukuru,
 Vakawira pasi
 Vakange vakafa.
3. Wamuka pakufa
 Kusingaonekwe,
 Wakurira guva
 Tenzi wazvo zvole.
4. Vana vokuyedza
 Simukai naye;
 Ndiye nyamatsatsi
 Anotipenyera.
5. Chisiyai muguva
 Kuipa kwakare;
 Vigwai pamwe naye;
 Murarame naye.
6. Tinoimba Tenzi
 Nemwoyo nesimba;
 Isu tiri venyu
 Imi muri wedu.

70

Doh is E flat Rusina Mwero Monmouth
 {Im :- Id :l Is :- Im :- Ir :- Im :f Im :- l-:-ll}

1. Jesu, makati mamuka
 Mukazviratidza kuna vadzidzi,
 Imi zviratidzei kwatiri.
 She makaita mwoyo yavanhu kuti ipise,
 Pfutidzai pfungwa dzedu nokunzwira kwedu kuti
 Tigamuchire chokwadi chenyu.

2. Makabisa nokupedza
 Kutya kwemwoyo yeshamwari dzenyu,
 Tipeiwo runyararo rwenyu,
 Jesu imi makapa vadzidzi venyu zvokudya,
 Tipeiwo chingwa icho chokudenga tigochidya,
 Tigogutsa hwai dzenyu nacho.

3. She Jesu zvamakatumba,
 Imi makatumba vapostoriwo,
 Mukavaraira kupupura;
 Titumirei simba rokuita basa renyu,
 Tiite uchapupu kusvikira kunyika dzose
 Kuti vakurumbidzei vose.

71

(Nd. 75)

Doh is B flat

8.6.8.6

Galilee

{:m .s,lr :r :r.s,ld :d :d.dld :-l, :d_r|m :- ll}

1. Unotii nhasi, Kufa?
Newe Gara guru?
Makurirwa mose imi
NaShe wokudenga.
2. Jesu wakambofa kare
Wakapinda guva;
Asi wakazomukazve
Agere kudenga.
3. Muvongei, imi vanhu,
Nhasi wakakwira,
Anogara paupenyu
Wakambenge afa.
4. Muvongeiwo ngirozi,
Ikoko kudenga;
Basa wakaripedzisa
Rapanyika ino.
5. Wakagadzwa namasimba,
Noumambo hwose;
Anokudzwa negovero
Rengirozi dzose.
6. Kana takatendeseka
Tichakwidzwa naye,
Tichamurumbidza iye
Pamwe nengirozi.

72

(Nd. 74)

Doh is A flat

8.6.8.6

Beatitudo

{Id :r :m ls :- :m ld :- :f lm :- :- ll}

1. Ari m'penyu Muponisi
Ari m'penyu iye;
Tafariswa isu vanhu
Ari m'penyu iye.
2. Wanga afa Muponisi
Wanga afa iye;
Wabairwa isu vanhu,
Wabaiwa iye.
3. Wakakwira pakudenga
Wakakwira iye;
Anoteurira isu
Woteura iye.
4. Anotonga Muponisi
Kutongera isu;
NdiMambo wamadzimambo
NdiShe wamadzishe.

73

Doh is A flat 8.7.8.7.8.7.8.7 Hyfrydol
 {ld :- :r ld :r :m lf :- :m lr :d :r ll}

1. Changamire! Muponisi,
 Ishe makambozvidzwa,
 Nezvirwadzo zvenyu, Tenzi,
 Takawana kupona;
 Changamire! Mambo Jesu,
 Mutakuri wemhosva,
 Nako kufa kwakakomba,
 Takapiwa upenyu.
2. Gwayana raMwari Baba.
 Diramhamba ravanhu,
 Nenzira yorudo rwenyu,
 Takaripirwa mhosva
 Tose tinoregererwa
 Neropa renyu Ishe,
 Tinozopinda kudenga,
 Tayananiswa naShe.
3. Changamire! Makagadzwa
 Pachigaro chitsvene;
 Hondo dzose dzokudenga,
 Dzinokukurumbidzai;
 Munoteurira isu,
 Munotigadzirira,
 Kuti tigowana nzvimbo,
 Pautsvene hwedenga.
4. Makafanera kupiwa
 Rukudzo noutsvene;
 Takafanera kuimba
 Nziyo dzisingapere;
 Tiyamurei ngirozi
 Imbai nziyo dzenyu,
 Dzokunaka kwom'ponisi,
 Noukuru hwalshe.

Tarisazve nziyo idzi: 121, 207

74

Doh is F 8.8.8.8 Dumo
 {:m.,d lm :- .d ls, :m lr :d ll, : l}

1. Zadzisai chirevo chenyu.
Mwari, Ishe wechokwadi;
Ose marudzi enyika
Ngaawane ruponiso.
2. Namabvi kuneyi nyika
Ngaapfugame panemi,
Dzidzamare dzose ndimi
Dzireve ukuru hwenyu.
3. Tongai, Jesu, tongai!
Rwouya nemi rufaro;
Nezvikanganiso zvedu
Yatadzika yose nyika.
4. Tarirai nyika yedu,
Regererai zvitadzo;
Ishe musatitsamwire
Isingafe mhuri yayo.
5. Rambai She, tisazvidze
Zvidzidziso zvezwi renyu;
Mutimutsirire Baba,
Tigonzwa chokwadi chenyu.

76

(Nd. 282)

Doh is A

8.6.8.6 neKorasi

Ashley

{ :s, ld :- lt, :- ld :- lr :- lm :- lr :f lm :- ll }

1. Ruponiso! Runofadza!
Rumbo rwakanaka!
Runorapa vakuvari
Runobisa kutya.

Mbiri, simba norukudzo
Zvese ndezvake narini!
Jesu Kristu Mununuri:
Hareruya! Hareruya!
Hareruya! Kudzai She.

2. Ruponiso rweGwayana
Tinorutunhidza
Ruchamutsa mwoyo yedu,
Ndimi dzirumbidze.
3. Ruponiso! Ngarunzwike
Nayo nyika yose,
Nehondo dzedenga dzose
Dzitaure narwo.

Tarisazve nziyo idzi: 86, 137, 198

77

Doh is F 8.6.8.6 St Agnes
 {Im :m :m lr :- :m lf :- :t, ld :- :- l}

1. Mweya Mutsvene waMwari!
 Garai muno mumba,
 Burukai zvino nesimba,
 Uyai Mweya, uyai.
2. Uyai Mweya, kufanana
 Kupenya kwezuva;
 Vhenekerai mwoyo yedu,
 Onisai kuipa.
3. Onisai rushavashava
 Nezvirwere zvose
 Titungamirei panzira
 Panenda vatsvene.
4. Uyai serimi romoto,
 Pisai mwoyo yedu,
 Tichive zviteuriro
 Kuna Ishe wedu.
5. Uyai Mweya kufanana,
 Dova rokudenga,
 Mwoyo isingabereke
 Ive namapudzi.
6. Uyai senjiva yedenga,
 Mutivhumbamire
 Namapapiro orudo
 Noruregerero.
7. Uyai sedutu remhepo
 Nesimba renyasha,
 Kuti vanhu vakuonei,
 Noutsvene hwenyu.
8. Uyai Mweya wokudenga
 Mukugara kwedu;
 Mutiite musha wenyu,
 Uyai, Mweya, uyai.

78

Doh is F

6.6.8.6

Trentham

{lm :m :m lf :- :d lm :- :- ll}

1. Tinovonga Jesu,
Shoko renyu iro
Ramakavimbisa kare
Kuvadzi dzi venyu.
2. Ndinozoti Baba
Nomuzita rangu
Atumire Munyaradzi
Pakuenda kwangu.
3. Chivimbiso chenyu
Takachimirira,
Ngachizadziswe nazvino
Tifadziswe nacho.
4. Pindai mwoyo yedu
Noruregerero,
Rupedze kusuwa kwose
Nako kutya kwedu.
5. Uyai Munyaradzi
Namasimba enyu;
Tishambidzwe tizadziswe
Noutsvene hwenyu.

79

Doh is E flat 8.6.8.4 St Cuthbert
 { :d ld :- .dlr :m lf :-f lm ll}

1. Chivimbiso choM'ponisi
 Asati aenda,
 Wakativimbisa Mweya,
 Munyaradzi.
2. Wakaburuka senjiva,
 Inovhumbamira
 Rurapo rwokunyarara
 Wakatipa.
3. Wakauyazve somoto,
 Kuzotikonisa,
 Semhepo inovhuvhuta
 Yakavanda.
4. Norunako anouya,
 Mushanyi womutsa;
 Pano mwoyo wakapfava
 Wozorora.
5. Izwi rake rinonzwika
 Kutsiura mhosva;
 Rinodzikamisa kutya
 Tigarike.
6. Kururama kwatinako,
 Nokukunda kwose,
 Nepfungwawo dzoutsvene
 Zviri kw'ari.
7. Mweya mutsvene, wenyasha,
 Tinzwirei tsitsi;
 Pindai mumwoyo yedu
 Mugaremo.

80 (Nd. 106)

Doh is G 8.6.8.6 Richmond

{Is, :d :m Is :- :f lm :f :r ld :- ll}

1. Simudzai pfungwa dzedu
Mweya woutsvene,
Tifunge zviito zvenyu,
Tidzidzise nazvo.
2. Zuva rokuuya kwenyu
Ngaripamhidzwezve;
Kuti iwo moto wenyu
Usvike kwatiri.
3. Tambanudzai ndimi dzedu
Dziparidze imi
Pisai nayo mwoyo yedu
Idanane nemi.
4. Kusangana kwamashoko
Takakumirira;
Uyai Mweya woutsvene
Itai basa pano.
5. Uyai nesimba zvikuru
Zadzai iyi nzvimbo;
Tigonzwa masimba enyu
Nokuita kwawo.
6. Todokwairira imi
Mweya woutsvene;
Inzwai miteuro yedu
Mutiburukire.

81

Doh is D

6.6.8.6

St Beuno

{m :m .m lm :r ls :- :- ll}

1. Dondifemerai,
Mweya woutsvene;
Kuti ndide zvamunoda,
Nokuita semi.
2. Dondifemerai,
Mwoyo ucheniswe;
Kuda kwenyu kuve kwangu,
Nditsungewo semi.
3. Dondifemerai,
Ndive wenyu chose;
Kuti zvoupenyu hwangu
Zvijekeswe nemi.
4. Dondifemerai,
Kugoti ndisafe;
Asi ndigogara nemi
Nokusingapere.

83

Doh is A 7.7.7.7 Christus
 {Id :- :d Id :- :d Im :r :d Id :t, :- II}

1. Mweya Mutsvene, Idi,
Vhenekai mandiri;
Rujeko rwomukati
Rundionese ini.
2. Mweya Mutsvene, Rudo,
Dziyisai mumwoyo,
Mutsai pfungwa tsvene,
Kuzvida kwangu kufe.
3. Mweya Mutsvene, Simba,
Zadzai mwoyo wangu;
Mugaremo mandiri
Kuti nditsungirire.
4. Mweya M'tsvene, Nduramo,
Tongai hana yangu,
Kana mava She wangu,
Munondisunungura.
5. Mweya M'tsvene, Rugare
Nyaradzai mumwoyo;
Ngamugarike kwazvo,
Murudzikamo rwenyu.
6. Mweya M'tsvene, Rufaro,
Fadzai mwoyo wangu;
Murenje ngandiimbe,
Rufaro ruve tsime.

84

Doh is F 8.8.8.8.8.8 Mount Sion
 {:s ls :s.l ls :m lf :r lm ll}

1. Mweya musiki, muvambi
 Weidzo nheyo dzenyika;
 Shanyirai pfungwa dzese,
 Mutidire namafaro;
 Bvisai zvivi mumwoyo,
 Ticheniswe, mugaremo.

2. Mweya usina kusikwa,
 Wakapikirwa naBaba;
 Imi tsime routsvene,
 Nomoto unochenisa;
 Uyai patinoimba
 Mugotiita vatsvene

3. Mweya wenyasha, burukai,
 Muzere nesimba guru;
 Simba roruoko rwake
 Rotonga denga nenyika;
 Chenurai kuda kwedu,
 Mwoyo ifanane nemi.

4. Tisikei tose patsva;
 Tandanisai Satani;
 Tigamuchire chokwadi,
 Tiite zvatintenda
 Tipei uzima hwenyu,
 Tione Baba naKristu.

5. Rukudzo rusingapere
 Ngaruvepo kunaBaba;
 Mwanakomana akudzwe
 Uyo wakafa pamuti;
 Nemiwo Mweya mukudzwe
 Kudzamarare narini

85

(Nd. 13)

Doh is E 11.12.12.10

Nicaea

{ld :d lm :m ls :-l :-l1 :1 ls :-lm :- ll}

1. M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, Mwari wesimba!
Namangwanangwana toimba kwamuri;
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, wetsitsi nesimba!
Mwari Mutsvene, Vatatumumwe!
2. M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, vokurumbidza
Vanhu venyu vose kudenga kunemi;
Ingirozi dzose pachigaro chenyu
Dzinopfugama pamberi penyu.
3. M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, makavanzika,
Vanhu vakaipa havakuonei;
Asi ndimi M'tsvene; hapanazve mumwe,
Mune chokwadi, simba norudo.
4. M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, Mwari wesimba!
Munokurumbidzwa namabasa enyu;
M'tsvene, M'tsvene, M'tsvene, wetsitsi nesimba!
Mwari Mutsvene, Vatatumumwe!

86

Doh is G 6.6.4.6.6.4 Moscow
 {ls :m :d lr :- :t, ld :- :- ll}

1. Izwi renyu Mwari
 Ranzwikwa nerima
 Raparara;
 Tinzwe isu nhasi
 Kuti nyika dzose
 Dzisati dzarinzwa
 Dziyedzerwe.

2. Makauya Jesu
 Nesimba no'penyu
 Kuponisa;
 Mapofu mumwoyo
 Akarapwa nemi,
 Itai pasi pose
 Payedzerwe.

3. Mweya wechokwadi
 Upenyu norudo,
 Chiburukai;
 Pararirai kwese
 Nomwenje wengoni;
 Nzvimbo ine rima
 Iyedzerwe.

4. Mwari mumwe chete,
 Vatatu Mutsvene,
 Mwari wedu;
 Muri ngoni dzose
 Norudo, nesimba.
 Nokubwinya kose,
 Tiyedzere!

87

Doh is A

7.7.7.7.7.7

Dix

{ld :t,d lr :d lf :f lm :- ll}

1. Imi Mweya waMwari
Itai kuti tinzwe,
Mutitsanangurire,
Mashoko outsvene,
Anovapa upenyu
Vanoateerera.
2. Vanogokomborerwa
Vanonzwa shoko renyu,
Vanoriita pano
Vachakuonaiwo;
Pamunozodzokazve
Vachava pedyo nemi.

88

Doh is B flat 8.8.8.8 Fulda
 {ls, :d :t, l:d :- :r ls, :l, t, ld :- :- l}

1. Vakaropafadzwa avo.
 Vane tsika yenduramo,
 Vanofamba mumurau
 WaJehovha, Mwari wavo.
2. Swededzai mwoyo wangu
 Kuzvipupuriro zvenyu;
 Ndizvo zvinondipa mano,
 Ndinorida shoko renyu.
3. Kana ndichirangarira
 Shoko renyu randinoda,
 Ndipeiwo kunzwisisa
 Ndidzidze zvirevo zvenyu.
4. Handingatongokanganwa
 Shoko iro roupenyu;
 Makandiponisa naro,
 Ndikaropafadzwa kwazvo.
5. Pazvirevo zvenyu Ishe
 Ini ndinowana njere;
 Shoko renyu ndiwo mwenje
 Kuti handizogumburwa.
6. Shoko renyu nhaka yangu
 Kusvikira pakuguma;
 Shoko renyu rakasimba
 Nokusingapere Mwari

89

(Nd. 114)

Doh is E flat 8.6.8.6 Dama raMwari
 {Is :s .s ll :- .slf :m Is :- }

- 1 Tine dama renyu, Mwari,
 Noupennyu naro;
 Rintozivisa zvivi
 NoM'ponisi wedu.
- 2 Rakafamba iro dama
 Richafamba iro;
 Ose marudzi enyika
 Amirira iro.
3. Dzinokundwa hondo dzose
 Neri dama Ishe;
 Ichazara nyika yose
 Neri dama Ishe.
4. Dzose nzizi dzapanyika
 Dzichafara naro;
 Navanhu vose venyika
 Vopfumiswa naro.
5. Dzichapera hondo dzose
 Nezwi renyu Mwari;
 Kuchauya kuwadzana
 Nezwi renyu Mwari.

90

Doh is A flat 8.6.8.6 Yisabata
 {s, :- .l,ls, :d lm :d ll, :d l}

1. Heri dama rokudenga
 RoMusiki wedu,
 Ngatirinzwise zvikuru
 Nayo mwoyo yedu.
2. Rinoreva nguva dzose
 Nokuipa kwedu,
 Rinotiratidza isu
 Zvourema hwedu.
3. Chakaipa imharadzi
 Chinotiparadza;
 Asi Jesu ndiye Shoko
 Rinotiponisa.
4. Ndero kuti ngatidzoke
 Pakuipa kwedu;
 Tizvirasire kwaari
 Muponisi wedu.
5. Ngatibatirire iye
 Nokushingirira;
 Tinoponiswa naiye
 Mune chakaipa.
6. Nhasi ndiro zuva rake
 Rokutiponisa;
 Wamira nengoni dzake
 Kuti atifadze.
7. Ngatimuke tigam'chire
 Iri dama rake
 Anozotiropafadza
 Nokutiponisa.

91

Doh is C

8.8.8.8

Ingoma

{ :d .mls :s ls :l ls :- ld }

1. Mwari nedzo tsitsi dzenyu
Makatipa dama renyu,
Iro dama renyu guru,
Rinobva iko kudenga.
2. Iro rinotidzidzisa,
Iro rinotifadzisa,
Rinobvisa rima rose
Rinouyisa chiedza.
3. Taifamba pane nzira
Inoenda kuna rufu.
Dama renyu rakasvika,
Tinovonga nazvo chose
4. Neri dama tapindutswa,
Neri dama taponiswa,
Rakatidzora pazvivi,
Kuti tiende kudenga.
5. Ngarifambe iri dama,
Ngadzirinzwwe nyika dzose,
Ridzidzise vanhu vose
Vari kune nzvimbo dzose.

92

Doh is G 8.6.8.6 Richmond
 {Is, :d :m ls :- :f Im.f :r ld :-}

1. Svikai, Mweya Mutsvene,
 Timutswe mumwoyo;
 Muri moto wavatumwa,
 Tsime rechiedza.
2. Sederai, makamutsa
 Vaprofita kare;
 Tizarurirwe chokwadi
 Nero Bhuku dzvene.
3. Tambanudza' mapapiro
 Mutivhumbamire;
 Mweya yedu itwasurwe,
 Ngakuve chiedza.
4. Tozomuziviswa Mwari
 NoMweya mumwoyo;
 Tinzwisise navatsvene
 Udzame hworudo.

Tarisazve nziyo idzi: 220, 253.

93

Doh is E 10.6.10.6 neKorasi I Will
 { :d lf :f ll :.f ls .f :f.r ld :- }

1. Mweya wangu uno Muponisi
 Wauri kupiwa;
 Ndafanera kusarudza zvino;
 Ndichagam'chira su?

 Ndoda, ndoda, ndoda,
 Mwari muyamuri muri wangu
 Ndakatengwa neropa ralshe
 Ndava wenyu chose.
2. Nengoni ndichagam'chira tsitsi;
 Rudo rwenyu Kristu
 Rwaukunda mwoyo wangu kwazvo,
 Ndichavimba nemi.
3. Munoziva kusasimba kwangu,
 Ndotya kurasika;
 Asi imi muri simba rangu,
 Munondipa simba.
4. Hongu, Ishe, tipei isu tose
 Ngoni dzenyu nhasi,
 Nezvinobva mumwoyo tichiti:
 Ndichava waKristu.
5. Vakauya vamwe vachibvunza;
 Tingapone here?
 Hongu, ndinoda muponiswewo,
 Nesu tinodaro.

94

(Nd. 116)

Doh is E flat 6.6.8.6 neKorasi Calvary
 { :d .mls :- m:r .d ld :- :d lr :-f :l .slm :- ll }

1. Ndanzwa izwi renyu,
 Rinondidaidza,
 Kuzoshambidzwa muropa
 Robva pam'chinjikwa.

 Ndouya Jesu
 Kwamuri Ishe,
 Kushambidzwa muropa
 Robva pam'chinjikwa.
2. Ndashaya masimba,
 Imi muchandipa;
 Munondishambidza kwazvo
 Munonditsvenisa.
3. Jesu wandidana
 Ndiwane rutendo,
 Norudo norunyararo
 Pasi nokudenga.
4. Jesu wosimbisa
 Nduramo mukati;
 Wapamhidza ngoni dzake
 Panzvimbo pechivi.
5. Toombera ropa!
 Toombera ngoni!
 Chipa chabva kunaKristu
 Iye Mwari wedu.

95

(Nd. 80)

Doh is D

9.7.9.7

Pezulu

{ld :m :f ls :- :s ll :- :d' ll :s : l}

1. Farai nesu, vanotenda,
Tapiwa rufadziso;
Tichifunga nazvo, tinoti,
Chokwadi chishamiso!
2. Jesu waburuka kudenga
Rwauya ruponiso;
Tinodaidzirwa upenyu
Inzwai zvoshamisa!
3. Wafira vakaipa vose
Wabvisa zvidariko,
Watakura zvitadza zvedu,
Kakare zvoshamisa!
4. Murima roupenyu hwedu
Watiisira mwenje,
Unopedza upofu hwose,
Honai zvoshamisa!
5. Anenge akarukutika
Nenzira yezvitadzo,
Angapiwe ruregerero,
Chokwadi chishamiso!
6. Hendei tose takatadza
Kuti tiregererwe;
Tigopiwa masimba matsva
Naye nyakushamisa!

96

(Nd. 406)

Doh is D 8.8.8.8 neKorasi Beulah Land
 { :s, lm .,m :m :r ld .,d :d }

1. Wandiiitirei Jesu?
 Ona! Waburuka denga,
 Wasiya umambo uko
 Kuti ndive muopenyu.

 Ndiye Jesu! Ndiye Jesu!
 Mununuri ano rudo,
 Anondipa nhaka uko,
 Kune nzvimbo inopenya.
2. Wakandiitireizve
 Wandibvisa mukutadza
 Wakawana chinhu here?
 Kwete! Wakauraiwa.
3. Aripiko Jesu zvino?
 Wakakwira pakudenga,
 Achazodzoka kakare
 Noumambo nokubwinya.
4. Ndinomuda Jesu here?
 Hongu! Ndinomudisisa!
 Ndichamuona pachake
 Narini ndimurumbidze.
5. Tingamuzive seiko?
 Dzokai mumutevere,
 Haarambe munhu kwete
 Chimbidzai mumugam'chire.

Doh is A **97** (Nd. 129)
 8.6.8.6 Martyrdom
 { :s, ld :- :l, ls :- :d.r lm :- :r ld :- ll }

1. Tadaidzirwa utsvene,
 Isu vanhu tose;
 Paridzai shoko rake
 Kumarudzi ose.
2. Kwanzi ngatibude tose
 Pane zvakaipa;
 Kwanzi ngatirege zvose
 Zvokupenga kwedu.
3. Zviyevedzo zvapanyika
 Zvakatinyengedza;
 Asi chokwadi chaMwari
 Chabuda pachena.
4. Nyasha noruregerero
 Ndezvoko kudenga
 Horwo rudo norufaro
 Ndezva paupenyu.

98

(Nd. 153)

Doh is F 10.10 neKorasi Yet there is room
 {Is : s.slm :- .dlm.m :r.d lr :- l : l : }

1. Paimba yeGwayana raMwari,
 Panotikwevera mukupenya,
 Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.
2. Wopera musi rovira zuva,
 Kwaita mimvuri nokuvira,
 Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.
3. Imba yesvitsa heyo yozara,
 Achakazarurirwa mukwasha,
 Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.
4. Imba yozara ino rufaro,
 Kurumidza isatiyazara,
 Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.
5. Iripo nzvimbo kuchakashama,
 Ruripo rudo, wakamirirwa.
 Pindai, pindai, nzvimbo ichiripo.
6. Hezvo kopfigwa, wozovachii?
 Kana zvichinzi; Nzvimbo haipo,
 Haipo, haipo, nzvimbo haipo.

99

(Nd. 183)

Doh is G 8.7.8.7.3 Even Me
 {l m :- :f ls :- :d lf :- :m lm :- :r l}

1. Ishe! Ndinzwei nokufara
 Ndinzwe netsitsi dzenyu,
 Dzmunopa vanhu vose
 Ngadziuye mandiri.
 Mandiri.
2. Regai kundisiya, Baba
 Kana ndiri mutadzi,
 Ndino kuipa pamwoyo,
 Asi uyai mandiri,
 Mandiri.
3. Uyai pano, Muponisi,
 Ngandichengetwe nemi,
 Kana muchindishovedza
 Ndichauya kwamuri,
 Kwamuri.
4. Mweya Mutsvene waMwari,
 Regai kundipfuura,
 Ngandione ndiri bofu,
 Taurai izwi resimba,
 Resimba.
5. Rudo rwenyu Mwari Baba,
 Ropa ralshe wangu,
 Nokuwadzana kwoMweya,
 Kungavepo kwandiri,
 Kwandiri.

100

Doh is F

8.8.8.8

Calm

{lm :m :m lf :- :f lm :- :r lr :- :- ll}

1. Kwete! Idzo tsitsi dzenyu
Kuna ivo vane mhosva,
Munoda kuregerera,
Munoda kuvaponisa.
2. Jesu Ishe wokudenga
Tererai vatadzi vose,
Mudzorere, muponise,
Vatyori vemirairo.
3. Tsitsi dzenyu huru, Jesu,
Dzakakwana nyika yose,
Hadzingaenzaniswe,
Hadzingapere narini.
4. Makororo nedzomvemve
Mhombwe navo vanokorwa,
Vose vashovedzwa nemi
Kuti vose vaponiswe.
5. Vanobvuma nokuchema,
Muvanzwe netsitsi Ishe,
Muvaregerere chose,
Simbisai rutendo rwavo.

101

Doh is E flat 9.9.9.9 Have Thine Own Way, Lord
 {Im :r:m lf :- :- lm :- :-lm :- :- ld :t, :d lr :- :- l}

1. Sipiti retsitsi nengoni
 Tinaro muna Ishe wedu;
 Iro razarurirwa isu,
 Naani anoda kuuya.
2. Ishe Jehovha ano rudo,
 Anotipa mvura yedenga,
 Kana tichienda kurwizi
 Tinonwa Mvura youpenyu.
3. Ndiyo inopedzisa nyota,
 Ndiyo inofadzisa mweya,
 Tose tingapiwe pachena,
 Tigogamuchidzwa ngoni dzake.
4. Norudo rwake, tinopiwa
 Mvura iyo yechisipiti,
 Tigowana upenyu nayo
 Hunobva kuna Jesu Kristu.

102

(Nd. 262)

Doh is F 12.12.12.12 neKorasi Noyana
 { : .s, ld :m :-m lr :r :-s, lr :f :-film :m : l}

1. Tirimo munzira yenyika yo'penyu
 Kumusha wavanhu vari parufaro.
 Imi makatsauka nokutadzira She
 Munoenda here, ikoko kudenga?

2. Kusuwa, kusuwa, hakungambovako
 Mune iyo nyika igere vatsvene.
 Vafambi panhamu, pane chakaipa,
 Munoenda here, ikoko kudenga?

3. Ikoko hakuna urombo zvokwadi
 Ipfuma nepfuma izere ikoko;
 Chirwere hakuna? Kwete hakunaba
 Munoenda here, ikoko kudenga?

4. Fambai vatendi, nyika'yo ndeyedu,
 Tinozopupura runako ruriko;
 Hongu tichafamba pamsoro pegomo
 Tichazonwa mvura yo'faro kudenga.

5. Funga iwe m'tadzi, haunakuraswa,
 Tomira chinguva, timirire iwe;
 Uya kuna Ishe anokugam'chira,
 Akuisse zvino ikoko kudenga.

6. Ndinoziva kuti uri pakurema
 Uchiti ndiyani angakuyamure,
 Pamhosva irimo mukati memwoyo
 Ndiye Jesu chete, teura kwaari,

Ndoenda, ndoenda, ndoenda, ndoenda,
 Hongu, ndinoenda ndinange kudenga.

103

Doh is D 7.7.7.7 neKorasi Christ Receiveth
 { :m .,f ls :- .l :m .,l ls :- : }

1. Vatadzi munodiwa,
 Imi makarasika
 NdiJesu wodaidza
 Vadariki vakawa

Imbai zvakarezve
 Vatadzi vogam'chirwa
 NaKristu Muponisi,
 Nhau inoshamisa.

2. Anokupa zororo,
 Tenda chete kwaari;
 Anokoka vatadzi
 Anokuregerera.
3. Handichapiwa mhosva
 Nokudarika kwangu,
 Ndakachenurwa zvivi
 Nokufa kwaShe wangu.
4. Jesu wandigam'chira
 Ini mutadzi kwazvo,
 Achandigadzirira
 Nzvimbo yangu kudenga.

104

Doh is G 8.8.8.6 neKorasi He Lifted Me
 { .s, ls, .l, :l, :- .s,lm .m : :f : }

1. Jesu wakauya pasi
 Kuponisa mweya wangu;
 Ndanyururwa muzvitadzo
 Nengoni norudo.

Ndainyudzwa mumatope;
 Jesu wakandinyurura;
 Ndakabviswa mune rima;
 Ndanyururwa, ndinotenda.

2. Wakandidana norudo
 Ini ndichiri mutadzi;
 Zvandakazoti ndabvuma
 Akandinyurura.
3. Wakakuvadzwa neminzwa
 Akaroverwa pamuti,
 Asi mumadzudzo angu
 Wakandinyurura.
4. Zvino ndava wokudenga,
 Mweya wangu unofara;
 Ndinoshama, ndinofara,
 Wakandinyurura.

By permission of the Charles M. Alexander Copyrights Trust

105

Doh is A 8.7.8.7.8.7 Dismissal
 {ld :t, .l, ls, :m, ll, :d ls, :m, ll}

1. Ndakanga ndakundikana
 Nokuipa kwenyika,
 Ndakachema ndakuvadzwa
 Ndapererwa nesimba;
 Asi Mwari wakandinzwa
 Akandigamuchira.

2. Uyaiwo vakaneta
 Nokuda kwezvitadzo,
 Vanoshonha navakorwi,
 Vashinhwi navatuki,
 Uyaika munodanwa,
 Munoshovedzwa mose.

3. Siya nyika urarama,
 Tura mutoro wako,
 Tora jokwe rakanaka,
 Udzidze kuna Jesu,
 Hapana mumwe M'ponisi
 Saka uya kwaari.

4. Kwaari kuno kupona,
 Pamwe nokuzorodzwa,
 Rufaro, ruregerero
 Simba idzva zviripo;
 Nemi madaidzwa naye,
 Uyai muponiswe.

106

Doh is F 7.7.7.7 University College
 {Im :d ll :s lf :m lr :- ll}

1. Mweni anogogodza
 Zvakapfava zvikuru,
 Anodisa kupinda
 Ano rudo rukuru.
2. Usapfigure kunze
 Mudzidzisi mukuru
 Nokuti anouya
 Namashoko makuru.
3. Vazhinji vakapona,
 Nesu tingaponewo
 Kana tagamuchira
 Mazwi oruponiso.
4. Mweni uyu ndiJesu,
 Angafare zvikuru
 Kuva newe kudenga;
 Zvipire iye zvino.

107

Doh is B flat 9.9.9.6 neKorasi Come to the Saviour
 {Is, :l, .,s, lm, :s, ld :r .,d ll, :- l}

1. Uyai kuna Muponisi;
 Takaratidzwa nzira naye;
 Zvino ari pakati pedu,
 Anoti: Uyai.

Tichazofara taungana,
 Mwoyo yacheniswa pazvivi;
 Taungana noMuponisi
 Ikoko kudenga.

2. Uyai vanangu, tererai;
 Izwi ralshe rinodana;
 Ngatipembere norufaro:
 Uyai! Uyai!
3. Ngatifungezve achinesu;
 Titerere kudana kwake;
 Inzwai zvino anodana:
 Uyai vanangu.

Tarisazve nziyo idzi: 21

UPENYU HWECHIKIRISITU

108

Doh is G 8.6.8.6 neKorasi I Do Belive
 { :d lt, .r :r :r ld .m :m : }

1. Pane sipiti rizere
 Neropa raJesu;
 Vatadzi vanoshambwamo
 Vocheneswa zvivi.

 Ndinotenda, ndinofara,
 Jesu wandifira,
 Napamuchinjikwa ropa
 Randaparadzirwa.
2. Uyo m'pati wakafara
 Kuona sipiti,
 Neni mutadzi mukuru
 Ndinonatswa naro.
3. Handifanere kupinda
 Kudenga kutsvene,
 Asi imi makaripa
 Mhosva dzangu dzose.
4. Ropa renyu rine simba
 Gwayana raMwari,
 Rokutsikinura vose
 Kuti vatsveniswe.
5. Zvandakaona sipiti
 Kusvikira nhasi,
 Ndikabva ndasuma rudo
 Runotiponisa.
6. Ndichaimba nero shoko
 Nguva dzangu dzose;
 Nokudenga ndichakudza
 Rudo rwenyu Tenzi.

109

(Nd. 165)

Doh is G 8.7.8.7 Close to Thee

{ :s, .,d lm :- .d :t, .,r ld :s, : }

1. Baba, nedzo tsitsi dzenyu,
Tarisai mweya wangu,
Ndinochema mberi kwenyu:
Bvisai zvitadzo zvangu.
2. Ini ndiri mberi kwenyu,
Inzwai kuteta kwangu,
Mhosva dzinondinyadzisa:
Bvisai zvitadzo zvangu.
3. Handimanikidzwe nemi,
Inzwai kudana kwangu,
Ndoziva handifanire:
Bvisai zvitadzo zvangu.
4. Ishe Baba ndine tsvina,
Shambidzai mwoyo wangu,
Ndipei ruregerero,
Bvisai zvitadzo zvangu.

110

(Nd. 192)

Doh is E flat 8.8.8.8 Musandirasi
 {Im :m.m lf :m lr :f lm :-l : l : l }

1. Mwari Ishe makavanzwa
 Nyange ndokurwarirai,
 Hamuonekwe kwandiri
 Kunyange ndazvikumbira.
2. Ndine zvivi zvechokwadi
 Ndine mhosva mberi kwenyu
 Ndanga ndino kunyengedza
 Nyange ndave nezwi renyu.
3. Ndakakundwa nokuzvida
 Mwoyo ukakurambai,
 Nyange makandidaidza
 Ndakatozviita matsi.
4. Musandirasewo Ishe
 Nyange ndakaite'zvi
 Ndodiiko ndoendepi
 Kana ndikaraswa nemi?
5. Shewe! Tenzi ndakatadza
 Ndaizvidza izwi renyu,
 Asi rudo rwenyu Kristu
 Rwandidzumbunura zvino.

111 (Nd. 170)
 Doh is D 7.7.7.7.7.7 Wellspring
 {ls :m :f l s :- :d' l r' :d' :t l d' :- :- ll}

1. Kudai ndichibvuma
 Nomwoyo wangu wose,
 Kutsaukana nazvo
 Zvose zvitadzo zvangu,
 Ndiuyewo kwamuri
 KuMuponisi wangu.
2. Kudai ndino kunzwa
 Urombo hwomumwoyo,
 Hunonditungamira
 Mukutendeukawo;
 Ndifambe nayo nzira
 Yoguma murufaro.
3. Kudai ndichitenda
 Nemwoyo wangu wose,
 Ndinamatire kwa'ri
 Wafira mhosva yangu;
 Ndigare ndichivimba
 NoMuripiri wangu.
4. Kudai ndine simba
 Rinobva kuna lsh
 Rokuramba zvenyika
 Ndinangewo kudenga;
 Ndimutsirirei She,
 Ndibude pakuipa.

112

(Nd. 166)

Doh is E flat 11.10.11.10 O Perfect Love
 {ld :- lm :s ls :- ls :- ls :s ld' :t l t:- ll :- ll}

1. Baba nditarisei netsitsi dzenyu,
 Mundiregerere zvivi zvangu;
 Neropa roMwanakomana wenyu
 Chimboteererai izwi rangu.
2. Ishe wangu ndinayo tsvina bedzi,
 Handingashambidze mwoyo wangu;
 Ndovimba chete nedzo tsitsi dzenyu
 Nokuti ihuru mhosva yangu.
3. Zvose zvakaipa zvandakaita
 Ndinozviona mupfungwa dzangu,
 Zviito zvangu zvinondinyadzisa
 Ndinoremerwa nemhosva yangu.
4. Asi ndakanzwa noruregerero
 Kuti ruripo kuMuponisi.
 Ndicharuwana, ndinobvuma chose,
 Ndiye wandidana Ishe wangu.

113

(Nd. 178)

Doh is F 6.6.6.6.6.6.6.6 neKorasi Shwele
 { :d lm :- .r:d.mls :- : l : : }

1. Hakusi kurema
 Kwedzi mhosva dzangu,
 Dzandinadzo ini
 Dzokuzvarwa nadzo;
 Dzakandipinzawo
 Murushavashava
 Rwakandikonzera
 Kufa kwangu kose.

Ishe Jesu, Ishe
 Ivai netsitsi;
 Ishe, Jesu, Ishe
 Ivai nengoni.

2. Handisayamurwa
 Namabasa angu;
 Ndakasungwa kwazvo
 Nezvitadzo zvangu;
 Iye Jesu Kristu
 Pamusana pangu
 Wakanzwa kurema
 Wakafira ini.

3. Dai asauya
 Mununuri wangu,
 Dai asafira
 Mhosva dzangu ini,
 Ndaizotakura
 Nokurangwa kwangu
 Asi zvose izvi
 Zvakabva pana She.

114

Doh is F 8.8.8.8 Chirevo
 { :m .f lm :- .f :m .f lm :r : }

1. Ndinochema Ishe Mwari
 Baba muri m'tsvene ndinzwe;
 Handinakufara Mambo,
 Ndiponisei Ishe wangu.
2. Ndiri hwai, ndarasika,
 Nganditsvakwe ndidzoswezve;
 Ndiri pasi pamapako,
 Chindiron dai Ishe wangu.
3. Ndakarasa nzira yenyu,
 Ndikashora tsitsi dzenyu,
 Ndikakwira pamikwidza,
 Ndikanyura pakaipa.
4. Pane rima rakakomba,
 Buda, Zuva rakanaka;
 Ngandipinde pane nzira,
 Ndiponisei Ishe Jesu.

115

(Nd. 196)

Doh is F

8.8.8.8

Ukunxusa

{lm .m :r .mlf :m lm :r ld :- l}

1. Jesu ndanga ndakurasai
Nyange manga mandifira,
Asi nhasi ndinonyara,
Pamhidzai mundigam'chire.
2. Handina kufanera ini
Kuitirwa idzo tsitsi;
Zvino ndinoita seiko?
Pamhidzai mundigam'chire.
3. Ndinokuipa kukuru,
Nhasi kwandimanikidza;
Ndinotarisa kudenga,
Pamhidzai mundigam'chire.
4. Zvose zvandanga ndaita
Zvaipa, ndinozvinyara;
Zvirokwazvo, Ishe wangu,
Pamhidzai mundigam'chire
5. Ishe. Jesu, ndinochemema,
Ndochemera mhosva yangu,
Ndinonyara, ndinopfidza,
Pamhidzai mundigam'chire.

116

(Nd. 185)

Doh is B flat

8.6.8.6

Evan

1 { :s, ls, .d :m :r ld. l, :s, : }

1. Baba ndiri mwana wenyu
Nyange ndakatadza;
Ndinochema mberi kwenyu,
Mundiregerere.
2. Zvitadzo zvangu zvizhinji
Hazvingaverengwe;
Ndinozviisa kwamuri
Mundiregerere.
3. Mirau yenyu ndakatyora,
Ndakakuzvidzai,
Mununuri ndamurasa
Mundiregerere.
4. Ndakatadza nokureva
Nokufunga kwangu,
Ndakatadza namabasa,
Mundiregerere.
5. Nyange ndanga ndafanera
Kukukurumbidza;
Ndatadza nokukanganwa;
Mundiregerere.
6. Nezvakaipa zvizhinji
Baba, ndakatadza,
Ndakakunyadzisai imi,
Mundiregerere.
7. Muri Mwari mune ngoni
Dzisingazopera.
Naizvozvo ndinochema;
Mundiregerere.

117

(Nd. 86)

Doh is E flat 8.4.8.4.8.8.8.4

Caritas

{Id :-r lm :s ll :s ls :m ll}

1. Nditarirei nokufara
Ishe wangu;
Ndimi makazondifira
Ishe wangu.
Makasiya denga renyu
Makazvideredza chose
Kuti mugondiponisa
Ishe wangu.
2. Ndandigere mune rima
Ishe wangu;
Ndaienda kuno rufu
Ishe wangu.
Dzakauya nhume dzenyu
Kuti ndinzwe dama renyu
Dzandiudza tsitsi dzenyu
Ishe wangu.
3. Ngandinzwiswe ngoni dzenyu
Ishe wangu;
Ndive muponiswa wenyu
Ishe wangu.
Zvakaipa ngazvipere,
Mwoyo wangu utsveniswe
Inzwai, mundiregerere,
Ishe wangu!

118

Doh is E flat 8.8.8.8 Musandirasi
 {Im :m.m lf :m lr :f lm :- l : l : l }

1. Inzwai mununuri wedu,
 Tererai kuchema kwedu;
 Tarasika nokutadza
 Takatsaukana nemi.
2. Kunyange taimboramba
 Pakusvika kwezwi renyu;
 Kunyange takambodaro
 Takazonzwa izwi renyu.
3. Iko kurasika kwedu
 Kwakabva munharo dzedu,
 Tikada kutadza bedzi
 Pakufunga kwedu kose.
4. Nhasi tose tinokundwa,
 Nhasi tose toshambidzwa;
 Zvose zvakaipa zvedu
 Zvakatarisana nesu.
5. Ishe Jesu tiri pano;
 Ngatiregererwe nemi;
 Dururai ropa renyu
 Tibve tashambidzwa naro.

Tarisazve nziyo idzi:127

119

Doh is A 8.8.8.8.8.8 Sagiora
 {Id :- Id :-rlm :- l- :s lf :l, lt, :r Id :- l- ll}

1. Zvingagova sei kuti
 Ndisunungurwe nalshe?
 Ndiye wakafira ini
 Ndakamukonzera kufa?
 Chishamiso chakadini!
 Mwari makafira ini!

2. Ndimashura! Mwari kufa?
 Mazano anoshamisa!
 Ngirozi dzokundikana
 Kunzwisisa rudo rwake.
 Tsitsi dzake! Ngatikudze,
 Ngirozi dzoshamisika.

3. Wakasiya denga rake
 Nenzira yengoni dzake;
 Wakazvidurura chose,
 Wakafira isu vanhu
 Tsitsi dzake dzakanyanya
 Dzakasvikawo kwandiri.

4. Mweya wangu wakasungwa
 Namajoto ezvitadzo,
 Ziso renyu randiona
 Randipenyera zvikuru
 Ndakabiswawo majoto,
 Ndabva ndatevera imi.

5. Handitye zvino kutongwa,
 Jesu nezvake ndowangu,
 Maari ndava mupenyu,
 Ndaruramiswa nalshe,
 Ndosedera kuna Mwari,
 Ndipiwe chiremba naShe.

120

Doh is D

6.6.6.6.8.8

Umkululi

{Im :l ls :m lr :- ld :- l}

1. Muka, mweya wangu,
Rasa kutya kwako,
Diramhamba rako
Riri pana Mwari;
Muponisi wakanyora
Zita rangu nero ropa.
2. Ariko kudenga
Kundireverera,
Norudo nengoni
Nero ropa rake.
Rakaparadzirwa tose
Ririko mberi kwaMwari.
3. Maronda aJesu
Apa muchinjikwa,
Anonyengetera,
Anondirevera;
Anochema: Regererai!
Kanganwirai uyu m'tadzi!
4. Baba anomunzwa
Mwana mudikanwa,
Haadi kuramba
Mukumbiro wake;
Mweya wandiudza zvino
Kuti ndazvarwa naMwari.
5. Ndakaregererwa,
Ndakayananiswa,
Ndava mwana wake,
Handitye Kakare;
Ndinosedera, ndichiti:
Mwari Baba! Mwari Baba!

121

Doh is E flat 8.8.8.8 Samson
 { :d lm :- .f ls :m ll :t ld' ll}

1. Norumuko rwenyu Kristu
 Munomutsa vanhu vose,
 Mava upenyu hwavose
 Ivo vari murutendo.
2. Nokuzvarirwa muchivi
 Ndakanga ndiri murufu,
 Ndakamutswa, ndararama
 Nemi Jesu Muponisi.
3. Ndingatye chiiko ini
 Kana ndasvika pakufa?
 Kufa ndiyo nzira yangu
 Yokupinda muupenyu.
4. Makakwira pakudenga,
 Munonditungamirako
 Kuti ndigogara nemi;
 Jesu muri 'penyu hwangu.

122

Doh is F 8.8.8.8 Holly
 {Im :re.mld :m lr .m :f .s lm :- l}

1. Ngandiite munamato
 Kuna Ishe wokupona;
 Mandiitira rufaro
 Ndochifara, Muponisi.
2. Ndandigere pakaipa,
 Ndakabatwa nemirandu;
 Ndaienda pakutongwa
 Mandizora, Muponisi.
3. Mandinzwisa dama renyu,
 Mandinzwira tsitsi dzenyu,
 Ndichava mwana waMwari
 Ndokuvongai, Muponisi,
4. Makandibvisa pakufa
 Makazondipa upenyu,
 Ndonanga zvino kudenga
 Nedzo tsitsi, Muponisi.

123

Doh is E flat 8.7.8.7 neKorasi Great Physician
 { :s ls :- :m ld :- :r lm :- :1 ls :- : }

1. N'anga huru yava pedyo,
 Ane tsitsi ndiJesu;
 Anoda kutifarisa
 Inzwa izwi raJesu.

 Zita rakanakisa
 Rinotipa rufaro,
 Rumbo rwakanakisa
 Jesu, Ishe, Jesu.
2. Anobvuma shoko rake
 Anozosunungurwa;
 Agofamba zvakanaka
 Aende kuna Jesu.
3. Utsvene huri kwaari,
 Zvino ndotenda Jesu;
 Ndinorida zita rake,
 Zita raKristu Jesu.
4. Kutya kwangu kwaparadzwa
 Nezita rake Jesu;
 Mwoyo wangu unofara
 Kunzwa zita raJesu.
5. Kana tazosvika uko
 Tichazova naJesu;
 Tichakurumbidza zita
 Zita ralshe Jesu.

124

Doh is A flat 6.5.6.5.6.5.6.5 Norfolk Park
 {ld :t, .l,ls, :d .mls :- .flm :- l}

1. Ndomukurumbidza
 Musununguri;
 Anondiponisa
 Pazvakaipa;
 Anondifarisa
 Pamwoyo wangu,
 Ngandikurumbidze
 Musununguri.

2. Ndakabatikana
 Pamhosva yangu;
 Ndakasvipisiswa
 Nezvivi zvangu;
 Ndakanga ndakafa
 Mumweya wangu,
 Wakandiponisa
 Musununguri.

3. Ndichagara naye
 Musununguri,
 Ndichifamba naye
 Panzira yake;
 Woenda kudenga,
 Ndoenda naye,
 Ndive noupenyu
 NoM'sununguri.

125

(Nd. 209)

Doh is D 11.10.11.10 Pax Dei
 {ld :- lm :s ls .- flm :d lm :- lr :d ld :- lt. :- ll}

1. Ishe ndoimba nadzo tsitsi dzenyu,
 Idzo dzondipa rufaro rwangu;
 Rinondifadza irori 'zwi renyu.
 Rinondipawo ruvimbo rwangu.

2. Makatumira idzo nhumwa dzenyu,
 Dzikazodzidzisa mweya wangu;
 Dzakaparidza nemirau yenyu,
 Ikaratidza kutadza kwangu.

3. Ndakachema mberi kwenyu zvikuru,
 Zvandakaona zvitadzo zvangu;
 Asi zvino ruregerero rwenyu;
 Rwapedza chose kuchema kwangu.

4. Ropa roMwanakomana waMwari
 Rakapedza dzose mhosva dzangu;
 Ndakashambidzwa nesimba rengoni,
 Ndotenda kwazvo M'ponisi wangu.

126

Doh is G 7.7.7.7 Nottingham

{ld :- :d lt, :- :s, lf :- :f lm :- :- l}

1. Rukuru ruponiso
Rwalshe wokudenga
Rwatengwa nezvikuru
Zvichibva pakudenga.
2. Rukuru ruponiso
Irworwo rwakatengwa
Neropa rake Kristu
Iro rakaparara.
3. Rukuru ruponiso,
Ndorwavo vakaipa;
Kusina anorambwa
Kana aipa sei.
4. Rukuru ruponiso
Rwobisa pakuipa,
Pakuwa, nokutadza,
Nokufa pano moto.
5. Rukuru ruponiso,
Tinoshambidzwa narwo
Tinotsveniswa narwo
Tifanane naJesu.
6. Rukuru ruponiso
Ruripo pana Ishe;
Tinodya nhaka narwo
Youpenyu kudenga.
7. Tinozodini isu
Kana tikaruramba?
Topona nechiiiko
Tikarurambisisa?

Tarisazve nziyo idzi: 138, 177

RUKUMIKIDZO**127**

(Nd.186)

Doh is A flat

8.8.8.6 Just as I am

{Is, :l, :d It, :- :s, Id :- :r Im :- :- l}

1. Sezva ndiri, ndinouya
Ndisina chandakanatsa,
Asi ndimi mandidana,
Ndinouya Ishe.
2. Handinonoke kubviswa
Zvitadzo zvandakaita,
Kwamuri munochenisa
Ndinouya Ishe.
3. Kunyange ndodzungaidzwa
Namadzudzo omumwoyo.
Ndichinzwa kurwa nokutya
Ndinouya Ishe.
4. Murombo, bofu razvidzwa,
Ndichapona nemi chose,
Ndichapfumiswa kwamuri,
Ndinouya Ishe,
5. Munozondiregerera
Ndigam'chirwe, ndicheniswe,
Nokuti ndokubvumai
Ndinouya Ishe.
6. Rudo runondishamisa
Rwakakunda chakaipa;
Kuti ndive wenyu chose
Ndinouya Ishe.
7. Nenzira yorudo rwenyu
Kuzorunzwa zvakakwana
Pano zvino nokudenga,
Ndinouya Ishe.

128

Doh is E 8.8.8.8 Melcombe
 { :s ls :f lm :r l l ls ll }

1. Imi makabva ku'zuru
 Kutungidza moto pasi,
 Vesai rudo rutsvene
 Ipapo pamwoyo wangu;
2. Ubvirire mbiri yenyu
 Nerimi risingadzimwe,
 Rimire seshongwe yangu,
 Uve muteuro wangu.
3. Simbisai nhuna dzangu
 Kuti ndikushandirei;
 Rudo rwenyu ruchipfuta
 Rumutse chipo mandiri.
4. Ndigadzirire kuita
 Kuda kwenyu kwakakwana,
 Dakara ndive pakufa
 Diramhamba rigokwana.

129

Doh is D 8.7.8.7 St. Oswald
 {Is :- .mll :d' lt :l ls :m ll}

1. Mwoyo wangu uchimutsva
 Ndoupira kwamuri,
 Namasimba angu ose
 Achashandiswa nemi.
2. Ndigam'chirei She Jesu,
 Mwoyo wangu ndowenyu,
 Ngandive muranda wenyu
 Mundizadze norudo.
3. Nditumei kwamunoda
 Munditungamirire,
 Ngoni dzenyu dzindichenge
 Ndishande nokufara.
4. Ngandiite kuda kwenyu
 Ndinoda kwenyu chete;
 Paupenyu napakufa
 Ndozvipira kwamuri.
5. Ndava wenyu chose Ishe
 Ndasarudzirwa basa;
 Ndirege kubva kwamuri
 Chigarai mandiri.

130

Doh is C 8.7.8.7 neKorasi Peace, be still
 {Is .l :s .s :d .m lr :- .l :- }

1. Makati: Zvose siyai,
 Kuti munditevere
 Takasiya zvose Tenzi,
 Tomirira kwamuri.

Torai mwoyo yedu
 Pamwe nesimba
 Zviitise basa, Tenzi,
 Tozvipira kwamuri.

2. Tizadzisei nesimba
 Kuti tive zvapupu
 Zvounhu hwenyuwo Ishe,
 Kuti huri matiri.
3. Yamurai vanhu vedu
 Vakutevere iwo,
 Itai nzeve dzavowo
 Dziterere kwamuri.

131

Doh is G 7.6.7.6.7.6.7.6 Angels' Story
 { :m lm :- .m lr :d ld :- lt, ll}

1. Ndoisa pana Jesu
 Zvivi zvangu zvose;
 Anonditakurira
 Mutoro mukuru;
 Ndounza kuna Jesu
 Mhosva dzangu dzose,
 Ndinoda kushambidzwa,
 Nditsveniswe kwazvo.

2. Ndoisa pana Jesu
 Nhamo dzangu dzose
 Anorapa zvirwere
 Anondinunura;
 Ndounza kuna Jesu
 Dambudziko rangu,
 Anonditakurira,
 Ndigorerukirwa.

3. Ndozorodza kwaari
 Mweya wakaneta,
 Ndorinda zvakanaka
 Pachipfuva chake;
 Jesu Emanueri,
 Ndoda zita rake;
 Anesu nguva dzose
 Ndiye Muyamuri.

4. Ndoda kuva saJesu,
 Wanga akapfava,
 Ndiye mwana mutsvene
 WaBaba wedenga;
 Ndoda kuva naJesu,
 Agondidzidzisa
 Kuti ndikurumbidze
 Pamwe nengirozi.

132

Doh is D

8.8.8.8

Ombersley

{Im :r :d lf :- :f lf :- :f Im :- :- ll}

1. Makandinzvera, Jehovha
Munoziva zvose zvangu,
Kuzorora, kusimuka,
Nokufunga kwakavanda.
2. Nzira nechimiro changu
Munocherekedza zvose;
Shoko risati rataurwa
Munotoriziva rose.
3. Ruzivo runoshamisa
Rwandikomberedza chose;
Nyange ndotizira kure
Muripo pamberi pangu.
4. Rima harindifukidze
Harindivanze kwamuri,
Asi rima nechiedza
Zvakafanana kwamuri.
5. Zviri nhando kukutizai,
Handigone kuzvivanza,
Saka zvino ndozvipira,
Mandikunda Mwari wangu.
6. Ndinzverei mundizive,
Mundiedze, mundidzore,
Mundifambise munzira
Yenyu nokusingapere.

133

Doh is E flat 8.8.8.6 Misericordia
 {Im :r :d lf :- :m ll :- :l ls :- :- ll}

1. Sezva ndakadai, Ishe,
 Kuzozvipira kwamuri,
 Shamwari yezarukira,
 Jesu ndinouya.
2. Ndinouya norufaro
 Kuzopa upenyu hwangu,
 Kuzvipira ini chose,
 Ndouya kwamuri.
3. Ndoda kuve muchiedza,
 Ndishandire kururama;
 Ndoda kushanda nesimba,
 Nezvo ndinouya.
4. Sezva ndakadai, Ishe,
 Ndiri mutsva, ndakasimba,
 Kuita zvandinogona,
 Ndinouya Ishe.

134

Doh is E flat 6.6.8.6 Carlisle
 { :d ls :d lm_r :d_t, ld :- l- ll}

1. Mwari samasimba
 Wengoni norudo,
 Mwoyo wangu unotsvaka
 Chiso chenyu Ishe.
2. Gam'chirai ini
 Muna Jesu Kristu,
 Ndodokwaira kuvimba
 Nenduramo yenyu.
3. Zvose zvandoita
 Ndiitire imi;
 Ndinopira zvipo zvangu
 Muzita renyu She.
4. Jesu ziso rangu
 Rokutarirai;
 Ngarikudzwe zita renyu
 Pasi nekudenga.
5. Mweya worutendo
 Mundimutse ini,
 Ndizadzwe nomoto wenyu
 NouMwari hwenyu.

135

Doh is E flat 8.6.8.6 Byzantium
 { :s ls :d' .tll :s lf :s .flm ll }

1. Zvaanotitonga iye
 Ane chiremera,
 Ngaagam'chire kuvonga
 Norudo rwomwoyo.
2. Iye anotikambira
 Savatengwa vake;
 Paupenyu tiri vake
 Nyange nepakufa.
3. Jesu, gam'chirai venyu,
 Tigutiswe nemi,
 Tishandire mbiri venyu
 Dakara pakufa.
4. Mitumbi yedu nemweya
 Topira kwamuri;
 Zvino isu tava venyu
 Nokusingapere.

Tarisazve nziyo idzi: 94, 283

UPENYU HWECHIKIRISITU: RUFARO NOKUVONGA

136 (Nd. 56)

Doh is D 8.8.8.8 Chipo
 { :m .l ls :- .m :r .s ls :m : l }

1. Tine chipo chakakomba,
Chatakapiwa iyesu;
Takapiwa naJehovha
Icho chipo chatinacho.

2. Chakakomba icho chipo,
Kwavari vakachiwana;
Vanochida kwazvo icho,
Pam'soro pezvinhu zvose.

3. Chine simba icho chipo,
Kwavari vakachiwana;
Choupenyu icho chipo,
Kwavari vakagam'chira.

4. Icho chipo ndiye Jesu
Chatakapiwa iyesu;
Ndiye chipo chakakomba
Kwavari vanomotenda.

5. Tinomuvonga Jehovha,
Naicho chipo chikuru;
Tomuvonga Mwari oga,
Nokutipa Mwana wake.

137

(Nd. 41)

Doh is G

8.7.8.7.4.7

Grace

{d :d ld :r lm :m lm :f l}

1. Ngatitende kuna Jesu,
Ndiye wakatifira;
Wakatiitira tsitsi,
Nokutifira kwake;
Ishe, Baba!
Ivai netsitsi nesu.
2. Isu vanhu voupofu,
Wakauya kunesu
Wakafira vanhu vose,
Wakafira mapofu;
Ishe, Baba!
Ivai netsitsi nesu.
3. Marudzi enyika yose,
Vatende pamwe chete;
Ngavakurumbidze vose,
Vaimbe kuna IShe;
Ishe, Baba!
Iva netsitsi nesu.

138

Doh is G 8.8.8.8 neKorasi Happy Day
 { .s, :d .r lm :- .s, :d .rlm :- }

1. Rakanaka iro zuva
 Randakatenda kuna She!
 Mwoyo wangu fara zvako,
 Udza vanhu vose naro.

Ranaka, ranaka,
 RaJesu wakandishamba!
 Iye wakandidzidzisa
 Kurinda nokuteura:
 Ranaka, ranaka,
 RaJesu wakandishamba!

2. Chanaka chitenderano
 Chinondisunga kuna She!
 Ngaizadzwe imba yake
 Norwiyo rwandinoimba.
3. Rakapera basa guru!
 Ndiri wake, uri wangu;
 Wakandizvuva norudo
 Ndikamutevera ini.
4. Mwoyo wangu chizorora!
 Wakatsaukaniswa kare;
 Rega kubva kuna Ishe,
 Kwa'ri zvose zvakanaka.
5. Nokudenga chakanzwikwa
 l'chitenderano changu;
 Napakufa ndingatende
 Nokuti'ni ndiri wake.

139

(Nd. 211)

Doh is F 6.6.6.6.6.6.6.6 Fara m’Kristu
 {Im :d Im :d Im :r Id :- }

1. Fara iwe m’Kristu!
 Fara kuna Ishe;
 Waponiswa naye,
 Fara nomumwoyo;
 Nokutenda kwaari
 Nawo mwoyo wako,
 Wakaregererwa
 Zvose zvivi zvako.

2. Fara iwe m’Kristu!
 Watongerwa zvino;
 Yakaripwa naye
 Yose mhosva yako;
 Naikoko kufa
 Kwaakafa nako
 Waponiswa naye
 Iwo mweya wako.

3. Fara iwe m’Kristu!
 Fara kuna Ishe;
 Uri wake iwe
 Fara nomumwoyo;
 Nemisodzi yako
 Upisike yose;
 Fara iwe m’Kristu
 Nawo mwoyo wose.

140

(Nd. 234)

Doh is A 8.8.8.8 Jesu Nhaka yangu
 {ls, :m, :s, ld :- :- ld :t, :s, ll, :- :- }

1. Vazhinji vanayo nhaka
 Yavanozviinzwa nayo;
 Vazhinji vanayo pfuma
 Vanozvifarisa nayo.
2. Handizvidze zvipo zvenyu
 Zvohwu upenyu huripo;
 Asi imi Ishe Jesu
 Muri nhaka yangu kwazvo.
3. Kunyange ndanga ndisina
 Zvinhu zvoruno rugaro;
 Ndinemi muridzi wazvo,
 Ndine zvinhu zvose nemi.
4. Kana mava wangu Jesu
 Ndakwana nezvinhu zvose;
 Nezvi zviripo ndezvangu,
 Nezvinouya ndezvangu.
5. Neino nyika ndeyangu,
 Nairo denga nderangu;
 Nahwo upenyu ndohwangu,
 Nokunakirwa ndokwangu.
6. Hahupere uhwo'penyu
 Huri nhaka yangu nemi;
 Kunakirwa hakupere,
 Kwandakawana kunemi.

141

Doh is G 10.10.10.10 neKorasi I am so glad
 {Is, :s, :s, Is, :s, :s, Is, :d :r Im ;- :- l}

1. Ndinofara kuti Baba wedu
 Wareva rudo rwake rukuru,
 Murugwaro rwake rwakanaka
 Ndonzwa kuti Jesu anondida.

 Ndinofara Jesu wandida,
 Anondida, anondida;
 Ndinofara Jesu wandida,
 Ini anondida.
2. Kana ini ndichimukanganwa
 Iye anogondiyeuchidza;
 Zvino kwaari ndinodzokera,
 Ndonzwa kuti Jesu anondida.
3. Jesu anondida ini kwazvo,
 Saka wandipa upenyu hwake ;
 Kutadza kwangu wakakufira;
 Ndonzwa kuti Jesu anondida.
4. Mwoyo wangu uno Muyamuri
 Ndinotenda Jesu Mununuri;
 Zvino ndinogomubatirira
 Nokuti ndonzwa Jesu wandida.

142

Doh is D 8.7.8.7 nekorasi Ubukosi
 { :s .sIs :- .s :l.s ls :m : }

1. Nhasi ini ndinofara
 Nairo ropa rangu;
 Vashamwari munotii?
 Ngandifare nemiwo.

Ishe Jesu ndinotenda
 Ndimi mandifarisa;
 Ndinovonga Ishe wangu
 Nokundifadza kwenyu.

2. Kana ndiri murufaro
 Ngandivonge Jesu She;
 Mumatambudziko ese
 Ndione zano renyu.
3. Pane ino nyika yedu
 Munotipa zvizhinji.
 Ngatigashire tivonge
 Tikudze zita renyu.
4. Ngandigare ndichitenda,
 Ndichionisa rudo,
 Kudzamarare kupere
 Kugara pano pasi.

143

Doh is D 8.4.8.4.8.8.8.4 Anotida
 {ld :r :s :s ll :s:s :m lm :r .,r :d l}

1. Mumwe ariko kum'soro;
 Anotida!
 Rudo rwake rwakakomba;
 Anotida!
 Hama dzedu dzinotiza,
 Zvimwe dzingatitambudze
 Haana kutinyengedza;
 Anotida!
2. Kumuziva ndoupenyu:
 Anotida!
 Wakatipa zvinhu zvose:
 Anotida!
 Tanga tiri kure naye,
 Wakatitenga neropa;
 Zvino tachengetwa naye:
 Anotida!
3. Jesu ndiShamwari wedu:
 Anotida!
 Woda kutiropafadza:
 Anotida!
 Mwoyo yedu inomuda,
 Yoda kushovedzwa naye,
 Zvirokwazvo nechokwadi:
 Anotida!
4. Anoregerera zvivi:
 Anotida!
 Hondo dzedu dzinokundwa;
 Anotida!
 Anotipa zvipo zvose
 Wopa namakomborero,
 Achatipa noutsvene;
 Anotida!

144

Doh is D Rusina Mwero Blessed Assurance
 {Im :r :d ls :- :- ls :- :- lf :s :l ls :- :- l- :- :- l}

1. Ichokwadi, Jesu ndowangu,
 Ndizvo zvandinogonda nazvo,
 Ndova mudyi wenhaka yaShe,
 Ndasukwa neRopa noMweya.

Heyi nyaya nechimbo changu
 Kutunha Muponisi wangu.

2. Kuzvipira kwangu kwaari,
 Ndabva ndaona 'faro rutsva,
 Naidzo nhume dzokudenga.
 Dzouya nenyaya dzetsitsi.
3. Kuzvipira kwangu kwaari,
 Ini maari ndoshangara,
 Ndakataririra kudenga,
 Ndozadzwa nenduramo dzake.

145

Doh is C 13.13.14.13 Harare
 { :.s ld' :d' .sll :m .m ls .s :f :f lm :m. }

1. Vongai Jehovha, mudane zita rake,
 Zivisai zvikuru zvaakaita iye:
 Mwoyo yavanotsvaka Jehovha ngaifare,
 Imbai kwaari nenziyo dzokukudza.

2. Tsvakai Jehovha nesimba rake rose,
 Tonderai naniso dzaakaita lye;
 Mwoyo yavanotsvaka Jehovha ngaifare,
 Kudzai Jehovha nezita rake dzvene.

146

Doh is D 8.8.8.8 Ombersley
 {Im :r :d lf :- :f lf :- :f lm :- :- ll}

1. Mwari mune simba rose,
 Baba wadzo dzose tsitsi,
 Tinokutendai kwazvo
 Nenzira yetsitsi dzenyu.
2. Tinokukurumbidzai
 Nokuti makatisika,
 Makatichengeta imi
 Makatiropafadzawo.
3. Asi pam'soro pazvose
 Tinokutendai Baba
 Norudo rwenyu rukuru
 Pamakatisunungura.
4. Tinokukurumbidzai
 Nenzira yengoni dzenyu
 Dzokuwanikwa kwetsitsi,
 Netariro youtsvene,
5. Tinoteura mutipe
 Mwoyo ive nokuvonga,
 Tionise rurumbidzo
 Mukugara kwedu kwose.
6. Tozvipira kushandira
 Jesu Kristu, Ishe wedu,
 Tifambe pachiso chake
 Noutsvene misi yose.
7. Kurumbidzwa nokubwinya
 Ngakuvepo kuna Baba
 Nokuno Mwanakomana
 Nokuna Mweya Mutsvene.

Tarisazve nziyo idzi: 126 , 141

RUDO KOKUWADZANA NAMWARI

147

Doh is A flat Rusina Mwero My Jesus, I love Thee
 { :s, Id :- Id :mls, :- ls, :lls, f, Im, ; f, ls, :- l-: }

1. Jesu ndokudai Muponisi wangu,
 Ndosiya zvose zvakaipa zvangu,
 Imi M'sununguri, imi M'chengeti,
 Ndokudai Jesu, ndokudai Jesu, ndokudai
 Jesu, ndokudai zvino.
2. Ndokudai nokuti Imi mandida,
 Makandibayirwa pamuchinjikwa,
 Ndokudai nokuti makandifira,
 Ndokudai Jesu, ndokuti Jesu, ndokudai
 Jesu, ndokudai zvino.
3. Ndinogokudai ndichiri mupenyu,
 Ndichakurumbidzai mazuva ose,
 Nomusi wokufa ndinogoimba,
 Ndokudai Jesu, ndokuti Jesu, ndokudai
 Jesu, ndokudai zvino.
4. Kakare kana ndavako kudenga,
 Ndichagara nemi, ndichakukudzai,
 Ndichaimba kwazvo, navanhu vose,
 Ndokudai Jesu, ndokuti Jesu, ndokudai
 Jesu, ndokudai zvino.

148

Doh is E falt 8.6.8.6 St. Peter
 { :s Id' :t ll :s ls :f lm ll }

1. Kwaendepi Ishe Jesu
Kufariswa kwangu,
Iko kwandaiva nako,
Pakutanga kwangu?
2. Kufadziwa kwakadaro,
Pano mwoyo wangu!
Nyamba zvino kwakaenda
Kufadziwa kwangu.
3. Iko kurasika Jesu
Kwakandinyadzisa;
Pamhidzai kundigam'chira,
Zvino ndinopfidza.
4. Nemi Mweya woutsvene
Pamhidzai kuuya
Ndinovenga zvakaipa
Zvakandiparadza.
5. Ndiyamurei Ishe wangu,
Ndisiyane neyo
Midzimu inondirasa,
Yandirasikisa.
6. Ndive nokufamba nemi,
Ndiri hama yenyu;
Kuti ndikwanise yose,
Mirairo yenyu.

149

(Nd. 232)

Doh is G 8.7.8.7 Dominus regit me
 { :m Is :f lm :m lr :r ld ll }

1. Ndiri wenyu Ishe Jesu,
 Munondiregerera;
 Zvamabvisa zvivi zvangu
 Mukati: Uri wangu.
2. Ndiri wenyu Ishe Jesu,
 Zvemunondinyaradza;
 Munondiudza nengoni,
 Kuti muri wanguwo.
3. Zvandigere Ishe Jesu,
 Ndosimbaradzwa nemi;
 Ndinofadzwa ndinofara,
 Muri wanguwo Jesu.
4. Zvandiri muno munyika
 Ndoperekedzwa nemi,
 Ndiri wenyu, muri wangu,
 Kudakara narini.

150

Doh is F 8.7.8.7.8.7.8.7 Austria

{ld :- .r lm :r lf :m lr .t :d ll}

1. Jesu asati auya
Taigara murima,
Rima rokusamuziva
Iye Mwari saBaba;
Zvino nyika inofara
Noruvheneko urwu;
Jesu chiedza chenyika
Chakatumwa naMwari.

2. Chiedza chomwoyo wangu
NdiJesu Ishe wangu;
Kugara kwake mandiri
Kwafusa rima rangu;
Dzose nharo nokuzvida
Kunobiswa mandiri;
Kutya nokubvunda kwangu
Kunopedzwa naJesu.

3. Zvino ndonzwa norufaro
Kuti Jesu ndinaye;
Iye agere mandiri,
Neni ndiri maari;
Wese anobvuma Jesu
Angave nechiedza;
Hongu, ndiyamurei She
Kuti ndive nomwenje.

4. Ishe nguva dzangu dzose
Pfutisa mwenje wangu;
Kuti vamwe vauone
Mwenje woruponiso;
Vagopinda muchiedza,
Vafare nemi Jesu;
Kudakara nyika yose
Ikurumbidze Jesu.

151

Doh is E 8.7.8.7 St. Catherine
 {Im :r Im :f Is :- .I II :s II}

1. Tinoda kugara nemi,
 Jesu muri mutsvene,
 Muno rudo rwakakomba,
 Kunesu tiri pasi.
2. Tinoda kufara nemi,
 Muyeni wakavanda,
 Tinoda kushanyirwawo
 Nemi shamwari huru.
3. Tinoda kufara nemi,
 Mudi wemweya yedu,
 Mwanakomana waMwari,
 Wakabva kuna Baba.
4. Tinoda kufara nemi,
 Shamwari yavarombo;
 Mutigutsewo mumweya,
 Tizadzwe nerutendo.
5. Tinoda kugara nemi,
 Usiku, masakati,
 Patinenge takarara,
 Timutswe norufaro.

Tarisazve nziyo idzi: 140, 166, 270

ZVIEDZO NAMADZUDZO

152

(Nd. 229)

Doh is E flat 7.7.7.7.7.7.7 Hollingside
 {Im :s ll :s ls :- .f lm :- ll}

1. Mudi womweya wangu;
 Ndotizira kwamuri;
 Mhepo inovhuvhuta,
 Ndiri pacham'pupuri;
 Ndivanzei, Muponisi,
 Pana madutu ose;
 Nomusi wokupera
 Gam'chirai mweya wangu.
2. Handina mudziviri
 Ndozembera kwamuri;
 Murege kundisiya,
 Nditsigirwe nesimba;
 Ndinovimba kwamuri,
 Ndinoyamurwa nemi;
 Fukidzai m'soro wangu,
 Namapapiro enyu.
3. Ndinoda imi moga,
 Handidi chimwe chinhu;
 Munomutsa vakawa,
 Munorapa varwere;
 Makarurama imi,
 Handina kururama
 Ndizere zvakaipa,
 Muzere noutsvene.
4. Nyasha dzenyu izhinji,
 Dzokukunda kuipa;
 Dziyerere kwandiri
 Ndicheniswe pamwoyo;
 Sipiti roupennyu,
 Ndinoda kunwa iro;
 Bvirai mumwoyo wangu,
 Muyerere narini.

153

Doh is A flat 6.4.6.4 neKorasi I need Thee
 { :d lm :- .r :d .t, ld :- : }

1. Ndinoinzva nemi,
 Muponisi;
 Hapanazve izwi
 Rinofadza.

Ndinogoinzva nemi,
 Nguva dzose dzose
 Ropafadzai Ishe,
 Ndava pano.

2. Ndinoinzva nemi,
 Garai pedyo;
 Ndokunda zviedzo
 Muri pedyo.
3. Ndinoinzva nemi,
 Muupenyu.
 Garaiwo neni
 Ndigarike.
4. Ndinoinzva nemi
 Ndidzidziswe,
 Zvamakavimbisa
 Zvizadziswe.

154

Doh is E 8.8.8.8 Duke Street
 {ld :m .f ls :l .t ld' : t .l ls :- ll}

1. Irwa kurwa kwakanaka,
 Kristu ndiye simba rako;
 Ita zvose zvakanaka,
 Uchafara nguva dzose.
2. Famba nengoni dzaMwari,
 Tarisa uchamuona;
 Nzira yako iri mberi,
 Kristu ndiye nzira yako.
3. Parwendo rwako usatye,
 Ngoni dzake dzakanyanya;
 Kana uchivimba naye
 Anozokutungamira.
4. Rega kutya, ari pedyo,
 Iye asingapinduke;
 Tenda chete, uchaona
 Kristu ndiye muyamuri.

155

Doh is B flat 7.7.7.7 neKorasi Remember me, O Mighty God
 { Is, :m, .s, Id :- .d Id :t, }

1. Apo ndatambudzika
 Nezvakaipa zvangu
 Nezvirunziro zvangu,
 Ndizwei Baba wangu.

Ndicherechedzei Baba we,
 Ndicherechedzei Baba we.

2. O Baba samasimba
 Ndipei simba renyu
 Nokuti ndinoshaya
 Kugara zvakanaka.
3. Panguva yokuchema,
 Nenguva yokutamba,
 Nenguva yoursiku,
 Pabasa rangu rose:
4. Parwendo rwoupenyu
 Munyatwa nomurufu,
 Mudenda rakaipa
 Ndichengetei Baba.

156

Doh is G 8.7.8.7 Dominus regit me
 { :m ls :f lm :m lr :r ld : }

1. Mwari runondishamisa.
 Rudo rwenyu kwandiri,
 Kutambura ndatambura,
 Asi imi muneni.
2. Pakurwara ndakarara.
 Ndovimba nemi Jesu;
 Ndigadzirirei nzira
 Yokuuya kwamuri.
3. Hamunete kubatsira
 Varwere vatambura
 Nokurwara kwamakore
 Nezvirwere zvizhinji.
4. Itaiwo kuti hama
 Neshamwari dzitende;
 Varege kuora mwoyo
 Nokuti ndiri ndonda.
5. Musi womondidaidza
 Ndingafara zvikuru,
 Nokuti ndinozogara
 Pachigare chitsvene.
6. Kunyange rima rouya
 Romumvuri wokufa
 Imi Jesu, Mununuri
 Munondiperekedza.
7. Kumusha wenyu kudenga
 Kunogara vatsvene,
 Vadyi venhaka yedenga
 Nokusingazopera.

157

- Doh is B flat 7.6.7.6.7.6.7.6 Morning Light
 { :s, Id :- .d Im :d Id :- II, II }
1. Ndiani mhandu iyi
 Inorondomara,
 Yoringa vari pasi
 Nehanzu yesimbi?
 Yovirima nesimba,
 Pfumo, nebakatwa,
 Yosangana naMwari
 Wuto ndokutiza.
 2. Nako kureba kwayo
 Vose vakaitya,
 Votiza Goriati
 Somukundi wavo;
 Reva kuti ndiani
 Mhandu yedu nhasi?
 Ndiho utadzi hwangu,
 Nechitadzo changu.
 3. Musimba rake Jesu
 Ndorwa saDavhidhi,
 Nyange ndisina zvombo
 Simba ndiye Jesu;
 Ndofunga tsitsi dzake,
 Ndinokonya nadzo,
 Ndotsveta mweya wangu
 Pano rudo rwake.
 4. Ndonanga nechimvii
 Kuna Goriati;
 Mwari wati zvidaro
 Ndichakunda chivi;
 Necho chitsidzo chake
 Ndinokonya naShe,
 Ndinokunda chokwadi
 Nokuti wadaro.
 5. Musimba rake Mwari
 Ndonanga kumhandu,
 Simba ndirwo rutendo
 Rinokunda mhandu;
 Rutendo muna Jesu
 Runodema chivi,
 Rwonanga pane simba,
 Rwomuwisa pasi.
 6. Simukai maKristu,
 Muchitanda mhandu
 Mutunhe Wematenga
 Anokunda chivi;
 Anosvika ndiJesu
 Kuzokupa simba,
 Haabate bakatwa,
 Kurwa ndiko kwake.
 7. Ishe musi nomusi
 Woonesa simba
 Wodzikamisa mhandu
 Nokuiuraya;
 Mwari, tiyamurei
 Kuti tipandze,
 Kuti nyika izive
 Simba rake Jesu.

Doh is F **158** (Nd. 36)
 8.8.8.8 Hursley
 {d :d :dld :t, :d lr :m :r ld :- :- ll}

1. Mwari ndiye tsvingo yedu,
 Ndiye simba redu iye;
 Pakumanikidzwa kose,
 Ruyamuro rwechokwadi,
2. Nyange nyika yosandurwa,
 Nyange makomo okandwa
 Mugungwa rakadzikisa,
 Hatimbotya, tinovimba.
3. Nyangwe gungwa roriridza,
 Richimedza namafuro;
 Mweya unovimba naye,
 Unogonzwa runyararo.
4. Pane rwizi rwakanaka
 Rwofadza guta raMwari;
 Upenyu, rudo, rufaro,
 Zvinoyerera mariri.
5. Mwari agere mariri,
 Haringambozunungutswa;
 Rinozobatsirwa naye,
 Rinunurwe pakarepo.
6. Ndiye Jehovha wesimba,
 Ndiye Mwari ano rudo,
 Ndi Mwari agere nesu;
 Mwari ndiye tsvingo yedu.

159

Doh is F 8.6.8.6 Dundee
 { :d Im :f Is :d Ir :m lf ll }

1. Vongai kuna Jehovha,
 Nokunaka kwake,
 Kuti dzose ngoni dzake
 Hadzina magumo.
2. Ndudzi dzose ngadzidaro
 Ne'mba dzavo dzose,
 Kuti dzose ngoni dzake
 Hadzina magumo.
3. Ndakashovedza Jehovha
 Pakutambudzika;
 Akandinzwa, ndikaiswa
 Pakufarikana.
4. Ishe ari pedyo neni
 Anondiyamura,
 Anozondisimbaradza
 Pazviyedzo zvose.
5. Kana Ishe ari pedyo
 Handitye chinhu;
 Kufa, nzara, nokurwara
 Hazvizondikunda.
6. Kuvimba naye Jehovha.
 Nokunzvenga naye;
 Kusavimbazve navanhu,
 Ndizvo zvinodiwa.
7. Imi muri Mwari wangu,
 Ndichakuvongai;
 Zvirokwazvo muri wangu,
 Ndichakukudzai.

160

Doh is B flat 7.7.7.7.7.7 Redhead No.76
 {ld :d lr :m lf :- .f lm :- ll}

1. Dombo rakarekare,
 Matsemurirwa ini,
 Ngandivande mamuri,
 Ndiponiswe paviri
 Pasimba rokuipa,
 Nemhosva yandibata.
2. Basa randinoita
 Haringakufadzisei,
 Nyange kutsungirira
 Nokuchemera zvivi;
 Handiponiswe nazvo,
 Ndimi moga M'ponisi.
3. Handina chimwe changu
 Ndobata muchinjikwa;
 Mutwi, mundisimidze
 Rombe mundiyamure,
 Ndine tsvina M'ponisi,
 Mundishambidze chose.
4. Kana ndigere pano,
 Kana rufu rwasvika
 Ndoyambukira mhiri,
 Ndoiswa pakutongwa,
 Jesu, Dombo rakare,
 Ndichavanda mamuri.

162

(Nd. 87)

Doh is G

8.8.8.8

Mwari wedu

{ls, :l, :s, ld :- :m lm :r :d lr :- : }

1. Kristu Mununuri wedu,
Ndimi muri simba redu
Muri simba ravo vose
Varipo munyika yose.
2. Muri simba rechokwadi,
Hamunako kunyengedza,
Muri tariro narini
Iyo isingapinduke.
3. Muri tariro panyika.
Yavanodzoka pazvivi,
Vachibvuma zvivi zvavo
Kwamuri, tariro yavo.
4. Muri simba ravachemi,
Voti, Yowe! Takatadza.
Muri simba ravaKristu,
Muri simba roga roga.
5. Nezvo ngativimbe tose
Kunemi, nenguva dzose;
Tiuye napaumambo,
Mberi kwenyu pakudenga.

163

Doh is F 6.6.9.6.6.9 neKorasi Trust and obey
 { :d .r l m :m :r ld :- : }

1. Kana tichifamba
 Muizwi raMwari
 Anotifadzisa munzira;
 Anoropafadza
 Vose vanomuda
 Vanovimba nokuterera.

 Kutererera,
 Ndiyo bedzi nzira
 Yorufaro naJesu,
 Vimba uterere.
2. Hatizogumburwa
 Hatizotsutsumwa
 Tinofarira rudo rwake;
 Kutya nemisodzi
 Zvopera kunavo
 Vanovimba nokuterera.
3. Kana taremerwa
 Pano kunzwirana
 Anotitusa basa redu,
 Ivo vane nhamo
 Vanokomborerwa
 Nokuvimba nokuterera.
4. Hatingazoziva
 Rufaro rwalshe
 Kudzamare tamupa zvose;
 Zvino ticharunzwa
 Rugare rwaivo
 Vanovimba nokuterera.
5. Zvino ngatigare
 Patsoka dzaJesu,
 Kana pakufamba munzira
 Tichiita zvake,
 Tichitumwa naye
 Tichivimba nokuterera.

164

Doh is C 10.10 Pax tecum
 {ls :- ls :s ls :- l- :s ll :l ll :s ls :- l- :- ll}

1. Runyararo munyika yerima?
 Ropa raJesu rinonyaradza.
2. Runyararo mukati mebasa?
 Ita kuda kwaShe, izororo.
3. Runyararo, tiri mumadzudzo?
 Kuna Jesu tinodzikamiswa.
4. Runyararo vadiwa vasipo?
 Jesu anochenga isu navo.
5. Runyararo, pasingazikanwe?
 Toziva Jesu, wobata zvose.
6. Runyararo, rufu ruri pedyo?
 Jesu wakunda simba rokufa.
7. Nhamu dzedu dziri kuzopera,
 Towana runyararo kudenga.

165

Doh is E flat 7.7.7.7 Azalia
 { :s ls:- :m ld' :-: l ls:- :- lm:-:mlr:- tll:-:llt:-:-ls:- }

1. Nyange ndiri murombo
 Mwari anondichenga
 Anondipa zvokudya
 Anondifukidzawo.
2. Kana ndichiteura
 Anonzwa nguva dzose;
 Kana ndichikotsira
 Haasiyane neni.
3. Mubati wokudenga
 Wakazviita rombe
 Nenzira yangu ini
 Kuti andikuputse.
4. Kana ndiri mubasa
 Anondikomborera;
 Kuzoti ndabva pano
 Ndichazorora naye.
5. Zvino ndinomukudza
 Nokutenda kwaari;
 Uko kufara kwangu
 Ndachengetwa naMwari.

166

Doh is E flat 7.6.7.6.7.6.7.6 Aurelia
 { :m lm :m lf :m lm :- lr ll }

1. Totarirepi Ishe
 Panze pokwamuri?
 Toyamurwa naniko
 Panze penyu imi?
 Makasikawo vanhu
 Makasika zvose;
 Madzika sununguko,
 Tiponiswe tose.

2. Hamuna zvipingidzo,
 Mune simba rose;
 Hamunawo hanganwa,
 Munoziva zvose;
 Tichengetei Baba,
 Nero simba renyu;
 Tivhenekereiwo
 Noruzivo rwenyu.

3. Mutikombe netsitsi
 Pane rwendo rwedu
 Tiyamurei munzira
 Nezvatinoshaya;
 Tinunurei mukufa
 Tisabve kwamuri;
 Tigashirwe kudenga
 NoMwanakomana.

167

Doh is A flat 7.7.7.7 St. Bees
 {Id :d Id :- .t,ll, :t, Id :- ll}

1. Ndicharumbidza Mwari
 Mazuva ose angu;
 Vanyoro vachazvinzwa,
 Vachagofarisisa.
2. Kudzai Mwari neni,
 Kudzai zita rake;
 Zvandakatsvaka Mwari
 Akazondipindura.
3. Akandisunungura
 Pakutya kwangu kwose,
 Vatumwa vaJehovha
 Vanondikomberedza.
4. Ravirai, muone
 Jehovha wakanaka;
 Anovakomborera.
 Vanovimba kwaari.
5. Imi vatsvene vake,
 Ityai Mwari chete,
 Nokuti vanomutya
 Havana kumwe kutya.
6. Kudzai Mwari mose
 Munoshandira iye;
 Vanovimba kwaari
 Vachazofarisisa.

168

Doh is A flat

7.7.7.7

St. Bees

{ld :d ld :-t,ll, :t, d :- l}

1. Gadzira miteuro
Jesu anoda kunzwa
Iye wakaraidza
Haarambi kukunzwa.
2. Unouya kwaMambo
Uya nemikumbiro,
Ane ngoni nesimba
Kumbira unopiwa.
3. Ndotanga nomutoro;
Bisai zvitadzo zvangu;
Shambidzai mwoyo wangu
Neropa renyu, Ishe.
4. Ndotsvaka kuzorora,
Garai mumwoyo wangu;
Imi Mufiri wangu,
Ndive temberi yenyu.
5. Zvandichiri mufambi
Ndifarisei norudo;
Muve mutungamiri,
Muvewo nhowo yangu.

169

Doh is F 7.6.7.6.7.6.7.6 Bologna
 { :m ld :d lr :r lm :- ld :r,dll, :r ld :t, ld :-: }

1. Famba mangwanangwana
 Famba masakati,
 Famba zuva rovira,
 Famba pausiku;
 Famba nomwoyo m'tsvene
 Urege kutyiswa
 Upfugame namabvi
 Teura ruvande.
2. Kumbirira shamwari
 Vose vaunoda
 Kumbirira vavengi,
 Rega kuvasiya;
 Shure kwazvo kumbira
 Chowotsvaga woga;
 Muzita rake Jesu
 Mununuri wako.
3. Kana washaya nzvimbo
 Yokuteurira
 Kana varipo vamwe,
 Zvimwe unebasa;
 Simudza mwoyo wako,
 Mwari anokunzwa;
 Kufunga kwedu kose
 Kunozibwa naye.
4. Kana wawona nhamo
 Teura kwaari;
 Nomurufaro rwako
 Funga ngonzi dzake;
 Simba raakatipa
 Rinokunda zvose,
 Simba rokuteura
 Kuna Mwari wedu.

170

(Nd. 237)

Doh is E flat

7.7.7.7

Waddilove

{ :d l m :- .r :d .d' ld' :l : }

1. Kuna Mwari zvitauze
Zvinosuwisa zvose,
Uchimuudza iye
Zvinokumanikidza.
2. Anozviziva ega
Kuwanda kwazvo zvose;
Anozviona ega
Norudzi rwazvo zvose.
3. Haati azvidza'ni
Anozviisa ega;
Haati atanda'ni
Watizira kwaari.
4. Uchichema misodzi
Anokuona iye;
Kana uchitambura
Anozokununura.
5. MuKristu unochema
Chiudza Mununuri;
Zvaaiva panyika
Wakachema misodzi.
6. Unonyaradzwa naye
Pane nhamburo dzako;
Ndiye anopa simba
Rokukunda madzudzo.

171

Doh is B flat 8.8.8.8 Wareham
 { :dld :t, :l, ls, :- :d lr :d :t, ld :- : }

1. Kunamata kuna Mwari
 Hakusi kom'romo chete;
 Nokunanga 'ko kudenga
 Hakusi kureva chete.

2. Kugara nokwenduramo,
 Kuchengetanwe netsitsi,
 Kutaurwe zvirokwazvo,
 Kugara kuno utsvene.

3. Kubva pane chakaipa,
 Nomwoyo wakasimbisa,
 Kutarisa kuna Ishe
 Nokutya nokurumbidza.

172

Doh is D 8.6.8.6 Prince of Peace
 {Is :s :l Is :- :f Im :- :r Id :- :- l}

1. Baba wedu wokudenga
 Baba wedu tose,
 Mune ngoni dzakanyanya
 Kuna vanhu vose.
2. Ngaribatwe noutsvene
 Iro zita renyu
 Ngarikurumbidzwe Ishe
 Navo vanhu vose.
3. Ihwohwo umambo hwenyu
 Ngahwuuye ihwo;
 Hudzikunde hondo dzenyu
 Dzigam'chire ihwo.
4. Ngakuitwe kuda kwenyu
 Pane nyika yose
 Sezva kunoitwawo
 Pane denga rose.
5. Nhasi tipei kudya kwedu
 Komusi nomusi
 Dyisai nemweya yedu
 Nokudya kwayowo.
6. Mutiregerere zvivi
 Nezvitadzo zvedu,
 Sezva tinoregerera
 Vanotitadzira.
7. Musatiisewo Baba
 Isu mukuedzwa.
 Asi tinunurei She
 Pano wakaipa,
8. Umambo hwose ndohenyu
 Namasimba ose
 Naiko kubwinya kwenyu
 Hakuchazopera.

173

Doh is F 8.7.8.7.8.7.8.7 What a Friend
 {Is :- .s | | .s :m .d ld :- ll, : l}

1. Tine hama yedu Jesu,
 Shamwari yavatadzi!
 Takaropafadzwa chose,
 Teurai anonzwa.
 Kana takasurukirwa
 Tine matambudziko
 Tisisade kuteura
 Titeure kuna She.

2. Kana tavamukuedzwa,
 Matambudzo asvika,
 Hatichambozotya chinhu
 Titeure kuna She.
 Hatinazve imwe hama
 Yakafanana naShe;
 Mumatambudziko ese
 Titeure kuna She.

3. Kana tavamukuneta
 Tonetswa nemitoro,
 Jesu ndiye tsvingo yedu;
 Titeure kuna She,
 Kana musisina hama
 Titeure kuna She.
 Anokugamuchirai
 Mugowana zororo.

Tarisazve nziyo idzi: 184

174

Doh is E flat 10.6.10.6 neKorasi I know whom I have believed
 { :d lm :- .m lf .m :r .d ll :s ls : }

1. Rudo runopfuura kuziva
 Ndipei irworwo;
 Rudo ngaruzadze mwoyo wangu,
 Rudo rwaShe Jesu.

 Urwu rudo rwakaoneswa
 NaJesu Kristu, M'ponisi wangu,
 Urwu rudo ruve mandiri,
 Ndizadziswe norudo.
2. Kunyange ndichinzwisisa zvole,
 Ndisinarwo rudo,
 Kunyange ndinokutenda kwose,
 Handisiri chinhu.
3. Kunyange ndagovera varombo
 Zvole zvandinazvo
 Ndikabvumira kuti ndipiswe,
 Handiwane chinhu.
4. Rudo runo mwoyo murefuwo,
 Rudo rune tsitsi,
 Harutsamwe, haruite shanje,
 Haruna manyawi.
5. Rudo haruzvitsvakire zvarwo,
 Harunazve shura,
 Harufarire kusarurama.
 Asi idi chete.
6. Rudo rune tariro pazvose,
 Runotenda zvole,
 Rudo runoshirira pazvose,
 Harutongopere.
7. Kutenda, netariro, norudo,
 Ndizvo zvinogara.
 Asi chikuru pakati pazvo
 Ndirwo urwu rudo.

175

Doh is G 7.7.8.8.7 Sedera
 { :m, .f,ls, :- .d ll, :s, ld :- l- : }

1. Sedera, mweya wangu.
 Uya kuna She wangu,
 Uya sezva wakaita.
 Usanange panorufu,
 Sedera, mweya wangu.
2. Zvicheme, mweya wangu,
 Zvose zvitadzo zvangu;
 Zvakaipa zvinonyadza,
 Asi ini ndichinazvo,
 Zvicheme mweya wangu.
3. Namata mweya wangu,
 Uya kuMununuri;
 Daidza iwe kuna She
 Anonzwa iye kudenga;
 Namata, mweya wangu.
4. Vimbazve, mweya wangu,
 Tenda kuna She wangu;
 Wakambouya panyika
 Kuti ndiende kudenga;
 Vimbazve, mweya wangu.
5. Pembera, mweya wangu
 Pano M'ponisi wangu;
 Wakauya kundifira,
 Ndakaregererwa naye;
 Pembera, mweya wangu.

176 (Nd. 316)

Doh is F 8.8.8.8 Ukunxusa

{Im .m :r .m lf :m Im :r Id :- l}

1. Jesu Mambo worugare
Ngatibvumirane nemi;
Revai shoko mupedze
Nharo nako kupesana.
2. Zvose zvinokanganisa,
Nezvo zvinowanzonetsa,
Ngazviraswe kure zvose
Zvigokundwa nokudana.
3. Uchenye, nokutsutsumwa,
Nezvinotsamwisa zvose,
Zvigobviswa, zvipedziswe
Nokuregerera kwenyu.
4. Itai kuti tidane,
Takapfava, tine tsitsi,
Pakufunga, napamazwi,
Tive semi, Ishe wedu.
5. Titakudzane mitoro,
Tinzwirane, tiyam'rane,
Tiratidze vose vanhu
Mugariro waMaKristu.
6. Tichenjerere kudada,
Ngatifambe norukudzo;
Nomu udzame hworudo,
Nourefu hwoutsvene.

177

(Nd. 227)

Doh is G 9.7.9.7.8 Ishe wangu
 {l : :d ., s,ld :- .d :d .m lr :r : }

1. Ishe wangu maindidisa
 Pakurasika kwangu;
 Ishe wangu maindironda
 Chete mugwara rangu
 Ndawanikwa Ishe wangu.
2. Ishe wangu iro'zwi renyu
 Ndiwoyo mwenje wangu;
 Ishe wangu nengoni dzenyu
 Dzinondifarisawo;
 Ndinofara Ishe wangu.
3. Ishe wangu nomweya wenyu
 Wondiita mutsvene;
 Ishe wangu kudenga renyu
 Iroo musha wangu;
 Ngandipinde, Ishe wangu.

178

Doh is F 8.8.8.8 Blockley
 {Im :d :f Im :- :m Im :- :r Id :- ll}

1. Farai mazuva ose,
 Rambai muchinamata,
 Vongai pazvinhu zvose,
 Ndizvo zvaanoda Mwari.
2. Regai kudzima Mweya,
 Musazvidze zvaprofitwa,
 Regai kuipa kwose,
 Mubatise zvakanaka.
3. Mwari wakatendeseka,
 Ndiye anotidanidza
 Tive vatsvene saJesu;
 Achazviita pachake.

179

(Nd. 221)

Doh is D

8.8.8.8.8.8

Mapudzi

{Is :s .lls :- .d lf :m lr :- l}

1. Ngandibereke mapudzi,
Ayo oMweya Mutsvene,
Ohunhu nokururama
Nduramo nomwoyochena,
Izvo zvose zvorutendo,
Nezvorudo norufaro.
2. Izvo zvinhu ngazvikure
Mumwoyo nenguva dzose,
Zvindiyaure ndidzure
Kose uku kumanikwa
Kousvinu nokwetsino
Nokwezvinhu zvinobvako.
3. Hongu, Ishe, nganditunge
Ndivewo anobereka,
Ndivavarire kuwana
Zvosewo zvakarurama
Zvigorega kuzorambwa
Hwose unhu nadzo tsika.

180

Doh is G 6.6.8.6 Canada

{ :d Im .d :s, :l, ls, :- ll}

1. Vakaropafadzwa
Varombo pamweya;
Nokuti Ushe hwaMwari
Ndohwavo kudenga.
2. Vakaropafadzwa
Vanochema pano;
Vachanyaradzwa naIShe
Vachafara kwazvo.
3. Vakaropafadzwa
Vasingazvikudze;
Vachagara nhaka huru
Yokunyika yose.
4. Vakaropafadzwa
Vose vane nzara;
Vanotsvaka kururama
Vanozogutiswa.
5. Vakaropafadzwa
Vose vane ngonzi;
Kana vachitongwa ivo
Vachanzwirwa tsitsi.
6. Vakaropafadzwa
Vane mwoyochena;
Vanotsvaka Mwari
Vachazomuona.
7. Vakaropafadzwa
Vanoyananisa;
Voita basa raMwari
Ndivo vana vake
8. Vakaropafadzwa
Vanotambudzawo;
Nokuti Ushe hwaMwari
Ndohwavo kudenga.

Tarisazve nziyo idzi: 82

181

Doh is D 8.8.8.8.8.8 Mozart
 { :s ls :m :m lm :d :d lt, :r :f lf :m : }

1. Hoyo mushandiri waShe!
 Ndoda kurairwa nemi
 Kuchengeta shoko renyu
 Nokuedza kuda kwenyu;
 Ndisaite kuda kwangu,
 Ndizadzise kururama.
2. Kana mandinzwira ngoni
 Kuti ndiitise basa,
 Sarudzai zvamunoda,
 Asi garai mandiri;
 Zviito ngazvive zvenyu
 Zvakanaka, zvakanakwana.
3. Pfungwa dzangu dzose Ishe
 Ngadzitungamirwe nemi,
 Basa rangu rive renyu,
 Ndiro rakakwana chose;
 Ndiro rinofadza Baba,
 Renyu roga rakanaka.
4. Ndinozviisa kwamuri,
 Ndiri ivhu, mundiumbe;
 Mundiite hari yenyu,
 Ndikutererei chose;
 Ndive mushandiri wenyu
 Paupenyu napakufa.

182

Doh is C

8.8.8.8

Mainzer

{ :s ls :s ld' :t ll :l ls ll }

1. Tenzi ngandifambe nemi,
Munzira dzokushandira;
Ndikuridzirei ini,
Ndisatye kudikitira.
2. Ndimutse vane chinepfu,
Zvimwe neshoko rorudo,
Ndidzore varitairi
Kuti vanange kumusha.
3. Ndidzidziswe kuva nemi
Ndirambe ndakakwamira
Mumabasa orutendo,
Noruvimbo runokunda.
4. Kwamuri ndine tariro
Inovhenekera mberi
Murugare rwamunopa
Ngandigare nemi Tenzi.

183

(Nd. 311)

Doh is F 8.8.8.8.8.8 Mumanzi
 {Im :- :d ll, :- :d lm :- :d lm :r }

1. Urwo rutendo rukuru
 Rwokutenda somucheche,
 Norudo rwebasa renyu,
 Ngandipiwe Mwari irwo,
 Ngarwukunde mwoyo wangu
 Ndiparidze dama renyu.

2. Ndipei rudo neshungu
 Ndichemere vanotadza,
 Ngarwuvepo rwundipise
 Ndivadzore pane ngozi,
 Ndivadzorerere panzira
 Yamunoponisa nayo.

3. Ngandibvume nazvinoka
 Ndizvipire vakatadza
 Vasingazive M'ponisi;
 Ndivavarire ndiwane
 Vose navari murima
 Vasafe vasamuziva.

4. Matarenda nezvipiwo
 Zvose Baba zvandinazvo
 Zvishandiswe basa nemi;
 Ndifambise dama renyu
 Ndiudze vatadzi vose
 Kuti Jesu hama yavo.

5. Ngaupiswe mwoyo wangu,
 Uzadziswe rudo rwenyu,
 Ndiedze nesimba rose
 Ndivade kufana nemi,
 Ndiuye navo kwamuri
 Mufudzi wakavafira.

184

Doh is G 7.6.7.6.7.6.7.6 Angel's Story
 {m llm :- .m lr :d ld :- lt, : }

1. Timutsirei Ishe,
 Tikuteurei;
 Titsungisei Ishe,
 Tivimbe kwamuri;
 Kukushandira Jesu
 Ngakutifadzise;
 Norudo rwenyu Jesu
 Rupise matiri.

2. Ngatirege kuneta
 Pakukushandirai;
 Tisatonhore isu
 Pano rudo rwenyu;
 Tibvumirei Ishe,
 Tikushandirei;
 Tisimbisei, Ishe,
 Tikudisisei.

185

Doh is A 6.6.8.6 St Michael
 { :s, ld :m lr :r lm :- l- ll}

1. Musimba renyasha,
 Mwoyo uchifara,
 Ndozvitsaurira imi
 Nguva dzangu dzose.
2. Ndakadzikinurwa
 Ndozvipira imi;
 Kubvira zvino ndinoda
 Kukushandirai.

186

Doh is G 10.11.10.11 Jesus bids us shine
 { l d .s, :s, .s, ls, :d .r l d :t, lt, :- l }

1. Jesu anoti tivhenekere
 Sekanjera nduku murima guru
 Nyika ine rima, ngativheneke
 Iwe pako neni pandigere.
2. Takabatidza mwenje kwaari
 Anogozviziva kana todzima,
 Anotipa simba rokuvhenekera
 Iwe pako neni pandigere.
3. Anoda kuti tivhenekere
 Vose vakarasikira murima,
 Rima rokusanzwa kana kutadza,
 Saka ngatibvire patigere.

187

Doh is D 8.8.8.8 Francistown
 { | : : s . s l s :- . s : l . s l m . s : s : }

1. Muzita raShe ndoenda
 Kunoita basa rangu,
 Ndichida kuziva imi
 Pazvose zvandinoita.
2. Mubato wamunondipa
 Ngandiite norufaro,
 Muvepo neni pabasa
 Ndigoita kuda kwenyu.
3. Ndinokugadzai mberi
 Mundiongorore mwoyo,
 Ndoshanda ndichiterera,
 Ndiise zvose kwamuri,
4. Nditakudzei joko renyu
 Ndigare ndakarindira,
 Nditarire zvinouya,
 Ndichimbizike kusvika.
5. Ndichafara kushandisa
 Zvamakandipa nenyasha,
 Ndimhanye murwendo rwangu
 Ndichiperekedzwa nemi.

188

(Nd. 245)

Doh is A 8.7.8.7.4.7

Dismissal

{llld :t, .l, ls, :m, ll, :d ls, :m, ll}

1. Nditungamire Jehovha
Ndichifamba murenje;
Ini handina masimba
Muna masimba ose;
Muponisi!
Ndimi inhowo yangu.
2. Sipiti roruponiso
Ngarifashukire'ni;
Chipapata chokudenga
Ngachipiwe kwandiri;
Muponisi!
Ini ndosimba nemi.
3. Kana ndasvika Jodhani
Bisai kutya kwangu;
Ndiyambutsei ndouya
Ndisvike kuKanani.
Muponisi!
Ini ndovimba nemi.

189

Doh is G 9.8.9.8.8.8 Marienlyst
 {lm :d :r lm .m :m :r lr :d :- ll}

1. Nhungamiri yalsraeri
 Yavo vanotsvaka denga,
 Tinotavirirwa negore
 Gore rorudo rwenyu She;
 Simba redu nomurau
 Zvinobva munyasha dzenyu.

2. Mweya wenyu uri pamberi,
 Hatirasike murenje,
 Hatichashaya gwara redu,
 Hatitsauke munzira;
 Hapana ngozi nokutya
 Pano rudo rwakakwana.

190

Doh is D

7.7.7.7

Lubeck

{ Id :m Is :s Il :t Id' :- Il }

1. Mwari muna masimba
Ndibvisei Ijipita;
Noruoko rwesimba
Nditungamirwe Ishe.
2. Munyika yezvitadzo
Ndiburitse Ishe,
Pachimo chakaipa,
Jehovha, ndinunurei.
3. Mugungwa iri dzvuku
Ndione ruponiso;
Ndifukidzwe neshongwe
Yegore neyomoto.
4. Muurefu hwerenje
Ngandione kubwinya;
Kunyange ndine nzara
Ndidyiseiwo mana.
5. Kana nyoka dzoruma,
Nganditarire imi;
Ndinozovimba nemi
Pane zviedzo zvose.
6. Kana ndosvika Jodhani,
Munozondiyambutsa
Kumhiri kuKunana
Kudenga musha wangu.

191

Doh is E flat 8.6.8.6 Muchengeti
 {l : :d .d ld :- d :d .m ls :m : }

1. Muna vanhu venyu Mwari
 Kudzo dzose nguva;
 Munovachengeta imi
 Pane nzvimbo dzose.
2. Kana voyambuka nzizi
 Munova navo She;
 Kana vopiswa nomoto
 Vanochengwa nemi.
3. Pavanokutambudzika
 Vanosimba nemi,
 Napane zvinovaruma
 Munovachengeta.
4. Vanotarira kwamuri,
 Ivo vanhu venyu
 Vanotenda, vanofunga,
 Ivo vanhu venyu.

192

Doh is G 10.4.10.4.10.10 Sandon
 {lm :- lm :m lf :- l- :m lm :r ld :r lm :- l- ll}

1. Jesu tokuvongai, matifira,
 Muponisi!
 Kutadza kwedu kwaregererwa,
 Muponisi!
 Shambidzai mwoyo yedu yose;
 Tizadzisei norufaro rwenyu.

2. Jesu makunda muvengi wedu,
 Mununuri!
 Tasunungurwa pazvakaipa
 Mununuri!
 Kana tosangana nomuyedzi
 Ngatiwane ruyamuro rwenyu.

3. Jesu tidzidzisei kuda kwenyu,
 Mudzidzisi!
 Kufunga kwedu kuri murima,
 Mudzidzisi!
 Tivhenekerei nedama renyu,
 Kuda kwenyu kuve murau wedu.

4. Jesu chengetai tsoka dzedu,
 Muchengeti!
 Kuti tisagumburwe panzira
 Muchengeti!
 Tidzivirirei pane ngozi,
 Titungamirirei kumusha.

193

Doh is A 8.8.8.8 Celeste
 { :s, ld :d .d ld .r :m .r ld :- - ll}

1. Hoyo Mwari, Changamire,
Hama isingapinduke;
Rudo namasimba ake
Hazviyerwe, hazvipere.
2. Jesu, Muvambi, Mugumo,
Achatiiisa kumusha;
Tinomotenda pazvose
Zvitsaru pamwe nezvitsva.

194

Doh is D 8.6.8.6 Tallis' Ordinal
 { :d Im :f ls :s ll :l ls ll }

1. Imi Mwari weBheteri
 Mupi wezvokudya;
 Nhungamiri yavababa
 Murwendo rurefu;
2. Heyi miteuro yedu
 Mberi pamugere;
 Mwari wavababa vedu
 Muve Mwari wedu.
3. Patenge todzingaira
 Mutitungamire;
 Tipei chingwa chemisi
 Pamwe nezvifugo.
4. Vhumbamirai sehuku
 Tisaritaire;
 Kudzamarare tisvike
 Muimba yaBaba.
5. Munopa makomborero
 Atinokumbira;
 Imi munozova Mwari
 Watakasarudza.

195

Doh is G 6.6.8.6 neKorasi Revive Thy work, O Lord
 { :d_rlm :r_d ll, :s, ld :- l- : }

1. Kwasara makore,
Nenguva shomana
Tinoenda kuva navo
Vari kuzorora.

Mweya wangu Ishe,
Ngaururamiswe;
Ndigoshambidzwa muropa,
Ndibviswe kuipa.

2. Kwasara mazuva
Atinawo isu;
Shure kwezvo tichaenda
Kuno Mutongisi.
3. Kwasara nenhamu,
Dzatinogoona;
Tin'enda pasina nhamu,
Nyika yakanaka.
4. Kwasara misodzi,
Nezvo zvinorema;
Tichaonana naBaba,
Pasina kuchema.
5. Kwasara masvondo,
Mazuva matsvene;
Tichamunamata Mwari
Kune denga rake.
6. Kwasara chinguva,
Achauya Jesu,
Wakambotifira kuti
Tive noumambo.

197

Doh is G 8.8.8.8 Angels' Song
 { d l m :- :d l r :- :m l f :m :r l d :- ll }

1. Jesu ndiyo nzira yedu
 Yokukwira pakudenga,
 Kumusha wedu naJesu
 Kwatichazofara naye.
2. Kufa murau waMwari,
 Hauna waunosiya;
 Hupenyu hwedu hupfupi,
 Nesuwo tiri kuzofa.
3. Vose vakawana Jesu
 Havana nhamu nokufa.
 Kufa ndiro suo ravo
 Rokupinda paupenyu.
4. Ngatigadzire tose
 Musi usati wasvika;
 Tibve pane zvakaipa
 Tigam'chire Tenzi Jesu.

Doh is F **199** (Nd. 244)
 8.8.8.8 Arizona
 {Im :m :mlm :- :m ls :- :f Im :- :- ll}

1. Musi wehasha nokutya,
 Musi wokuchema kwazvo
 Unozadziswa matama,
 Avaprofita vakare.
2. Munhu achafa nokutya,
 Kana Mutongi asvika,
 Mutongi mukuru Jesu,
 Isu tinogomirepi?
3. Ndinogodiiko ini?
 Ndogotetererwa nani?
 Panenge tsitsi dzodiwa,
 Nawo musu wokutongwa.
4. Jesu ruponiso rwangu,
 Imi makazova munhu,
 Rega kundisiya ndega,
 Ndive mutandwi naMwari.
5. Makazonditsvaka ini,
 Mukanditenga neropa,
 Ngoni dzakadaro Ishe,
 Hadzingaitirwe nhando.
6. Hongu, ndine mhosva ini
 Ndiri munyadzisi ini,
 Ndinochemba zvakanyanya,
 Mwari ndinzwirei tsitsi.
7. Yose miteuro yangu,
 Haine basa kwamuri,
 Bedzi ngoni dzenyu Ishe,
 Dzingandinunure ini.
8. Ndinopfugama netsitsi,
 Ndinorwarira zvitadzo,
 Onai mwoyo wangu She,
 Uyai mundiponise.

200

(Nd. 347)

Doh is D 8.6.8.6 Zuva rokupera
 { :d.mls :-s.sls :-film :r ld :-s.ll :s lf :r.film :- }

1. Chinhu chinotyisa kwazvo,
Zuva rokupera;
Kana Ishe achitonga
Kokupedzisira.
2. Kuripo kuvanzirana
Pane ino nyika;
Naikoku kurevana
Kwouya pachena.
3. Pane nyika kunotadzwa
Kusina kunzwika;
Nyamba kose kwakanzwikwa
Nomuzivi zvole.
4. Nero zuva pamibvunzo
Kunonzwikwa zvole
Zvakaitiwa panyika
Kumarudzi ose.
5. Chidzokai vakaipa
Pakuipa kwenyu;
Teurai nhasi mese
KuMusununguri.

201

Doh is F 8.8.8.8.8.8 Mumhanzi
 {Im :- :d ll, :- :d lm :- :d lm :r }

1. Mumhanzi uri kudenga,
 Kana wozoridzwa iwo,
 Nokuriridza kukuru,
 Kana kozonzwika iko,
 Kunoparura makuva
 Kutsemure napanyika.
2. Negungwa rinovabisa
 Vose varakambomedza,
 Nenyika inovabisa
 Vose vakanga vavigwa,
 Vagomuka mumakuva
 Vagoenda pakutongwa.
3. Vati ivo vakafira
 Pane zvakaipa zvavo
 Vachamiswa pakachena
 Pamberi paChangamire,
 Vazvipindurire vega
 Vagorangwa zvinorwadza.
4. Bedzi vakabvuma Jesu
 Vanopona noyu musu,
 Vachafara pamwe chete
 Vanozopinda kudenga,
 Vaine mibairo yavo
 Vaino Muponisi wavo.

202

(Nd. 345)

Doh is F 12.12.12.12 Wauya
 { :-s, ld :m :-dll, :f :m.,r ld :t, :-r lr :d }

1. Wouya, wouya, Mucheki mukuru,
 Vanhu vachaona Ishe wokudenga;
 Vanogozomutswa vari kumakuva,
 Kuti vaonekwe vose pakachena.

2. Mucheki ndiJesu wakatambudzika,
 Kuti vaponiswe norudo rwaBaba,
 Avo vakamuda havachatongiswa
 Nokuti vamire nalshe wedenga.

3. Asi vasingadi kunzwa dama rake,
 Rokuti vadzoke pane chakaipa,
 Vakatozvikona pamberi poM'cheki
 Vakatozvipinza pakutambudzika.

4. Ngatidzoke tose pakuipa kwedu,
 Tinzwe izwi rake, tinamate tose,
 Ishe ari pano anotsvaka iwe,
 Inguva nazvino, uya ugam'chire.

203

Doh is D 6.6.6.6.8.8 Umkululi
 {Im :l ls :m lr :- ld :- l}

1. Nzvimbo yakanaka!
 Musha waJehovha,
 Denga ramatenga,
 Denga routsvene!
 Iyo nzvimbo yakanaka
 Ndoenda rini kwairi?
2. Som'fambi panyika
 Anopanga musha,
 Neniwo ndinoda
 Zororo kudenga.
 Iyo nzvimbo yakanaka
 Ndoenda rini kwairi?
3. Pano patigere
 Matumba enyika,
 Musha wechokwadi
 Tinawo kudenga.
 Iyo nzvimbo yakanaka
 Ndoenda rini kwairi?
4. Hakuna misodzi
 Kumsoro kudenga,
 Kuchema, nokufa
 Nokutambudzika.
 Iyo nzvimbo yakanaka
 Ndoenda rini kwairi?
5. Zviedzo, zvitadzo
 Zvichange zvapera
 Ndichazororako
 NaSahwira, Jesu.
 Iyo nzvimbo yakanaka
 Ndoenda rini kwairi?

204

(Nd. 258)

Doh is F

8.6.8.6

Grafenberg

{ld :l, .s, ld :r lm .m :r l}

1. Jerusarem, musha wangu!
Musha wakanaka!
Kana ndapedza mabasa
Ndinenda kwauri.
2. Ndichauona riniko,
Uyo musha wangu?
Une dzimba dzakanaka,
Nokudya kutsvene.
3. Hapasisina kuipa,
Hapana nenhamu,
Ndinoramba ndichienda
Kumusha mutsvene
4. Ndingatye here kurwadza?
Ndingatize kufa?
Kwete, ndinoenda Kanana,
Nyika yandinoda.
5. Vaprofita, vapostori,
Vakafira Jesu
Varipo pamwe naKristu;
Neni ndichaenda.
6. Jerusarem musha wangu,
Wandinotsvakisa!
Kana ndasvika kwauri,
Ndichafara kwazvo.

205

(Nd. 253)

Doh is E flat

8.6.8.6

St. Peter

{ :s ld' :t ll :s ls :f lm }

1. Pakudenga kuna Baba
Kwakanaka kwazvo;
Pakudenga kuna Baba
Kunofarwa kwazvo.
2. Hakupinde chakaipa
Kana chivi chimwe;
Hakupinde zvokurwara
Nechirwere chimwe.
3. Ndavatsvene ivo vose
Vanogara iko;
Vanomuda vanamate
Iye Mwari wavo.
4. Vakawana musha wavo
Musha wakagara;
Vakawanawo upenyu
Husingapfuure.
5. Ndiri mweni nyika ino
Ndinosuva denga;
Ngandipinde nemi Jesu
Ndiende kudenga.

206 (Nd. 252)

Doh is G 7.7.7.7 Pamsoro

{ld :- :r lm :- :d lr :- :m ld :- :- l}

1. Pam'soro pakudenga,
Ndavakanaka vega;
Pam'soro pakudenga
Kuna vatsvene vega.
2. Anoda kuendako,
Ngaazviteurire
Kuti agadzirirwe
Naye Mweya Mutsvene.
3. Jesu wakatifira
Kupedza mhosva yedu;
Dakara itsveniswe
Naiyo mweya yedu.
4. Kuti kana tavingwa
Norufu pano pasi,
Tirege kuzorambwa
Kuenda pakudenga.

Tarisazve nziyo idzi: 293

CHECHI: MUNAMATO WOMUSVONDO

207 (Nd. 264)

Doh is F 8.6.8.6 Dundee

{ :d Im :f Is :d Ir :m lf ll}

1. Musi weSvondo nhasi, She,
Ndiro zuva renyu,
Vanofara vanhu venyu
Nero zuva renyu.
2. Makamuka nhasi Ishe
Mune guva renyu,
Makakunda rufu nhasi
Nokumuka kwenyu.
3. Makamuka imi, m'soro
Wavo vanotenda;
Tichamuka nesu tose
Isu tinotenda.
4. Ngarinzwiwe izwi renyu
Navazhinji nhasi;
Ngavamutswe pano rufu
Vave nemi nhasi.
5. Tinovonga imi, Jesu
Muno mumba menyu
Tine zvinhu zose isu
Nokumuka kwenyu.

208

Doh is G 8.7.8.7 Love Divine
 {ld :d ld_r :m lr :d lt, :s, ll}

1. Musi weSvondo waIShe
 Tauona kakare;
 Imba yenyu youtsvene
 Taipinda kakare.
2. Baba chipindai nesu,
 Tinzwe kuti murimo;
 Igoti nemwoyo yedu
 Igamchire zwi renyu.
3. Tarirai nhumwa dzenyu
 Mugodzisimbaradza;
 Kuti nhasi dzitaure
 Matama enyu oga.
4. Tandai zvinhu zvenhando
 Zvisatikanganise;
 Tigonyatsokufungai,
 Nemwoyo yedu yose.
5. Ratidzai kushaya kwedu,
 Rudo netsitsi dzenyu
 Kuti tizvikumbirire
 Kuti tizadzwe nazvo.
6. Muvaropafadze vose
 Vasipo pano nhasi.
 Kuti vanhu venyu vose
 Vawane rudo rwenyu.

209

(Nd. 278)

Doh is G

6.6.8.6

Ripon

{ :m lm :d :m lr :t, :r ld :- ll}

1. Ishe taungana
Muno mumba yenyu;
Uyaiwo, zvatapinda
Ishe mberi kwenyu.
2. Iyo mwoyo yedu
Yokurwarirai;
Nayo mweya yedu Ishe
Yokutarirai.
3. Hurukuro dzenyu
Baba, ngatidzinzwe;
Razarurwa dama renyu
Nemi tikunzwei.
4. Tinatswewo, Ishe,
Isu vanhu yenyu;
Kana tafa, tipinzwewo
Mune denga renyu.

210

Doh is F 6.6.6.6 Quam dilecta
 { :m lf :m lm :r ld :- l- ll}

1. Ishe nzvimbo yenyu
 Inodiwa kwazvo,
 Imba yakanaka,
 Inofadza isu.
2. Vanhu vanouya
 Kuzonamatamo;
 Imi Ishe Jesu
 Munovagam'chira.
3. Tinorida izwi,
 Izwi roupenyu,
 Rinotinyaradza,
 Rinotifadzisa.
4. Tinoda kuimba
 Tsitsi dzenyu pano;
 Toshuwa kuziva
 Rwiyo rwokudenga.
5. Jesu, tipei ngoni
 Kukudisa kwazvo,
 Nokukunamata
 Navatsvene vose.

211

Doh is D 8.7.8.7 St. Oswald
 {Is :- .m l l :d' lt :l Is :m l}

1. Nguva yakanaka Jesu
 Yokuuya kwamuri
 Kuti tinzwe zvivimbiso
 Zvarehwa nemi Ishe.
2. Muve nesu musi uno
 Kuti tinzwe chaizvo,
 Tibatise idi renyu
 Ramazwi oupenyu.
3. Pfungwa dzedu dzizarurwe,
 Tinangiswe kudenga;
 Chokwadi chivhenekere
 Kuti tisasike.
4. Tipfavise, titivise,
 Tirambe takashinga;
 Tipei simba rokuita,
 Zvinhu zvakarurama.
5. Matama enyu ngaave
 Sembiriso muupfu,
 Inoita basa ravo
 Kuti upfu huvire.
6. Tinoda kuve zvapupu
 Zveidi ratinaro
 Kuti hama dzirinzwewo
 Dzigozvivivirawo.

212

(Nd. 277)

Doh is A flat

8.6.8.6

Beatitudo

{ld :r :m ls :- :m ld :- :f lm :- :- ll}

1. Zvatapinda Ishe wedu
Kune imba yenyu
Titarirei Mwari wedu
Ne'dzi tsitsi dzenyu.
2. Imba iyi, imba yenyu,
Imba youtsvene;
Ishe uyai tisangane,
Mutiropafadze.
3. Tinobvuma zvivi zvedu
Mberi kwenyu Ishe;
Tinokukumbirai isu
Zvino mberi kwenyu.
4. Zvitadzo zvatakaita,
Imi munoziva;
Tinochema naizvozvo
Nawo mweya wose.
5. Tifadzisei Ishe wedu
Noruregerero;
Tipupurei Mwari wedu
Noya Mweya wenyu.
6. Kana dama rotaurwa
Ngatirinzwese tose.
Tichiva nemwenje wenyu,
Pane nguva dzose.

213

Doh is G 8.5.8.3 Stephanos
 {Im :m Im :r Im :s Is :f II}

1. Baba wedu tinouya
Kuzonamata,
Kuti makatichengeta
Nokuda.
2. Imi makatuma Jesu
Munyika yedu,
Kuti munotida isu
Zvikuru.
3. Wakaparadzira isu
Rudo netsitsi;
Wakashuma kuti Mwari
NdiBaba.
4. Jesu akagotifira
Pamuchinjikwa;
Akagotiregerera
Netsitsi.
5. Zvakaipa zvedu zvose
Wakazvitora;
Mhosva dzedu wakaripa
Nokufa.
6. Baba tinokutendai
Kuti matida;
Tichaedza basa renyu
Nokuda.

214

Doh is C 8.8.8.8 Warrington
 {Is :s :f lm :s :d' ld :r' :t ld :- ll}

1. Mwari wedu tiri pano
 Panzvimbo yokunamata;
 Imi matipinza isu
 Tidzidzisei kururama.
- 2.. Yamurai muranda wenyu
 Pakutidzidzisa kwake;
 Burukisai mwenje wenyu,
 Vhenekerai mweya wake.
3. Zarurai nzeve dzedu,
 Tirizive iri dama;
 Bisai kuremara kwedu
 Nourema hwamarudzi.
4. Ngatipone pakuipa
 Nairori dama renyu;
 Ngatipinde pakudenga
 Naidzodzo ngonni dzenyu.

215

Doh is F 8.8.8.8 Holly
 {lm :re.m ld :m lr .m :f .s lm :- l}

1. Taurai Ishe wedu,
 Tinzwise kuvapo kwenyu;
 Ivai nemwoyo yedu,
 Mutinzwise rudo rwenyu.
2. Kana tiri mberi kwenyu,
 Ngaauye Mununuri;
 Rubvire mumwoyo yedu
 Irwo runyararo rwenyu.
3. Inzwai muteuro wedu,
 Mutipindure netsitsi;
 Mutsaiwo zvido zvedu,
 Tidise utsvene hwenyu.

216

Doh is E flat 7.7.7.7.7.7 Charterhouse
 {Im :l Is :m lr :m .f Im :- ll}

1. Ishe muno utsvene
 Topfugama kwamuri,
 Tigadzirei tose,
 Pakuteura kwedu,
 Muve nesu M'ponisi,
 Tinoda kuva nemi.

2. Tosedera kwamuri,
 Tinzwise simba renyu;
 Tinochema savana
 Kuna Baba wavose,
 Tiri pamberi penyu
 Tinotsvaka utsvene

3. Tinofunga M'ponisi,
 Chitenderano chenyu,
 Makati: Ndinotuma
 Mweya Mutsvene wangu.
 Tizarurei mwoyo
 Kuti timugam'chire.

217

Doh is G 6.6.8.6 neKorasi Revive Thy work, O Lord
 { :d_r l m :r_d ll, :s, ld :- l- : }

1. Timutsirei She,
 Uyai nesimba,
 Taurai nezwi guru
 Vanhu venyu vanzwe.

 Timutsirei She, kana toteura,
 Burukai, burukai, mutikomborere.
2. Timutsirei She,
 NoMweya Mutsvene,
 Ngarubvire rudo rwenyu,
 Mune mwoyo yedu.
3. Timutsirei She,
 Mutiropafadze,
 Ngarinzwiwe shoko renyu
 Rakanaka kwazvo.
4. Timutsirei She,
 Tidirei Mweya,
 Rukudzo ndorwenyu Ishe,
 Mutiropafadze.

218

Doh is F 6.6.6.6 Ravenshaw
 {ld :d lm :f ls :- ls :- ll}

1. Mwari Baba wedu,
 Anotichengeta
 Muyamure vose
 Vari pakushaya.
2. Navari munhamu
 Nomukuremerwa,
 Muvaropafadze
 Vose vanyaradzwe.
3. Baba, tarisai
 Vose vanofamba;
 Onisai ngoni
 Kuna vakasungwa.
4. Muchengete avo
 Vose vanorwara,
 Nadzo chirikadzi,
 Murere nherera.
5. Ivo vakaraswa,
 Navakamanikwa,
 Batai nengoni
 Ava vanhu vose.
6. Tipeiwo ngoni
 Tive tinoshanda
 Pamwe chete nemi
 Kuna vanoshaya

219

Doh is A flat 9.5.9.5 neKorasi The call for reapers
 {lm :- :m lm :r :d ld :- :d lr :d, :l ls, }

1. Zvose zvinhu tinopa zvedu
 Kuna Jehovha;
 Chiripo chimwe chatisina
 Kupa Jehovha

Kunzi mwoyo yedu yose
 Tipire kuna Ishe;
 Usipo mwoyo hazvikwane
 Kuna Jehovha.

2. Mwoyo wako ngaude Ishe
 Mwari Jehovha
 Iye wakaisvoda isu
 Tisingazive.
3. Hama dzose dzinoda rudo
 Rwatakapiwa
 Pfuudza kunavo vasina
 Mweya wokupa.

220

(Nd. 273)

Doh is E flat 7.7.7.7.7.7.7.7 Spanish Chant
 {d :- .d lt, :d ll, :d ls, :- l}

1. Svondo inopfuura.
 Murayiri wopedza;
 Ngative nokuvonga
 Izwi iro ratanzwa;
 Izwi i'guru kwazvo
 Ralshe wokudenga,
 Vasati vari matsi,
 Vabva vakwanisiswa.

2. Murayi watiraya
 Izwi dai richigara,
 Rirege kangani kwa
 Imo mumwoyo yedu;
 Izwi rokuvheneka
 Izwi rokuratidza,
 Izwi rokufarisa,
 Ipo pamweya yedu.

3. Svondo inopfuura
 Dai tichiterera,
 Tichirirangarira,
 Izwi ralshe wedu;
 Tigozonoti kana
 Tabva pano panyika,
 Tigopinda muChechi
 Yapam'soro kudenga.

221

Doh is G

8.7.8.7.8.7.8.7

Harwel

{:s, .,s, ld :- .s, :d .m lr :r }

Mutiropafadze, Mwari
 Endai nesu kudzimba;
 Tichifunga dama renyu,
 Tichirirangarira;
 Tinyaradzei isu tose;
 Simbisai mwoyo yedu,
 Kana tosvika kudenga,
 Tichakurumbidzai!

222

Doh is E flat 8.7.8.7.8.7.8.7 Vesper Hymn
 {Im :s lf :s lm :s lr :s ll}

Ngoni dzaKristu M'ponisi,
 Rudo rwaBaba wedu
 Nokuwadzana kwoMweya
 Ngazvivepo kwatiri!
 Naizvozvo tinogara
 Pamwe chete nalshe;
 Mwoyo yedu ichifara
 Nenguva dzose dzedu.

223

Doh is E flat 8.8.8.8.8.8.8 Nettleton
 { :m .r ld :d :m .s l r :r : }

1. Tauya nezvipo Baba,
 Zvifambise basa renyu,
 Tinozvipa nokufara,
 Takakomborerwa nemi,
 Tipei mwoyo muchena,
 Kuna vose vanoshaya
 Ruponiso rwatinarwo
 Rusvitswe nezvipo zvedu.
2. Zvipo izvi zvatinopa
 Ngazviende kwesekwese
 Zviendese shoko renyu
 Kumarudzi ari kure,
 Asati aziva Kristu,
 Kunyange noMuponisi,
 Mwanakomana waMwari,
 Hama yedu, Mununuri.
3. Ngatirinzwewe shoko renyu,
 Rinoda vatadzi vose,
 Kunyange zvivi zvatsvuka,
 Panokutaurirana.
 Jesu Kristu Ishe wedu
 Wakafa kuti tipone,
 Rushanu wakakuvadzwa
 Kuti tive vake Mwari.
4. Patinopa zvipo zvedu,
 Ngatipewo mweya yedu,
 Ive diramhamba dzvene,
 Rinogamuchirwa nemi;
 Takashambidzwa mumwoyo,
 Tava venyu nokomweya,
 Samaita, Nyakusika,
 Mwari kudenga napasi.

224

Doh is D 8.8.8.8 Chipo
 { :m .l ls :- .m :r .s ls :m : l }

1. Tinouya Baba wedu
 Nezvipa zvedu zvorudo,
 Tichivonga kuna Ishe
 Wakatipa zvinhu zvose.
2. Ngazvishambidzwe zvikuru
 Vamwe vagokuzivai
 Namasimba edu ose
 Aitiswe basa nemi.

225

Doh is F

Fara m'Kristu

{Im :d Im :d Im :r Id :- l}

Tinobvisa zvipo
Kupa Baba wedu,
Kuti zvishandiswe
Kuparidza shoko.

226

Doh is E flat 8.8.8.8.8.8.7 Baba wangu
{ d:.r lm :m :m .fls :s :f.mlr :-r :s.flm :m }

Baba wangu ndinodisa
Kuva wakadai semi,
Ndinodisa Mweya wenyu
Kuti uchigara neni.
Munoziva nungo dzangu,
Munoziva zvirokwazvo,
Ndiri kukumbira zvino
Munondipindurawo.

Tarisazve nziyo idzi: 231

227

Doh is G 8.6.8.6 Bishopthorpe
 { :slm :-r :d lt, :l, :f lm :d :t, ld :- ll}

1. Onai vadzidzi venyu
 Jesu taungana
 Muzita renyu, M'ponisi,
 Takataririra.
2. Tokugarirai Ishe
 Takasanganiswa;
 Tinovimba nezwi renyu
 Tichakuwanai.
3. Muri pano pamwe nesu,
 Chizviratidzai,
 Mwana, waMwari mupenyu,
 Tigokuzivai.
4. Watinoda timuwane,
 Jesu wakambofa;
 Tione maronda enyu,
 Imi M'firi wedu.
5. Itai kuti titende,
 Muchiti kunesu;
 "Musave vasingatende",
 Chivimbai neni.

228

Doh is C 6.6.8.6 St. George
 { :m lf :l ls :f lm :- l- ll }

1. Tichiri vapenyu,
Tichionanazve;
Ngaakurumbidzwe Jesu
Nadzo ngoni dzake.
2. Takachengeterwa
Ruponiso pano;
Ngatikurumbidze Jesu
Tiri mberi kwake.
3. Takaona nyatwa,
Pamwe namadzudzo;
Takarwisana nokutya,
Chingotasangana.
4. Jesu muna zvose
Wakatiburitsa;
Nesimba rorudo rwake
Wotivhumbamira.
5. Ngatidade naye
Naro simba rake,
Simba rotiponisisa,
Tisazotadzazve.
6. Zvino ngatitore
Muchinjikwa wake,
Tirase zvose zvenyika,
Timuwane Jesu.

229

(Nd. 315)

Doh is D

12.9.12.9

Vawadzani

{ :d lm :- lm :l ls :- lm :d lm :- lr :r ld :- ld }

1. Tiri vawadzani, tiri vawadzani,
Mhuri ya Jesu Mambo wedu!
Dai tichidana, dai tichidana,
Hakuna usvinu kudenga.
2. Tinoyamurana, tinoyamurana,
Vatendi valshe mukuru;
Tisatsaukane, tisatsaukane,
Hakuna kudaro kudenga.
3. Tiri hondo imwe, tiri hondo imwe,
Mbirimi dza Mambo mukuru;
Ngatimurwirei nomwoyo mumwewo,
Panzira inoenda kudenga.
4. Ikoko kudenga pakufara kwedu
Tozovonga Mambo mukuru;
Naiwo masimba anobva kuna She,
Tinosvika nawo kwaari.

230

Doh is A 6.6.6.6.8.8 St. Godric
 { :m lr :d ll, :t, ld :- l- ll }

1. Mwari ano rudo
 Toda nzira yenyu
 Yamatimisira
 Tichitererazve
 Tive mune zvenyu zvose,
 Tipererewo mamuri.
2. Matiunzirei
 Pano pamwe chete,
 Tava pamwe sei
 Kuti tionane,
 Tive pamwe tinzwirane
 Takakanyana mamuri?
3. Matiita mumwe
 Kuti tive pamwe
 Tigofamba pamwe
 Tigoyamurana;
 Dakara nduramo dzenyu
 Dzionwe pamwe norudo.
4. Ngatinange tose
 Patinogumira
 Takangwaririra
 Tirwe kwenda mberi;
 Tisusukidzane tose
 Dakara tiwane ngundu.
5. Tidirei Mweya
 Kuti musi uyo,
 Tigozova nemi
 Kuti tisimutswe;
 Titakurwe tiendeswe
 Tisvitswe kuMununuri.

231

Doh is G 8.7.8.7.8.8.7 Luther
 { :d Id :m lr :d lr :r Im ll}

1. Tinouya kuna Mwari
 Wavadzibaba vedu;
 Tinogara mumaoko
 Mavakagara ivo;
 Tinoisa kurumbidza,
 Tinotsvaka uso hwake,
 Savatsvene vakare.
2. Uyu wakatungamira,
 Achi'kutungamira,
 Uyu wakavadzivira,
 Achiri kudzivira;
 Ngoni dzakavandudza
 Vatadzi vasine simba
 Dzinotivandudzawo.
3. Zvivi zvakavaderedza
 Zvichi'kutiremera;
 Saivo tinobvumira
 Nyadzi dzemwoyo yedu;
 Saivo tinoteura
 Kuna Mwari anotinzwa
 Anotiropafadza.
4. Rufaro rwavo norwedu,
 Rufaro rumwe chete,
 Mweya waiva mavari,
 Agere matiriwo.
 Rwiyo rwakabva kwavari,
 Tinorupfuudza mberi
 Rwiyo rusingapere.
5. Imi vatsvene mouya.
 Imbai rwiyo urwo,
 Imbai rwiyo rwenhaka,
 Rwiyo rusingapere;
 Garai mumaoko aShe,
 Mugam'chire ngoni dzake
 Mumurumbidze iye.

232

Doh is E flat 8.6.8.6.8.6.8.6 neKorasi Auld Lang Syne
 { :s, ld :- .d ld :m lr :-dlr : }

1. Nguva yakanakisisa
 Yokukurumbidza,
 Kana tadzoredzaniswa
 Pam'soro kudenga;
 Ndizvozvo tichanzwa mazwi
 Echisimbisiso,
 Chokuti kana tikafa
 Pane ino nyika,

 Tinosangana kudenga
 Neropa raJesu,
 Nokutenda kuna Jesu
 Tichasanganiswa.

2. Kunakisa korugare
 Rwakasunga mwoyo;
 Isu kana taungana
 Muzita raKristu,
 Mwanakomana waBaba,
 Wakakomborerwa!
 Ndiye chivimbo chokuti
 Tichasanganiswa.

3. Nyangwe, tsoka dzakaneta
 Dzichayambukira
 Zambuko rinendarama
 Nokukurumidza;
 Apo patakagarirwa
 Navo vanotida
 Vanokuridzira isu
 Kuti tiyambuke.

4. Nyangwe takatsaukaniswa
 Navo vatinoda
 Tichazosangana navo
 Patsoka dzalshe;
 Tigogara naye Jesu
 Pane iyo nzvimbo
 Tisingatsaukaniswe
 Pahukama humwe.

233

Doh is A

7.7.7.7

Vienna

{Im :r ld :m ls :f Im :- ll}

1. Kristu mukomboreri,
Munonatsa vatsvene,
Tinzwei,nhengo dzenyu
Dzomuviri mutsvene.
2. Ngatiwadzane nemi,
Tigamuchire zvenyu,
Todaidza kwamuri,
Munozadzisa zvose.
3. Ngatishandiswe nemi,
Tigovaniswe zvipo;
Ndimi munotimisa
Tiite basa renyu.
4. Ngatibvumiranei,
Tichinzwirana tsitsi;
Kuti tichengetane
Mumwe nomumwe nemi.
5. Rudo runoparadza
Zvose zvinotsautsa;
Mapoka anopera,
Kristu Musoro wedu.

Tarisazve nziyo idzi: 176, 255

234

(Nd. 307)

Doh is A

8.6.8.6

St Magnus

{ :s, Id :r lt, :s, Id :r lm ll}

1. Imi Jesu, ndimi M'fudzi
Weri boka renyu;
Fungatai ava vana
Mumaoko enyu.
2. Ngavauye, makadaro,
Vauye kwandiri,
Vakadaro vokudenga,
Musavarambise.
3. Havoka, Ishe, ndevenyu,
Muvatsvenisise;
Vaisei mudanga renyu,
Vakutererei.
4. Ngavazvarwe nokomweya,
Vakunamatei;
Vagoenda pakudenga,
Vagogara nemi.

235

Doh is C 6.7.8.6.8.8.11 Salem
 { :s Id' :- It :l Is : - ls :s ll :s ll :t Id' :- Is }

1. Amai navana
 Vauya kuna Jesu,
 Vadzidzi vavadzivira,
 Vachiti, lbvai;
 Asi Jesu haabvume
 Wati kuna vakukutu;
 Regai vaduku musavarambise.

2. Ndinovagam'chira,
 Ndinogovafungata,
 Ndichava Mufudzi wavo,
 Musavarambise;
 Ndinoda vaduku vose
 Vagare upenyu neni;
 Regai vaduku musavarambise.

3. Jesu wakapfava,
 Wakavaropafadza;
 Nyamba zviuru zvavana
 Vasati vam'ziva,
 Havana mashoko ake,
 Havanzwe kuti wadaro;
 Regai vaduku musavarambise.

4. Tokuteurai
 Kuti marudzi ose
 Asiye vamwari vavo
 Auye kwamuri;
 Muvavhenekere Mwari,
 Muve navo noupenyu
 Muvadzidzise vauye kwamuri.

237

(Nd. 300)

Doh is G

8.8.8.8

Confidence

{Im :m .r ld :m ll, .r :d .t, ld :- . ll}

1. Maisa murau Jesu
Kwavari vadzidzi venyu,
Endai kunyika dzose
Mudzidzise ndudzi dzose.
2. Vanorinzwa, vakatenda,
Vakagamuchira dama
Makati vabhapatidzwe
Vachengete tsika yenyu.
3. Hava, vakadaro Ishe
Vakarinzwa vakatenda,
Vanoda kubhapatidzwa
Kuzadzisa dama renyu.
4. Torumbidza imi Baba
NoMwanakomana Ishe
Nemi Mweya woutsvene,
Torumbidza Mwari oga.

238

(Nd. 303)

Doh is E

8.8.8.8

Melcombe

{ :s ls :f lm :r ld :l ls ll}

1. Baba wedu tarirai
Vapfugama mberi kwenyu;
Vanzwei, muvagamchire,
Muvaite vana venyu.
2. Vakatangwa nemi, Jesu,
Nokuti makavafira;
Vakarinzwa ropa renyu
Ravakanzwa nezwi renyu.
3. Chibvisai mhosva dzavo,
Dzisarove hana dzavo,
Varegererwe zvitadzo;
Varegererei zvino.
4. Shambidzai mwoyo yavo,
Pachenyu, Mweya Mutsvene;
Pakunyengerera kwavo
Burukirai pavari.
5. Mwari, mumimhu mitatu,
Garai mumwoyo yavo;
Vazova kwamuri chose
Vagoenda pakudenga.

Do is F **239** (Nd. 297)
 8.6.8.6 Arlington
 { :d lm .,m :m :r ld .,d :d : }

1. Makatora chingwa, Jesu
 Mukachimedura,
 Mukati, Torai, mudye;
 Ndomuviri wangu.
2. Jesu, matora mukombe,
 Mukati mavonga;
 Ndochitenderano chitsva
 Mune ropa rangu.
3. Tinotora chingwa, Jesu,
 Totarira imi;
 Tinotora tidye icho
 Tichifunga imi.
4. Tinotora nomukombe,
 Tichivimba nemi,
 Tinonwa kwauri tose
 Tichifunga imi.

240

(Nd. 291)

Doh is D flat

8.8.6.8.8.6

Praise

{Is :- Im :-f Is :- Id' :- Il :r' Id' :t Id' :- l- :- Il}

1. Wafa, wafa, Muponisi!
Wakafira vakatyora
Zvemirau yake;
Wakafira kuponisa,
Wakafira kuvapinza
Mune denga rake.

2. Tsitsi dzenyu hadzipere!
Ngoni dzenyu dzichiripo
Nyamba takatadza;
Ishe munotinanisa,
Ishe munotinyadzisa,
Nezva munoita.

3. Ichi chifungiso chenyu
Chokutiripira kwenyu
Mhosva dzedu dzose;
Ngachigare nguva dzose
Tinzwe ngoni dzenyu, Tenzi,
Pane mwoyo yedu.

241

Doh is G 6.6.8.6 St Augustine
 { :s, Id :r Im :r Id :- l- ll }

1. Jesu tinoita
 Zvamakatiudza;
 Nenzira yamakatipa
 Tinouya Ishe.
2. Tozarura mwoyo
 Kukupai nzvimbo;
 Ona Gwayana rasvika
 Shamwari yom'tadzi
3. Kuvapo kwalshe
 Kunogutsa mwoyo,
 Tinzwe kubwinya kwaMwari
 Kusingataurike.
4. Rufaro rwedenga,
 Rufaro rwomweya,
 Ruripo pachidyo chenyu
 Chatagadzirirwa.
5. Tipeiwo kudya
 Kutsvene kwedenga,
 Tifukidzei norudo
 Rusingazopera.

242

Doh is F 8.6.8.6 Dundee
 { :d lm :f ls :d lr :m lf : }

1. Ngatishandisei nyasha
Tose pamwe chete
Tiite chitenderano
NaKristu She wedu.
2. Nero simba rake Jesu,
Ngatizvipirei;
Tovimbisa iyezvino
Kuve vake chose.
3. Chitenderano chanhasi
Ngachigare nesu;
Tisasiye Mwari wedu,
Kana izwi rake.
4. Tigare tichitya Ishe,
Munzwi wechitsidzo;
Kana Mwari muchifadzwa,
Sanganai nesu.
5. Ropa rechitenderano
Rinobvisa zvivi;
Nyorai mazita edu
Kum'soro kudenga.

Tarisazve nziyo idzi: 20

243

(Nd. 115)

Doh is E flat

8.6.8.6

Vadzidzisi

{Im :- .mld :m lf :- .flm :d lr :- .rlt, :r ls :- ls :- l}

1. Dzidzisi vadzidzisi,
Imi vanhu vake!
Mudzidzise shoko rake
Kudzo dzose nyika.
2. Asi ngoro yezwi renyu
Ngaifambe iyo;
Kudzo dzose nzvimbo Jesu,
Ngaisvike iko.
3. Vadzidzisi dzidzisi,
Imi vanhu vake!
Ngarinzwiwe dama rake
Navatadzi vose.
4. Asi dama renyu Ishe,
Ngarisvike muno;
Ngarikwane nyika yose,
Ridzidzise vanhu.
5. Idzo nyika dziri kure
Ngadzirizivewo,
Dzitarire kuna Jesu
Dzichitenda Iye.

244

Doh is E 6.6.6.6 Ravenshaw

{ld :d Im :f Is :- Is :- l}

1. Tivhenekerei
Chiedza chavanhu;
Nezwi rakanyorwa
Tiratidzwe imi-
2. Kuti vana venyu
Vadzidze nenyasha,
Nokunanganidza
Muuso hwaMwari.
3. Tumai kwatiri
Mweya woupenyu,
Kuti titunhidze
Zita renyu chete;
4. Zarurai nzeve,
Pfungwa dzitsigiswe,
Kuti vana vanzwe
Zvinhu zvakaitwa.
5. Tireverei, She,
Titaure zvenyu;
Nezve shoko renyu
Tigodzidzisawo;
6. Hwayana dzizive
Izwi roMufudzi,
Dzigomutevera
Dzifare murudo.
7. Garai matiri
Tikutodzei She
Mudiwe, mukudzwe,
Mushandirwe nesu ...
8. Kuti nzira dzedu
Dzidzidzise vana
Kutevera imi
Nayo mwoyo yose.

245

Doh is A flat 8.8.8.6 Just as I am
 {Is, :l, :d lt, :- :s, ld :- :r lm :- :- l}

1. Mwari mundidzore imi,
 Ndizwe nyaya dzakanaka,
 Dzinorehwa namaKristu,
 Neni ndinodzida.
2. Kana ndadzigamuchira,
 Ngandiparidze kuvamwe,
 Avo vasingadzizive,
 Vagotenda imi.
3. Vamwe vanokutsvakai,
 Asi vanoshaya munhu
 Angavatsanangurire
 Ayo mazwi enyu.
4. Zvandazvipira kwamuri
 Imi shandai mumwoyo,
 Mundibise zvakaipa
 Ndisare ndachena.
5. Femerai vanhu vose
 Vanodisa kuparidza,
 Vachiwane ichi chipo
 Chokudzora vanhu.

246

Doh is F 10.8.10.8 Chapapura
 { :d.mls :s ls.f :m .r ld :d ld .s. : }

1. Ko, handingaite kuda kwaShe
 Nenzira yokutya vanhu?
 Kana ndingapupure neidi
 Nokureva nokuita?
2. Jesu, munoziva pfungwa dzangu;
 Ko, ndiri kutsvaka here
 Kukudza nokunaka kwenyika
 Kana kukudza kwamuri?
3. Rudo rwaShe rwanimanikidza
 Kuti ndigotsungirira
 Kutsvaka avo vanorasika,
 Kuvaponisa murufu.
4. Ndinokupai upenyu hwangu
 Kuti hushandiswe nemi;
 Kuda kwenyu, Ishe ngakuitwe,
 Zita renyu ngarikudzwe.
5. Ndipei rusimbaradzo rwenyu;
 Kunyange ngozi dziripo,
 Ndinozopupura nechokwadi
 Muchindipa mweya wenyu.

247

Doh is C 8.8.8.8 Castle Street

{Is :- ll :t ld' :l Is :- lf :- lm :- ll}

1. Tiyamurei nengoni
Pakuteurira vamwe
Votoisa mberi kwenyu,
Ishe wedu wakanaka.
2. Tokuteurai Ishe
Kuti mutonge, mubate
Chechi yenyu tsvene kwose
Ifambe munzira yenyu.
3. Ishe, tinoteurira
Vaparidzi, vadzidzisi,
Kuti muvavhenekere
Vazivise izwi renyu.
4. Tokuteurai Ishe
Kuti nokugara kwavo
Napakudzidzisa kwavo
Vazarure izwi renyu.
5. Ishe, tinoteurira
Vose vanhu venyu kuti
Varinzwe, variterere
Izwi renyu nokurida.
6. Ishe tinoteurira
Ivavo vakanyengedzwa,
Muvadzorere munzira
Yorudo nezvirokwazvo.
7. Tokuteurai Ishe
Musimbise vakaneta
Muyamure vanoedza
Mubate vose nengoni.
8. Jesu makareva kare,
Anokumbira wopiwa;
Tiitirei She zvino,
Sezvakanera isu.

248

Doh is A 6.6.8.6 Cambridge
 { :d lm :r d lr :d,t,ld :- l- ll}

1. Kana todyara, She,
 Shoko roupenyu,
 Richazodiridzwa nemi,
 Richanyatsomera.

2. Nyasha dzichaita
 Kukohwa kukuru;
 Vazhinji vachazotenda
 Nokukukudzai.

3. Unzai kwatiri
 Makomborero, She;
 Vashandi vave nesimba,
 Vanhu vagodzoka.

4. Ipai vazhinji
 Rudo norufaro;
 Rudo runovavandudza,
 Vafarire denga.

249

Doh is C 8.8.6.8.8.6 Hull
 { :d lm :m lm :r ls :s ls ll }

1. Tiitei savashanu
 Vakarindira nemwenje
 Dakara masvika,
 Zvamunotipa mafuta,
 Dirai nyasha matiri
 Mwenje isadzime.

2. Tisave nenungo asi
 Nokuteura nebase
 Mwenje igadzirwe;
 Kuti vatadzi vazhinji
 Vadzoke vapinde nesu
 Mubira renyu She.

3. Hatidi kuuya toga
 Kubira rapaugere
 Tifare tiyeve;
 Tiuyise varasiki
 Navarwere navaduku
 Vagoona imi.

TARISAZVE NZIYO IDZI: 228, 285

250

(Nd. 317)

Doh is F 11.11.11.11 neKorasi St Getrude
 {ls :s ls :s ls :-lls :- ll r:r ld :r lm :-l :- ll}

1. Fambai vaKristu, somunondorwa,
 Munotungamirwa noMuchinjikwa;
 Kristu Ishe wedu, Mutungamiri,
 Fambai sehondo nesimba rake;

 Fambai vaKristu, somundorwa,
 Munotungamirwa noMuchinjikwa.
2. Satan achatiza, anoty'a kwazvo.
 Fambai vaKristu, munogokunda;
 Anozungizika namazwi enyu,
 Simudzai mazwi, imbai mose.
3. Inenda sehondo Chechi yaMwari
 Tichivatevera vatsvene vose;
 Tisatsaukaniswe, muviri mumwe,
 Pamwe murutendo, pamwe murudo.
4. Hunogoparadzwa umambo hwose,
 Chechi yake Jesu inogosara;
 Simba reHadesi richazokundwa,
 Matama aJesu achazadziswa.
5. Ndizvozvo fambai, fambai nesu,
 Rwiyo rwokukunda, ngatiombe,
 Kristu Ishe wedu ngaarumbidzwe,
 Kwamazuva ose asingapere.

251

Doh is B flat 7.6.7.6.7.6.7.6 Morning Light
 { :s, ld :- .d lm : d ld :- ll, ll }

1. Simukirai Jesu.
 Imi varwi vake;
 Simudzai m'chinjikwa,
 Tirege kukundwa;
 Kukunda nokukunda
 Tichatungamirwa,
 Nemhandu dzichakundwa,
 Jesu ndiShe kwazvo.
2. Simukirai Jesu,
 Anotidaidza;
 Tiende kunorwisa
 Simba rokuipa;
 Ngatishandire iye
 Nyange pavavengi;
 Tive mbirimi dzake
 Tigozvidza ngozi.
3. Simukirai Jesu;
 Vimba naye ega;
 Iro simba renyama
 Rinokundikana;
 Shonga nhumbi dzokurwa
 Rinda unamate;
 Pabasa zvimwe njodzi
 Tisashaikwepo.
4. Simukirai Jesu,
 Kurwa kozopera;
 Nhasi bishi rehondo,
 Mangwana toimba;
 Kuwana anokunda
 Anopiwa ngundu,
 Achagara naMambo
 Nokusingapere.

253

Doh is F 8.7.8.7 neKorsai Fully trusting
 { :s .,l ls :m :m .,r lm :d : }

1. Izwi raShe rakasvika,
 Semhodzi ndukunduku;
 Yakamera pavhu raShe,
 Mhodzi yokururama.

 Ngaikure Tenzi wangu,
 Nesimba noupenyu;
 Ikurire miti yose,
 Mhodzi yokururama.
2. Izwi raShe rakamera,
 Semhodzi m'nyika ino;
 Rakaita muti waShe,
 Chechi yoMununuri.
3. Izwi rashe rinofusa
 Masimba echarima,
 Samasimba emidzimu
 Anetsa vana vaShe.
4. Anobvuma izwi raShe
 Angave norufaro;
 Rinofusa chakaipa,
 Rinopa mweya mutsva.

254

Doh is F Rusina Mwero Homba
 {lm .f :s .s lf .m :r ld .m :m .m lm .m :l, l}

1. Tiri vana vaMwari,
 Isu tiri vakundi;
 Nokupfuurisa
 Naiye wakatida.
2. Musimboti ndiJesu,
 Isu tiri vakundi;
 Tinovimba naye;
 Isu tiri vakundi.
3. Hatitye hukukutu,
 Isu tiri vakundi;
 Hatitye kurwara,
 Isu tiri vakundi.
4. Hatichatya pakufa,
 Isu tiri vakundi;
 Kana paupenyu,
 Isu tiri vakundi.
5. Anotinyengeterera,
 Isu tiri vakundi;
 Pane zvivi zvedu,
 Isu tiri vakundi.
6. Ndiani wotirwisa?
 Isu tiri vakundi;
 Mwari anotirwira,
 Isu tiri vakundi.
7. Pazvinhu izvi zvose,
 Isu tiri vakundi;
 Nokupfuurisa
 Naiye wakatida.

MISARA YOKUTANGA YENZIYO

255

(Nd. 259)

Doh is D

9.7.9.7

Pezulu

{ld :m :f ls :- :s ll :- :d' ll :s : l}

1. Dombondipa meso ndione,
Pauzuru kudenga;
Ndionepo vano utsvene,
Vanofara kunaShe.
2. Zviya zvaiva panyika
Vaichema misodzi;
Vaimanikwa nokuedzwa
Kusina kuzorora.
3. Ndakabvunza ivo vakundi;
Rabvepi simba renyu?
Vakati: Rabva kuna iye
Wakatifira isu.
4. Vakaona rutsoka rwake
Rwananga paupenyu;
Vakaronedza gwara rake,
Vazorora kudenga.
5. Ngaarumbidzwe M'tungamiri
Nomuratidzo wake
Kusashaike muteveri
Panero gwara rake.

256

Doh is B flat 9.9.9.6 neKorasi Come to the Saviour
 {Is, :l, .,s, lm, :s, Id :r .,d ll, :- l}

1. Ngatiimbei rwiyo rutsva
 Navazhinjizhinji kudenga,
 Ndivo vanhu vakadaidzwa
 Vakatendeseka.

 Kubwinya nokukurumbidza
 Nesimba ngazvive zvaJesu,
 Gwayana robata ushe
 Hareruya! Amen!
2. Mwari wedu wesimba rose,
 Ndiye wakasika zviripo,
 Zvikasikwa nokuda kwake;
 NdiMambo wazvose,
3. Mwari ana masimba ose,
 Mabasa ake akakura,
 Nzira dzake dzakarurama,
 NdiShe wamarudzi.
4. Gwayana rakabayiwa
 Ndiye wakatengera Mwari
 Vanhu vendimi dzose dzose
 Namarudzi ose.
5. Mwari wedu wesimba rose
 Wobata ushe. Hareruya!
 Ndiye Mambo wamadzimambo.
 NdiShe wamadzishe.

257

Doh is C Rusina Mwero Marondera
 {s .s :s ,s ls :m .r ld :- l}

1. Ishe makamboburuka,
 Muchigombosiya denga,
 Pamwe noushe hwenyu;
 Ndimi Ishe makaiteri.

2. Ishe, makavinga munhu
 Kuti muzomununura
 Nokumupa Mweya wenyu;
 Ndimi Ishe makaiteri.

3. Ishe makavinga nyika,
 Kuti mugoinunura
 Nokupira ropa renyu;
 Ndimi Ishe makaiteri.

4. Ishe tungamirai nyika
 Kuti inange kwamuri,
 Ichiita kuda kwenyu;
 Ndimi Ishe mungaiteri,

5. Ishe, dzimai kubayana,
 Kusina chakunotipa,
 Kunopunza misha yedu;
 Ndimi Ishe mungaiteri.

6. Mirai nesu Changamire,
 Tisamire tiri toga,
 Munoziva shumba yedu;
 Ndimi Ishe mungaiteri.

258

Doh is G 8.8.8.7 Quem pastores
 {d :- :m ls :- :m lf :s :l ls :- :r l}

1. Baba munotipa zvipo
 Zvakanaka zvakanyanya,
 Tipei njere namasimba
 Zvokushandisa zvose.
2. Tipei rugare pabasa,
 Tizvibate pakufara;
 Tishandise nhengo dzedu
 Sokuda kwenyu, Mwari.
3. Bisai zvinonyadza zvose
 Murudzi rwedu namamwe;
 Mundikundire zviyedzo,
 Simba razvo ripere.
4. Ivai nesu tisimbiswe
 Pakushingirira kwedu,
 Tigokunda mhandu dzose,
 Tisanete pakurwa.
5. Tenzi wedu nguva dzose
 Mutitungamire mberi;
 Kuti nyika iponiswe
 Tipei simba nenjere.
6. Baba ndimi matitsvaka,
 Rudo rwenyu rwatibata,
 Mweya wenyu watikomba;
 Tinzwei Mwari wedenga.

MISARA YOKUTANGA YENZIYO

259

Doh is D 12.12.12 Wentworth
 { :s ld' :d' lt :l ls :m ld :r lm :-ll :-lr :-l- }

1. Mwari ane simba, tinoteurira
 Vane simba rokutonga pasi pano,
 Vagare vachitsvaka kukudzwa kwenyu.
2. Muvazadze noMweya Mutsvene wenyu
 Zviito zvavo zvitungamirwe nemi,
 Vapote vachiita zvakarurama.
3. Muvape ngoni dzenyu vatongi vose,
 Dzokuti vatonge zvakanakisisa;
 Vachengete chokwadi nokururama.
4. Muropafadze ndudzi dzose dzenyika,
 Ngadzive idzo nomwoyo mumwe chete,
 Mudzipe kubvumirana nokunzwana.
5. Tipei mwoyo tose yokukudai,
 Tisimbe kuchengeta mirau yenyu,
 Tigare tichitsvaka kukudzwa kwenyu.

MISARA YOKUTANGA YENZIYO

260

Doh is G Ishe Kombokera
 {ld .d :d .r lm :m lr :r ld :- }

Ishe komborera Afrika
 Ngaisimudzirwe zita rayo;
 Inzwai miteuro yedu,
 Ishe, komborera
 Isu mhuri yayo.

Uya Mweya
 (Uya, uya, komborera)
 Uya Mweya,
 Uya, Mweya Mutsvene;
 Utikomborere isu mhuri yayo.

MHURI YECHIKIRISITU

MISARA YOKUTANGA YENZIYO

261

Doh is E flat 11.10.11.10 O Perfect Love
 {ld :-lm :s ls :-ls :-ls :s ld' :t lt :- ll :- }

1. Imba yorufaro mamunodiwa
 Shamwari wedu noMuponisi,
 Imi muri pamusoro pavo vose
 Vanouya kuzoishanyira.
2. Imba yorufaro ina vaviri
 Nomwoyo mumwe chete norudo
 Rufu rwovatsaura chinguvana
 Asi humwe hwavo huchiripo.
3. Imba yorufaro ina vaduku
 Vakapiwa imi paucheche;
 Imi shamwari wavo wokudenga
 Munovachenga kukunda 'mai.
4. Imba yorufaro mamunodiwa
 Vanonamata nebasa rose;
 Ose mabasa achinge matsvene
 Amunoitirwa imi IShe.
5. Imba yorufaro munoti vose
 Vanorega kukanganwa imi;
 Vane rufaro runofashukira,
 Vanokudai vanodawo.
6. Imba yorufaro munoti vose
 Vane mwoyo inotambudzika,
 Vanonzwa kwamuri Munyaradzi,
 N'anga yakanakisa yomwoyo.
7. Kana vose vapedza basa pano
 Vachasangana nemi kudenga,
 Uko makabva makazokwirazve
 Kumusha wenyu usingapere.

262

Doh is E flat
Him

10.6.10.6

Praise 262

{lId :d Im :s ll .t :d' .l ls :m }

1. Kudzai Jesu, imi vana mose
Anoda, anoda,
Kudzai Jesu, imi vana mose,
Anoda, anoda.
2. Vongai Jesu, imi vana mose,
Anoda, anoda,
Vongai Jesu, imi vana mose,
Anoda, anoda.
3. Idai Jesu, imi vana mose
Anoda, anoda.
Idai Jesu, imi vana mose,
Anoda, anoda.

Copyright: by permission of Oxford University Press

263

Doh is G 6.6.7.4 Sommerlied
 {Im :d It, :d Il, :- Il, :- }

1. Mwari wakasika
 Nyika, mhupo, denga;
 Wakasikazve zuva
 Anondida.
2. Mwari wakasika
 Maruva nemiti,
 Usiku nesikati,
 Anondida.
3. Mwari wakasika
 Mwedzi nenyenyedzi,
 Mwari wakandisika,
 Anondida.

264

Doh is F 6.6.8.6 Newland
 { :s ld :m lr :r lm :- l- : }

1. Mwana angazive
Kuti Mwari rudo,
Wakaruisa pachena
Pasi nokudenga
2. Kana ndatarisa
Kumabasa ake,
Ndinorava kwesekwese
Kuti Mwari rudo.
3. Maruva mazhinji
Anondidzidzisa,
Pamwe neshiri dzoimba
Kuti Mwari rudo.
4. Nenyenyedzi dzose
Dzinopenya kure,
Dzinondiudza zvaMwari
Kuti ari pedyo.

265

Doh is G 6.5.6.5 Over and Over
 {Im :- :m Id :- :d Ir :- : ll, :- : lt, :- :l, ls, :- :f lm }

1. Mwari Baba wedu
 Tichengetei,
 Pahope tarara
 Tivhumbamirwe.
2. Yamurai mai
 Pamwe nababa,
 Vagotirerera
 Pakutya imi.
3. Tipeiwo rudo
 Kuvanhu vose
 Tive vana venyu
 Salshe Jesu.

266

Doh is E flat

8.7.8.7

Mufudzi

{l : :d .d ld :- .d :d .m ls :m : }

1. Mufudzi ropafadzai
Ini hwayana yenyu;
Ndichengei pausiku
Kudakara mangwana.
2. Mandiperekedza nhasi,
Ndinotenda maurano;
Makandipa imba yangu;
Inzwi ndoteura.
3. Mundiregerere zvivi;
Fadzai hama dzangu;
Ngandiendewo kudenga
Kwandinoda kugara.

267

Doh is F Rusina Mwero Away in a manger
 { :s, ld :d :r_mld :d :m.flis :s :l lf :- }

1. Kure muzamba iro, pasina rukukwe,
 Ishe Jesu muuduku akakotsirapo;
 Nyenyedzi dzakapenya, dzikamutarisa
 Ishe Jesu muduku arere pauswa.

2. Nemombe dzakakuma, Mwana wakamutswa,
 Ishe Jesu muuduku haana kuchema;
 Ndokudai Ishe Jesu, nditarisei pano
 Muve neni dakara zuva rabudazve.

3. Ndinokukumbirai kuti muve neni,
 Mugare muchindida, muchindidzidzisa;
 Chengetai vana vose, muvaropafadze,
 Mutigadzire kuti tiende kudenga.

268

Doh is F 11.11.11.11 Away in a manger
 { ;s, ld :d :r .mld :d :m .fls :s :l lf :- :}

1. Uyai imi vana, uyai unganai
 Kumusha weBetrehema mose uyai
 Manenji aitwa panyika, onai!
 NdiBaba wedenga waita kudai!
2. Watuma Mwana'ke, waberekwa 'po;
 Uyai timuone maaiswa 'mo;
 Avete mudanga; wanakawo sei,
 Uyai vana mose, mugwadamirei!
3. Maria naJosefa ndivo varipo,
 Vafudzi naivo vatosvikawo;
 Vakanzwa vatumwa voimba: Farai!
 Chinzwai nemi mose, vachikuudzai!
4. Vatumwa vakati: Musatye onai,
 Mufaro mukuru ndowatokupai;
 Onai, maponerwa mumusha uko,
 Wamakamboshuva wazosvika 'po.
5. Wauya, togoraramiswa naye;
 Isu, tarasika, tigodzoswazve;
 NdiMwana waBaba avete apo;
 Hendei Betrehema tinamate'ko.

269

Doh is F 8.6.8.6 Winchester Old
 { :d Im :-m lr :d lf :f Im ll}

1. Jesu wakambova mwana
 Kufanana nesu,
 Waichibatsira baba
 Naamai vake.
2. Jesu wakambova mwana
 Wakadzidziswawo,
 Wakadzidza kuverenga
 Nokunyora sesu.
3. Jesu wakambova mwana
 Waida kutamba,
 Waitamba nokufara
 Neshamwari dzake.
4. Ngatigare zvakanaka
 Kufanana naye,
 Timufadze pakutamba
 Napabasa redu.

270

Doh is A flat

6.5.6.5

Worship

{Is, :d Id :t, It, :- ll, :- l}

1. Vachenjeri ivo
Vabva kure sei
Kuzoona Jesu,
Mwana Mutsvene!
2. Zvatinomushuva
Achava pedyo,
Nyika yatigere
Inyika yake.
3. Vanomunamata
Vachamuwana,
Vasangane naye
Mangwanangwana.
4. Nomuminda yedu
Nomukukohwa,
Nyangwe pamisika
Towana Jesu.
5. Vabati vehove
Votaura naye
Savadzidzi vake
PaGaririya.
6. Wese musha, muno
Munyika yedu,
Unganatswe naye,
SoweBhetani.
7. Kana tichimuda
Ari pedyo sei!
Wotsvaka kugara
Mumwoyo yedu

271

Doh is F 8.5.1.1 Derwent
 {Im :- :m lf :m :r ls :- :l ls :- :m l}

1. Jesu shamwari yavana
 Shamwari yedu
 Ndichengetei, ndive pedyo kwamuri.
2. Ngandidzidze ndichikura
 Nokururama,
 Maiva muduku makachenjera.
3. Regai kundisiya ndoga,
 Shamwari yangu,
 Ndichakudai kudzamara pakufa.

Copyright: by permission of Oxford University Press.

Doh is B flat 7.6.7.6.7.6.7.6 Ellacombe
 { :s, ld :t.,l,ls, :d lm, :f, ls, :s, ll.,t.,:d lr :r lm :-l- ll}

1. Vaduku vakaimba
 Hozana! Hozana!
 MuTemberi rekare
 Vakaimba rwiyo;
 Kuna Jesu Shamwari,
 Waivada kwazvo,
 Vaduku vakaimba
 Nziyo dzinofadza.

2. Vakamuperekedza
 Pamwe navazhinji
 Vachiimba zvikuru
 Nokupemberera.
 Ngirozi dzakaimba
 Pamwe chete navo;
 Hozana wokudenga;
 Mwari ngaakudzwe.

3. Mashizha akanaka
 Akawaridzwapo,
 Maungira erwiyo
 Akanzwikwa kose.
 She wedenga nepasi
 Wakatasva dhongi,
 Asingashore vana
 Vakamuimbira.

4. Hozana wokudenga!
 Tinoimba navo,
 Jesu M'ponisi wedu,
 Mambo wokudenga.
 Ngatiimbire Jesu
 Nomwoyo namazwi,
 Tigare nokufara
 Nokusingapere.

273

Doh is E 7.7.7.7 neKorasi Infant praise
 {ld :d .mlm .r :f .r ld :t, ld :- ll}

1. Vana veJerusarema
 Vakaimbira Jesu,
 Navana vanhasiwo
 Vanorumbidza Jesu.

Inzwai,
 Vadiki voimba,
 Inzwai,
 Vadiki voimba,
 O hozana, O hozana,
 O hozana kuna Mambo.

2. Todzidza kuda Mwari,
 Torava shoko rake;
 Tigonanga kudenga,
 Tigorumbidza Mwari.
3. Vakuru navaduku
 Tinomukurumbidza,
 Noku kuwa kukuru
 Hozana kuna Mambo.

Doh is F 7.6 naKorasi African Airs 31
 {Is, :s, Id :r Im :r Il, :- l}

1. Zuva redu ravapo,
 Jesu wakamuka,

 Chifarai, uchirai,
 Jesu wakamuka.
 Chitendai, chivongai,
 Jesu wakamuka,
 Pfugamirai.
2. Nhasi ndiyo Svondo 'yo
 Yaakamuka Jesu.
3. Tirirangarirewo
 Tichipira iye.
4. Nokumuka kwake She
 Takaruramiswa.
5. Guva rakakundzwa sei!
 Rufu tichatyirei?
6. Iye wakakwira 'ko
 Kuna Baba wedu.
7. Watigadzirirawo
 Pokugara uko.
8. Jesu tichaonazve
 Pakudzoka kwake.

275

Doh is E

7.7.7.7

Innocents

{Im :- .f ls :d' lt :l ls :- ll}

1. Jesu makapfavis
Onai ini mwana
Mundiitire tsitsi
Kuti ndigare nemi.
2. Ndinoda kusedera,
Musazondirambidza
Muumambo hworudo
Ndipei nzvimbo yangu.
3. Ndinokukumbirai
Kuti mundipfavis,
Hamushatirwe nhando
Ndinoda kuva semi.
4. Jesu mufudzi wangu
Mundibate norudo
Ndive anokudai
Nomwoyo wangu wose.

276

Doh is G 10.4.10.4.10.10 Sandon
 {llm :- lm :m lf :- l- :m lm :r ld :r lm :- :- ll}

1. Jesu munoshovedza vaduku,
 Ndinouya;
 Ndibatei mutaure neni
 Muponisi,
 Kuti ndisatsauke panzira,
 Ndibatwe naSatani muvengi.

2. Zvinondifadza kuti She wangu
 Makafamba
 Netsoka tsvene panzira yangu
 Pano pasi;
 Izvo makanga muri mucheche,
 Makavakudza vazvari venyu.

3. Jesu pindurai mwoyo wangu
 Uve m'tsvene,
 Somwoyo wenyu, mwoyo muchena,
 Mugare'mo,
 Zvino ndichaziva Mwari Baba,
 Ndinogokura nokuchenjera.

4. Ndinogokurumbidza M'ponisi
 Misi yose;
 Pakutamba napabasa rangu
 Ndichaimba.
 Ndiyamurei ndikufadzei
 Ndichengete yose mirau yenyu.

277

Doh is C 6.6.6.5 neKorasi Ndouya kuJesu
 {ld :- .m ls :d' ld' :- ls :- l}

1. Ndouya kuJesu
 Anondifarisa,
 Anondinyaradza,
 Panhamu yangu.

 Ndouya kuJesu
 Ndinogofara,
 Anovashovedza
 Vaduku se'ni.
2. Ndouya kuJesu
 Anondinzwa kwazvo
 Wondiregerera
 Anondidisa.
3. Ndouya kuJesu
 Achandibatsira
 Andiperekedze
 Kunyika yake.
4. Ikoko navamwe
 Tichafarisisa
 Tichiona Jesu,
 M'ponisi wedu.

278

Doh is A 7.7.7.7 Cross
 {Im :- :r Id :- :r Id :- :t, Id :- :- }

1. Ndiropafadzei She,
 Mundidzidzise Jesu;
 Ndoda mwoyo muchena;
 Mufudzi, ndichengetei.
2. Ndiri muduku asi
 Makadanidza vose;
 Ndipei kudya kwenyu;
 Mufudzi, ndichengetei
3. Ndiyamurei Jesu;
 Handina simba ini;
 Ndinotenda kwamuri;
 Mufudzi, ndichengetei.
4. Handidi kutsauka,
 Ndoda kugara nemi
 Panzvimbo yakanaka;
 Mufudzi, ndichengetei.

279

Doh is F 6.5.6.5 neKorasi Marston
 { :-s, lm :f .s ld :d .d lr :f .m lr :- }

1. Baba, tinotenda,
 Nezvipa zvenyu,
 Miti namaruva,
 Mhuka neshiri.

Tidzidzisei She
 Kuva netsitsi
 Kuzvisikwa zvole
 Zviri panyika.

2. Mhuka dzokurima
 Nokutakura,
 Dzimwe dzinochenga
 Isu mumisha.
3. Neshiri dzedenga
 Dzinoimbisa,
 Dzinorwisa mhandu
 Dzedu muminda.

280

Doh is D 7.7.7.7 Buckland
 {ls :m lr :d lr :r lm :- ll}

1. Ndokutendai Baba
 Nesimba randinaro,
 Nokuti ndinogona
 Kufamba nokumhanya.
2. Ndokutendai Baba
 Navashamwari vangu,
 Nokuti tinotamba
 Tifare pamwe chete.
3. Ndokutendai Baba
 Nebasa randinaro,
 Kudzidza nokuimba
 Nokubatsira vamwe.

281

Doh is E flat 8.6.8.6 Capel
 { :s .f lm :m .r lm :m .r lm :- .rld : l }

1. Ishe Mwari ndiitei
 Kuti ndive mwenje,
 Unovhenekera vose
 Pandinenge ndiri.
2. Ishe Mwari ndiitei
 Kuti ndive ruva,
 Rinofadzisa vanhu
 Vanogara neni.
3. Ishe Mwari ndiitei
 Kuti ndive rwiyo
 Runofadza vanochemba,
 Runondifadzawo.
4. Ishe Mwari ndiitei
 Kuti ndive m'donzvo
 Kuti ndiyamure ivo
 Vakapera simba.
5. Ishe Mwari ndiitei
 Kuti ndive rumbo,
 Rworudo norwokutenda
 Mune nzira dzenyu.

Doh is D 7.5.7.5 This Little Light
 {s .s :s .l ls .m :d ls .s :s .m ld :- l}

1. Kamwenje kangu aka
 Ndoda kabvire,
 Kamwenje kangu aka
 Ndoda kabvire.
 Kabvire, kabvire, kabvire.
2. Kasavande mumbiya
 Ndoda kabvire.
3. Handidi kukadzima,
 Ndoda kabvire.
4. Kabvire She asvike,
 Ndoda kabvire.

Doh is F 10.9.10.9 Lead me to Jesus
 {Im :s .,f lm :d lm :f .,m lm :r }

1. Nditungamire kuna She Jesu;
 Ndiyamure kuti ndimude,
 Ndiye M'ponisi, ndingamutende,
 Ndoda kumuona, ndiratidze.
2. Nditungamire, ndiye Mufudzi,
 Mwoyo wake wakapfaviswa;
 Anotinzwira tsitsi norudo,
 Anondidana mwana wake.
3. Ndouya Jesu, M'ponisi wangu,
 Ndokutendai, ndozvipira,
 Ndigam'chirei netsitsi dzenyu,
 Ndinoda kufanana nemi.

Doh is G 6.5.6.5 North Coates
 {Is, :s, ll, l, Id :- Id :- ll}

1. Ishe woutsvene.
 Tinzwei isu;
 Zvatinopfugama,
 Tiropafadzwe.
2. Nyange muri m'tsvene,
 Ishe wedenga,
 Munotiterera
 Pakunamata
3. Tichiri vaduku,
 Hatina simba;
 Titungamirei
 Munzira yenyu.
4. Tidzivei pamhosva
 Mazuva ose;
 Yamurai isu
 Tide'mi moga.
5. Zvatinoshovedzwa
 Nemi kudenga,
 Tichazodaira:
 Tauya Ishe.

285

Doh is F

Rusina Mwero
(Kuita nokuimba)

Mudyari

{ld :- .d ld :- .d lt, .d :r .d l}

1. Mudzongeri wakabuda
Kundokusha mbeu dzake.
Wakakusha mbeu dzake
Dzaakanga asarudza.
2. Dzimwe mbeu dzakawira
Pane ivhu romunzira
Dzakatsikwa Idzombeu
Shiri dzikanonga yose.
3. Dzimwe mbeu dzakawira
Muvhu ririparuware
Hadzina kukura mbewu
Muvhu risina zvokudya.
4. Dzimwe mbeu dzakawira
Muvhu rakamera minzwa
Minzwa ikakura nadzo
Minzwa ikavhunga mbeu.
5. Dzimwe mbeu dzakawira
Muvhu riya rakanaka
Dzamera dzakabereka
Zvibereko zvine zana.
6. Mbeu ishoko raMwari
Mwoyo wangu ndiro ivhu
Mwoyo wangu ubereke
Zvibereko zvamazana.
7. Baba ngandidzivirirwe
Kune mhandu dzomunyika
Ndivewo anobereka
Zvibereko zvamazana.

286

(Nd. 384)

Doh is F

8.8.8.8

Holly

{lm :re .m ld :m lr .m :f .s lm :- l}

1. Mati imi Baba wedu
Pakusika kwenyu vanhu,
Makavasika vaviri,
Murume nomunhukadzi.
2. Makariburitsa izwi;
Munhu ngaasiye baba
Agare nom'kadzi wake,
Vave nyama imwe chete.
3. Naivava vatsva vedu
Murume nomusikana
Vauya kusvitswa pano
Seyo tsika ye'zwi renyu.
4. Vaitei vave mumwe
Nokubvuma nokuita;
Vati pakugara kwavo
Vayamurane norudo.
5. Vasimbaradzei Baba
Vaibate nzira yenyu
Pamakore avo ose
Vachengetwe nemi Baba

287

Doh is E flat 11.10.11.10 Spean
 {Im :- Id :l, ls, :-ld :m ls :-lf :r ld :-lt, :-ll}

1. Mwari worudo, rudo rwakakwana
 Topfugama paterone yenyu
 Tichikumbirira ava vaviri
 Vave norudo rusingapere.
2. Mwari wo'penyu wakakwana chose
 Vasimbisisei murutendo;
 Vapei mwoyo inoshingirira
 Isingatye kurwadza nokufa.
3. Panhamo dzavo vapei rufaro,
 Norunyararo padambudziko;
 Ngavarindire musi unouya
 Musi worudo rusingapere.

Copyright: by permission of Oxford University Press

288

Doh is A 8.6.8.6 Byzantium
 { :s ls :d'.t ll :s lf :s.f lm : }

1. Ishe! Iko ku kusvitswa
 Kwavaranda venyu;
 Ngavakomborerwe nemi
 Nokuvapo kwenyu.
2. Ngavasanganiswe nemi
 Vafadziswe nemi,
 Vaite mumwe kwamuri
 Vanzwe rudo rwenyu.
3. Hatikumbire rufaro
 Rusina maturo,
 Rukomborerwa rwaBaba
 Tovakumbirira.
4. Mune dzose nzira dzavo
 Ngavabvume imi;
 Pakufamba kose kwavo
 Kugadzirwe nemi.

289

Doh is C

8.8.8.8

Mangwanani

{Is :m' .r' ld' :- Is :s .m lr :- l}

1. Mangwanani zvinhu zvose
Zvinovonga imi Ishe;
Imi muno 'penyu hwose,
Nesu takachengwa nemi.
2. Hero zuva rinobuda
Richifamba nzira yaro;
Naro rinotizivisa
Kuti muri Ishe waro.
3. Nokusvika kwoyo musi
Kwava nokuyedza kwawo;
Hoyu! Nawo unoreva,
Hunzi, muri Muiti wawo.
4. Namatenga akakomba,
Amire neminamato,
Naiwo anodzidzisa
Achiti, Muri muchengi.
5. Zvose zvinhu zvatarira,
Imi kose kudya kwazvo;
Zvinenge zvinokumbira
Kwamuri, Musiki wazvo.
6. Tinogoti Baba wedu,
Imi tinokuvongai,
Imi M'sununguri wedu,
Nemiwo Mweya Mutsvene.

290

Doh is A 7.7.7.7.7.7.7.7 Dix
 {ld :t. .d lr :d lf :f lm :- ll}

1. Denga rizere nemi
 Kristu Mwenje mukuru,
 Zuva rokururama
 Rima rakundwa nemi;
 Nyamatsatsi, budai
 Yedzera mwoyo wangu.
2. Handingafumofara
 Kana musipo imi;
 Rufaro haruvepo
 Kudzamara musvike;
 Kana mandiyedzera
 Ndinofara zvikuru.
3. Vheneka mwoyo wangu
 Rima rangu ritandwe;
 Ndizadzwe noutsvene,
 Kutya kugoparadzwa;
 Mundiyezere kwazvo
 Kuve samasikati.

291

Doh is F 8.6.8.6 Winchester Old
 { :d lm :- .m lr :d lf :f lm ll}

1. Zuva rabuda kakare
 Tinonamatazve,
 Kuti kupenya kwaMwari
 Kutitungamire.
2. Tisatsaukane naMwari
 Nenzira yezvivi;
 Titaure chokwadi chete,
 Tizere norudo.
3. Tiyamureiwo Kristu
 Musi wose uno,
 Pakunyengedza kwaSatani
 Kunotikombera.
4. Tinoda kukudza imi
 Namabasa edu;
 Kana atangiswa nemi
 Angabudirire.
5. Ngatizvibatei, Mwari,
 Tirege kukundwa
 Nokukanuka kwenyama
 Kwakaipa kwazvo.
6. Ngakuve ruropafadzo
 Kuna Mwari Baba
 Nokuna Mwanakomana,
 NoMweya Mutsvene.

292

Doh is E flat 8.8.8.8 Samson
 { :d lm :-f ls :m ll :t ld' : }

1. Muka mweya wangu, famba
Enda kundoita basa;
Rasa nungo dzako, muka
Inguva yokuteura.
2. Upfidze kukanganisa
Nhasi uno uchenjere,
Ushandise matarenda
Sezva uchiri mupenyu.
3. Taura mazwi echokwadi
Uve nomwoyo mutsvene;
Mwari anoona zvose
Pfungwa nezviito zvako.
4. Muka mwoyo wangu, fara,
Imba pamwe nengirozi,
Dzinoramba dzichiimba
Dzichikurumbidza Mwari.
5. Rukurumbidzo ngaruve
Kwamuri Ishe wedenga,
Mandichengeta usiku
Mandipamhidzira simba.
6. Ndauyazve kuzopika
Tive nechitenderano;
Chengai pfungwa dzangu dzose
Ndizadzwe nomweya wenyu.
7. Nditungamirei nhasi
Pabasa randinoita,
Muzvifungo namashoko
Ndikukudzei nazvose.
- . Mwari mupi wezvitsvene
Ngaarumbidzwe nazvose;
Rumbidzai vokudenga
Baba, Mwana, naye Mweya.

293

(Nd. 377)

Doh is E flat 10.10.10.10

Eventide

{Im :-lm :r ld :-ls :-ll :s ls :f lm :- l- :- ll}

1. Garai neni! Zuva radoka;
Rima rasvika; garai neni!
Vamwe vayamuri vakoniwa
Ishe Muyamuri, garai neni.
2. Ndinokutsvakai nguva dzose;
Ngoni dzenyu dzokunda muedzi;
Ndimi chete nhungamiri yangu,
Parima, pachena, garai neni.
3. Handitye kana muri pedyo;
Nhamo haireme, handicheme;
Rufu kukunda kwako kuripi?
Ndokunda kana mugere neni.
4. Misai muchinjikwa ndotandadza;
Ndivhenekerwe kuti ndione
Kuyedza kunogouya zvino;
Mu'penyu, murufu, garai neni.

294

Doh is A flat 8.8.8.8 Mununuri
 {l : s, .d lm :- .r :d .s, lt, .l, :- l}

1. Ndinokukurumbidzai,
Mwari mukuru, mauro ano;
Ndivhumbamirwe sehuku,
Nawo mapapiro enyu,
2. Ndiregererei Baba,
Nenzira yaJesu Kristu,
Zvose zvakaipa zvangu
Zvandaita musi uno.
3. Ndidzidzisei Jehovha.
Ndigere pano panyika,
Ndisingatye kufa uku
Kunouya mumwe musi.
4. Mweya wangu ngaugare
Uve nemi pane rima,
Ngandirinde zvakanaka
Kuti ndimuke nesimba.
5. Kana ndashayiwa hope
Ndipei pfungwa dzedenga;
Zvibve kwandiri zviroto
Zvakaipa zvousiku.
6. Ngandimire nguva dzose
Ndakabata mwenje wangu,
Ndifare kuona denga
Kana rufu ruchisvika.
7. Mukurumbira kwamuri
Unoratidzwa nemwenje,
Nomwenje wakabatidzwa
Ndimirire ushe hwenyu.
8. Mwari, mupi wezvitsvene,
Ngaarumbidzwe nazvose;
Rumbidzai vokudenga,
Baba, Mwana, naye Mweya.

295

Doh is F 10.10.10.10 Toulon
 {ld :-lr :m lf :-lm :-lr :d ld :t, ld :-l-:- ll}

1. Ishe imi mandisimbaradza
 Masikati pakudikitira,
 Garai neni zuva radoka
 Muve neni kakare usiku.
2. Kana mwoyo uchinge waneta,
 Izwi renyu rinondizorodza;
 Taurai izwi rorufaro,
 Riropafadze, rindinyaradze.
3. Kana muchinditara maurano,
 Ndaropafadzwa Jehovha Ishe;
 Kana ndinemi zuva ravira,
 Handidi chimwe chokukwanisa.
4. Uyai She muve mweni wangu
 Shure kwebesanwa nhasi uno,
 Ndipei rufaro nezororo,
 Ruponiso noruregerero.
5. Rapai maronda, nezvirwere
 Zvauya kwandiri musi uno,
 Kuti ndirege kugungudzika,
 Ndizorore pane mwoyo wenyu.

296

Doh is E flat 8.8.8.8 Angelus
 { :d ld :- :r Im :fe :s :- :fe ls :- ll }

1. Mumwe musu ava mauro,
 Varwere vakaungana,
 Panyasi paJesu Ishe,
 Vakaenda norufaro.

2. Nanhasi isu tauya,
 Tosedera nezvirwere;
 Mumhu wenyu hatione,
 Toziva kuti muripo.

3. Tandai madzudzo edu;
 Vamwe vanorwara kwazvo;
 Vamwe havanyatsokudai;
 Vamwe vakarasa rudo.

4. Vamwe vakaneta pano,
 Vakashaya ruyamuro;
 Vamwe vane hama dzavo
 Dzinovatambudza kwazvo.

5. Vose vanoda zororo,
 Vanoda ruregerero;
 Vanoda kukushandirai
 Tonzwa kuipa mumwoyo.

6. Kristu imi muri Munhu,
 Makamboedzwa zvikuru;
 Meso enyu anoona
 Zvatinotsvaka kuvanza.

7. Simba renyu richigere;
 Hamuna zvinokundika.
 Tinzweiwo maurano
 Tirapwe netsitsi dzenyu.

297

Doh is E flat 8.8.8.8 Saxby
 {lm :m :m lr lr :- :d ld :- :t, ld :- :- l}

1. Mwari Baba, muve nesu,
 Mutichengete usiku
 Mutiite vana venyu,
 Parima tivhenekerwe

2. Jesu, runyararo rvedu,
 Bvisai zvakaipa zvedu;
 Revai dama, tinunurwe,
 Parima tivhenekerwe.

3. Mweya douyai kwatiri,
 Titsvenisei usiku;
 Mwoyo ive musha wenyu,
 Parima tivhenekerwe.

4. Vatatumumwe sederai;
 Ivai nesu paupenyu,
 Ivai nesu napakufa;
 Parima tivhenekerwe.

298

Doh is B flat 8.6.8.6 Lucius
 { :s, ls, .m, :d :t, lt, .l :l, : }

1. Kudzai Mwari mukuru!
 Rumbidzai mose!
 Wakatipa gore idzva
 Ngaakurumbidzwe.

2. Wakatichengeta lye
 Gore rapfuura;
 Tose tiri mberi kwake,
 Nezvipiko zvedu.

3. Tinokuvongai Baba
 Nedzo tsitsi dzenyu
 Tinozvipira kwamuri
 Nayo mwoyo yedu.

4. Toda kukurumbidzai
 Namabasa edu
 Toda kutevera Jesu
 Tiende kudenga.

5. Dzose nguva dzatinadzo
 Dzive dzenyu Ishe;
 Namasimba edu ose
 Apirwe kwamuri.

299

Doh is F 12.12.12.12 Wauya
 { :s, ld :m :- .dll, :f :m .,r ld :t, :- .r lr :d }

1. Mvura yazonaya, chipo chenyu Baba,
Musiki wazvose kudenga napasi;
Panguva yapera takamhura isu;
Mvura yanonoka, Mwari wakanganwa
2. Torima nesimba rinobva kwamuri,
Tirere kuhope zvodiridzwa nemi,
Tose tinorerwa mweya nomuviri,
Narwo rudo rwenyu rusingasarudze.
3. Munotipa chando pamwaka wegore,
Kotevera zuva, koita makore;
Todyara mbeu dzamakatipa zvino.
Murongi mukuru, Musiki wazvose.
4. Makasika zvose, nyenyedzi kudenga,
Nzizi, namakomo, masvosve neshiri;
Tipei kutenda, tipire kwamuri
Zvose zvapanyika, miviri nemweya.
5. Jesu wozokohwa nemhuri yedenga,
Ngative mukati medura raMwari,
Tiri vanorerwa murudo rwaJesu,
Vadyi venhaka pamwe naye kudenga.

300 (Nd. 391)

Doh is E flat 8.6.8.6 St Peter
 { s Id' :t ll :s ls :f lm : }

1. Ishe Baba titairei,
Nedzo tsitsi dzenyu,
Isu tese tasangana
Tiri mberi kwenyu.
2. Inzwai kuchema kwedu
Tinosuwa kwazvo;
Onai kushaya kwedu
Tiitirei tsitsi.
3. Nyika yose yakaoma
Nokuoma uku,
Heyi mhuri ine nzara
Zvose zvinopera.
4. Tiitirei tsitsi She
Tinovimba nemi;
Tokumbira mvura zvino
Kunyorozva pasi.

302

Doh is G 7.7.7.7.7.7.7 St George
 {Im :- .m ls :m ld :r Im :- ll}

1. Uyai, vanhu, tiimbe
 Rwiyo rwapamasutso;
 Zviyo zvose zvachekwa,
 Takakohwa muminda;
 Jehovha wakatipa
 Zvose zvatinoshaya;
 Uyai kumba yake,
 Ngatimukurumbidze.

2. Tiri munda waMwari,
 Anotsvaka kwatiri
 Zviyo zvakanakisa
 Zvibve mumwoyo yedu;
 Mapumhuri nehura,
 Shure kwezvo zvoibva,
 Ishe tinoda kuva
 Zviyo zvakanakisa.

3. Nokuti Mwari wedu
 Achauya kucheka,
 Achapisa nomoto
 Sawi rose romunda;
 Achatuma kumunda
 Nhume dzake dzedenga
 Kuzoisa zvokudya
 Mudura rake guru.

4. Nazvino uyai She
 Kohwai zviyo zvenyu;
 Kukurai vatendi,
 Vabvisei muzvivi;
 Muvatsvenise chose
 Vave mudura renyu;
 Uyai nengirozi,
 Uyai, Ishe Jesu.

303

Doh is E flat 8.8.8.8 Williams
 { .s :s .f lm :- .m :m .r ld : }

1. Hongu, Mwari wakanaka;
 Panyika napamakungwa
 Kuna mazwi anorira
 Kuti Mwari wakanaka.

2. Nero zuva rovheneka
 Rofuka pasi nechedza,
 Nenyenyedzi dzenge dzoti:
 Idi Mwari wakanaka.

3. Neshiriwo dzinorira
 Nemvura yomunhuruka,
 Nomwando wofefetera,
 Zvoti: Mwari wakanaka.

4. Ndinozvinzwawo nemhepo,
 Pamwe nomo mumakomo,
 Nechadenga chotaura,
 Zvoti: Mwari wakanaka.

5. Zvose zvisikwa zvodaro;
 Takasikwa naNyadenga;
 Nomunhuwo arumbidze,
 Ati: Mwari wakanaka,

6. Nezvi zvipo zvenyu Ishe,
 Zvikuru kudya kwedenga
 Kwengoni neshoko zvoti,
 Titi: Mwari wakanaka.

304

Doh is F

8.8.8.8

Chimanza

{l : :d .r lm :- : flm .r :d lr :- :d.tld :- : }

1. Tinokutendai Baba
Nemvura yamunotipa
Inokudza mbeu dzedu,
Tinokohwa nokufara.
2. Panguva yomunhuruka
Tinorima minda yedu,
Tichidyara mbeu dzose
Dzinochengwa nemi Baba.
3. Dakara nguva isvike
Zvose zvaibva muminda,
Tigokohwa zvakawanda
Mapfunde, zvose nezviyo.
4. Tinokuomberai Baba
Norudo rwenyu rukuru
Ruripo rini narini
Kumazuva namakore.
5. Uyai vanhu tiimbe
Rwiyo rwokukudza Baba
Titende zvipo zvikuru
Zvatakakohwa muminda.

305

Doh is A

8.6.8.6

Evan

{ :s, ls, .d :m :r ld .l, :s, : }

1. Tokupai zvino Baba,
Iyi imba yenyu,
Yatakakuvakirai,
Igamuchirei.
2. Vamwe vakadikitira,
Pakuvakwa kwayo,
Vamwe vakabisa zvipo
Zvokuivakisa.
3. Ngatiropafadzwe muno
Nokuvapo kwenyu,
Vatadzi varopafadzwe
Nokunatsa kwenyu.
4. Komborerai vapinda
Vonamata muno,
Mukomborere navana,
Vave mhuri yenyu.

306

Doh is A 9.7.9.7.7.8.9.7 A little ship
 {s, :m:-lr: d;t ll,: s,;- lf,: m,;- ld:l, :dlr :d:-lt :d:- l}

1. Zuva ranhasi Ishe wedu
 Tinokudza chose
 Nokuti imi matsaura
 Hwayana dzenyu Baba
 Kuti isuwo vana
 Togopa humbowo tose
 Hwokuti ivo vana voga
 Vazvipira kushanda.

2. Baba samasimba musiki
 Ropafadzai vana
 Vazvipira savashandiri
 Vachazomuimbirai
 Isu hatina simba
 Rokuchengeta chipo
 Asi tinovimba naMwari
 Mharidzo ichafamba.

3. Vamwe makavapa zvipo'zvo
 Zvokuita basaro
 Asi vamwe havambogona
 Kuona tarendaro
 Vamwe vanoparidza
 Vamwe vachidzidzisa
 Vamwe vanorapa zvirwere
 Nhasi ava vaimbi.

4. Titsigisei mukumuzivai
 Tigowanawo simba
 Rokukunda muedzi Satani
 Ari pakati pedu
 Ishe nyakusika Baba
 Tatenda rubatsiro'rwo
 Zvotoenda kudzimba dzedu
 Mutichengete imi.

307

Doh is F

8.8.8.8

Ukunxusa

{ Im.m:r .ml f: m lm:rl d: -l }

1. Jesu ini ndasarudza
Somukomana ane shungu
Kushandira Tenzi wangu
Mabasa pazera rangu.
2. Pakugamuchira kwangu
Rupawo rweboka iri
Ravakomana muSvondo
Ndasarudza gwara renyu.
3. Ndasarudza ndazvipira
Kushanda nesimba rose
Ndokumbira kurairwa
Kuda kwenyu ndikuite
4. Hupenyu hwangu She Jesu
Ngahupupure chokwadi
Mururimi namabasa
Rudo rwenyu ndiparidze.
5. Jekesai kuda kwenyu,
Ndishande mubindu renyu,
Ndimi Jesu simba rangu,
M'enzaniso, Musimboti.

308

Doh is G

8.6.8.6

Masuku

{ s,l d:- Im. d: ml:- rl d:- ll, :s, :-l }

1. Mwari Baba samasimba
Tinokukudzayi
Imi makatipa chipo
Chokukuimbirai
2. Hezvi nhasi tasangana
Mubasa guru sei
Rokupfekedza vaimbi
Nokuvasimbisa
3. Ichi chipfeko ndechenyu
Ngachiropafadzwe
Chishandiswe basa renyu
Mukumurumbidzai
4. Chiropafadzai vana
Vazvipira nhasi
Vashandise tarendaro
Vachikuimbirai
5. Ngakuti Mweya Mutsvene
Uvafudze vose
Vagoparidza nenziyo
Marudzi apone.

309

Doh is A 8.8.8.8 M.B. Masuku
 { ls, : m, :s, l d :-:- ld:t, :s, ll , :-:- }

1. Nhasi tose taungana
 Kuti titsidze kwamuri
 Mwari wedu wechokwadi
 Nyasha dzenyu dzakakomba.

2. Hava vana vazvipira
 Kuti vaparidze shoko
 Vachishandisa tarenda
 Iri ravo rokuimba.

3. Vavengi vazhinji kwazvo
 Vangade kuvarasisa
 Konzai kuti vabate
 Chipa ichi chamavapa.

4. Zvino vava kuzopfeka
 Hanzu idzi dzemachira
 Asi mwoyo yavo Ishe
 Ngaipfeke imi Baba

310

Doh is G R. Vaughan Williams 1872
MHB 832

{:s lm :r ld :-l-: s,ll, :d \r: s,lm: -l-ll }

1. Nevatsvene avo vazorora
Vakarumbidza namabasa
Zita raJesu kusingapere
Ha-areruya! Ha-reruya!
2. Ndimi dombo, bako, namasimba
Mbirimi yavo muhondo huru
Murima guru imi mwenje wavo
Ha-areruya! Ha-reruya!
3. Varwi venyu, vakarwa nesimba
Savo varwi vazorora nemi
Vawanewo ngundu yavo vakundi
Ha-areruya! Ha-reruya!
4. Ruwadzano rwakaropafadzwa
Toshinga vatsvene vachibwinya
Vose pamwe vose ndevenyu
Ha-areruya! Ha-reruya!
5. Kana kurwa kwaremesa kwazvo
Tonzwa kure nziyo dzokukunda
Mwoyo yosimba kwazvo
Ha-areruya! Ha-reruya!
6. Runako rwekudoka kwezuya
Kuzorora kwevari vakundi
Nerunyararo muParadhisi
Ha-areruya! Ha-reruya!
7. Kozosvika kubwinya kwezuya
Vakundi nenguwo dzinobwinya
Mbiri kuna Baba, Mwana Mweya
Ha-areruya! Ha-reruya!

8. Nyika Yose pamwe nemakungwa
Nzizi nezvisikwa zvorumbidza
Mbiri kuna Mwari, vatatu'mwe
Ha-areruya! Ha-reruya! 311

MAKORASI

311

Doh is F Hursley
{ld :d :dld :t, :d lr :m :r ld :- :- l}

Tiri mberi kwenyu Ishe
Chibatai pfungwa dzedu,
Tidzidze zvakarurama,
Tizvipire basa renyu.

312

Doh is F Near the cross
{lm :- :s ls :- :- lf :- :l ll :- :- l}

Tarisa, tarisa
Mutarise Jesu;
Siya zvole zvenyika.
Mutarise Jesu.

313

Doh is G Jesu ari pano
{lf :- :f lf :- :f lf :- :- lm :- :- l}

Jesu ari pano
Usamukanganwe,
Shamwari yakanaka
Anokutungamira.

314

Doh is F
{l .d :r .m lf .l, :l, l- .d :t, .l ls, .,d :m :- . : }

Hama yandinayo,
Ndiye Jesu Kristu,
Anosedera kukomborera;

Ndofamba pamberi
Naye muponisi,
Nengoni dzake ndichiimba.

312

315

Doh is F Joy, joy, joy
{Im :m Im :- .r ld .s, :d .m ll :s l}

Rufaro ruri mumwoyo wangu,
Rufaro ndanzwa rudo rwake,
Zvivi zvaregererwa,
Ndinonanga kudenga,
Mwoyo unofashaira norufaro.

316

Doh is A flat In my heart
{ls :f Im :r ld-.r :m -.d ls, :s, l}

Mwoyo wangu unofara sei!
Jesu anondida,
Ndingavonge sei!
Mwoyo wangu unofara sei!
Unofarisisa sei!
Jesu zita rake
Rakanakisa,
Rinondifarisa
Ndofamba ndichiimba.

317

Doh is A flat A little ship
{ :s ld' :- :d' ld' .t :l ls :- :f Im :- : }

Jesu haanakuuya
Kuzotonga nyika,
Wakauya kuzotsvaka
Vatadzi vapasi;
Tinom'tumidza Ishe
NoMuponisi wedu